**O’ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M WORTA ARNAWLI BİLİM MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

**SOCİALLIQ PA’NLER KAFEDRASI**

Tariyx h’a’m h’uqıq fakulteti 4-kurs filosofiya qa’nigeliginin’ studenti Xudaybergenova Aynuranın’ pitkeriw qa’nigelik jumısı

# Tema: Adam o’mirinin’ maqseti h’a’m ma’nisi probleması

İlimiy basshı: ______________________ f.i.k.doc.Alimbetov YU.

qolı

Kafedra baslıg’ı: ______________________ f.i.d.Berdimuratova A.K.

qolı

**No’kis -2014**

## JOBASI:

**KİRİSİW**

**I BAP Adam o’miri maqseti h’a’m ma’nisinin’ teoriyalıq-metodologiyalıq tiykarları.**

**1.1. Adam o’mirinin’ maqseti h’a’m ma’nisinin’ sotsiallıq-filosofiyalıq analizdin’ obekti sıpatında.**

**1.2. Adamnın’ h’a’r ta’repleme rawajlanıwı h’a’m o’mirdin’ maqseti, ma’nisi.**

**II-BAP Adamnın’ h’a’r ta’repleme rawajlanıwının’ faktorları.**

**2.1. Jeke adamnın’ o’zin-o’zi a’melge asırıwı o’mirdin’ maqseti h’a’m ma’nisinin’ quramlas bo’legi sıpatında.**

**2.2. Jeke adamnın’ o’zin-o’zi tastıyqlawı h’a’m onın’o’zin-o’zi a’melge asırıwının’ nızamlı dawamı ma’selesi.**

**JUWMAQLAW**

**PAYDALANG’AN A’DEBİYATLAR DİZİMİ**

## Кирисиў

Ҳәр бир адам ерте ме, кеш пе, өмирдиң мақсети, мәниси туўралы ойланады, көп толғанысларға түседи. Өтмиш, бүгинги ҳәм ертеңгиниң байланысы ондағы өзеклик линия, идеал ҳәм реаллық, өмир ҳәм өлим ҳ.т.б мәселелер адамды жүдә ойландырады. Бул бир жағынан тәбийий де. Ахыры адам булардың ҳәммесин, ҳәттеки өлимди, өзиниң өлимин ҳәм саналы аңлайтуғын бирден-бир мақлуқат болып табылады.

Инсан өмириниң мақсети ҳәм мәниси проблемасы туўралы пикирлеўлер пүткил адамзат ойы арқалы әсирлерден әсирлерге келип жетпекте. Жержүзлик философияның раўажланыўы тарийхында мәселен, инсан өмириниң мақсети, мәниси туўралы пикирлеў жүргизбеген ойшыл жоқ. Бул пикирлеўлердиң ҳәр биринде өмирдиң мақсетиниң мәлим тәреплери ашылады. Олардагы гейбир пикирлер бираз абстракт характерде болыўын яки адамның жетилиўин тек ғана билимлендириў, мораль менен шеклеп қойыўларға ҳ.т.б қарамастан, белгили дәрежеде билиўлик потенциалға ийе. Оның үстине, олардағы идеологиялық жүклеме де бирдей емес. Сонда ҳәм бурынғы Аўқам тусындағы жарық көрген мийнетлерде бул жағы жүдә басым. Ҳәттеки «инсан – мийнеттиң субъекти», «инсан – мийнет ресурсы» сыяқлы сөз дизбеклерине ол дәўирде көбирек пәт бериле бергенинен ақ соны түсиниў мүмкин, адамның дүньяны жаратыўшылық роли кейин серпилди. Ол шуйге айналды.

Ғәрезсизлик шарапаты менен, оның гуманистлик позициясына ылайық адамды жоқары дәрежеде биосоциаллық мақлуқат сыпатында түсиндириў имканияты жүзеге келди хәм практикада адам моделине тарийхый процесс субъекти сыпатында қараў талап етиледи. Бул көз-қарас тийкарынан адам проблемасының ҳәмме тәреплери, соның ишинде дәстүрий тәрбия мәселеси де қаралыўы тийис. Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримов тастыйқлағанындай-ақ, тәлим ҳәм тәрбияның пүткил процесин инсанпәрўарлық идеясына бойсындырыў зәрүр.[1]

[1] Қараңыз: Каримов И. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. 5-жилд. Тошкент, 1997. 120-б.

Ғәрезсиз раўажланыў тусында жәмийетлик турмыстың ҳәмме сфералары бойынша түпкиликли өзгерислердиң ҳәммеси де инсан мәплери, ҳуқық ҳәм еркинликлерине бағдарланған. Бул инсанның шын мәнисинде социаллық қатнаслардың объектинен субъектине, әсиресе өндиристиң қуралынан мақсетине, қулласы тарийхый процессти жаратыўшыға, оның субъектине айналыўы адам өмири мақсети ҳәм мәнисиниң өзеклик линиясы болыўы талап етиледи.

Журтбасымыз ҳәр жылы 9-майда Еслеў ҳәм қәдирлеў күни Еслеў майданында ҳәсиретли ана ҳәйкели алдында ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен сәўбетинде инсан проблемасына итибарын қаратады. Усы быйыл, 2014-жыл 9-май күни ҳәм ғалаба хабар қураллары ўәкиллери менен сәўбетинде ғәрезсизлик тусында өмирдиң мақсети ҳәм мәнисине байланыслы адамларымыздың ой-пикириниң қаншелли дәрежеде өзгерип қалғанлығын айтты. «Мениң исенимим кәмил-артымызға қарап, қалыс баҳа бериўимиз керек. Биз кеширген өмир аңсат болған жоқ. Биз бурын өтпеген үлкен турмыс мектебинен өттик. Бүгинги адамларымыз, олардың дүнья қарасы, сана-сезими, сиясий ҳәм социаллық белсендилиги, турмыстың мәнисин түсиниўи әтирапымыздағы жағдайдың өзгерип баратырғаны бүгин ҳәр қәдемде көзге түспекте.

Әпиўайы етип айтқанда, бүгинги пуқараларымыз, бүгинги инсанлар менен 90-жыллардағы адамлар арасында жер менен аспандай парық бар десек, бул да ҳақыйқат».[2]

Оның үстине, ертеңги күнге күшли исеним менен жасап атырғанлығымызды тағы бир мәртебе нәзер таслар екенбиз, бул процестеги жасларымыздың орны ҳәм ролин түсиниў жүдә ҳәм әҳмийетли хәм бул бойынша Журтбасымыздың сәўбет пайтында айтқаны: «Әсиресе жасларымыз, перзентлеримиздиң жанып турған көзлери, күш-ғайраты, билимге қуштарлығы, дүньяда ҳеш кимнен кем болмайман деген ҳәрекетин

[2] Қараңыз: Тынышлық ҳәм татыўлық – елимиз раўажланыўының ҳәм халқымыз пәраўанлығының тийкары // Еркин Қарақалпақстан. 2014-жыл, 13-май.

айқын келешегимиздиң, жақсы нийетлерге ерисиўдин тийкарғы факторы ҳәм гиреўи деп билемиз»[3]

Усылардың ҳәммесин есапқа ала отырып, өмирдиң мақсети хәм мәниси мәселелериниң қаншелли дәрежеде ҳәм практикалық ҳәм теориялық аспектте зәрүрлигин аңлаймыз. Әсиресе инсан өмириниң мақсетин, мәнисин түсиниўдиң бирден-бир ғана жолы оның өзин-өзи әмелге асырыўының тарийхый процесстеги орнын ҳәм ролин аңлаўға барып тиреледи. Соның ушын да идеалда ҳәр бир адамның өз уқып, дөретиўшилик имканиятларын, руўҳый байлығын келешек өмир ушын, оның гүллениўи ҳәм инсан ийгилигине, бахтына қаратылыўында оның өмириниң мақсети ҳәм мәниси бар. Инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўы хәм өзин-өзи әмелге асырыўы менен ғана жәмийетлик ҳәм жеке мәплердиң ушласыўына, инсан өмириниң мақсети ҳәм мәнисине ерисиў мүмкин.

**Проблеманың изертлениў дәрежеси**

Адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселеси адам проблемасының шегарасындағы бирқанша мийнетлердиң изертлеў объектине айналған. Айтыў керек, олардың ишинде бурынғы Аўқам тусындағы идеологиялық жүклемеге ийелери ҳәм бар. Олардың тийкарғы тужырымларында буйрықпазлық-басқарыўшылық методтың қысымы сезимли дәрежеде. Сонда ҳәм айрымларындағы гносеологиялық потенциалдың салмақлылығын нәзерде тутыў орынлы болса керек. Оның үстине, бирпара авторлар рәсмий көрсетпеге оншелли бас ийе берместен, өзлериниң пикирлерин айтып жеткизиўге күш салған.[4]

Адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселесин улыўма адам проблемасы контекстинде қарап, бул мәселени тиккелей марксистлик-ленинлик тәлийматтың тар шеңберинде изертлеўдиң ҳәм практикалық ҳәм илимий бағдарларда нәтийже бермей атырғанлығын, усы себепли жаңа

[3] Сонда
[4] Қараңыз:Тугаринов В.П. Личность и общество М., 1965; Ананьев Б-Г Человек как предмет познания. Л., 1969; Ильенков Что же такое личность // С чего - начинается личность. М., 1983.

парадигмаларға таяныў зәрүрлигине тийкарланған мийнетлер ҳәм бар. Олар көбинше бурынғы Аўқамның тарқаў қарсаңында тарқап, халықлардың өз ғәрезсилигине ерисиўи процесинде жәрияланған мийнетлер.[5]

Бурынғы Аўқам тарқап, оның қурамындағы халықлар өз ғәрезсизлигине ийе болыўдан баслап та көп ғана мийнетлер жарық көре баслады, диссертациялар жақланды ҳ.т.б.[6]

Адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселеси ғәрезсиз елимиз алымларының бирқанша мийнетлеринде қаралады.[7]

Сондай-ақ 1988-жылы 21-27 август аралығында болып өткен жержүзлик философиялық конгресс ҳәм тиккелей усы мәселеге арналды. Оның материалларының мәлим бөлеги «Вопросы философии» журналында жәрияланды.[8]

Ғәрезсил елимиз өткизилген халықаралық ҳәм республикалық масштабтағы илимий-теориялық конференция материалында да бул мәселе талқылаўлардың объекти болады.[9]

Әлбетте бул жумыслардың баҳалылығын олардағы рационаллықтың моллығын ҳеш ҳәм бийкарламастан, соны айтыўымыз керек, адам мақсети ҳәм мәниси проблемасын қараў көбирек этикалық-моральлық аспектти қамтыса, бирпараларында мәселеге түсиниклик дәрежеде қараўға пәт

---

[5] Крутова О.Н. Проблема человека в социальной философии М., Наука. 1990; Бутенко А.П. Природа культа и характер личности // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990 с 133-149; Фролов И.Т. Возвращение к человеку // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990 с.10-17. Трубников Н.Н. Проспект книги о смысл жизни // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990. с.425-447; Джахая Л.Г.Мир человека и человек в мире в сфере нового философского мышления // Философские науки 1990. Гайда А.В. Китаев В.В. Власть и человек // Философские науки 1990 №4; Степанянц Н.Г. Человек в традиционном обществе // Вопросы философии 1991 №3.

[6] Қараңыз: Инговатов В.Ю. Смысл человеческого существования опыт философии нравственности Барнаул. Изд-во Алтайского государственного технического университета 2000; Иконников Н.И. Бытие человека как целостная система М., 2004. Автореферат; Мясникова Л.А. Тайна и смысл индивидуального бытия. Екатеринбург Изд-во Уральского университет 1993; Полубабкина Самореализация личности. М., 1995. Баранов В.Е. Философия личностного бытия СПБ. Изд-во во СпБПгУ 2008.

[7] Чориев А. Инсон фалсафаси Т.2007. с.140-151; Философско-педагогический подход к развитию целостности человека // Общественные науки в Узбекистане 1993 №2. Отабаев Ш. Инсон ва биосфера. Т.1995; Мирзаева Д.А. Актуальность воспитания гармонично развитого поколения в процессе глобализация // Общественные науки в Узбекистане 2011 №3; Алимбетов Ю. Адам философиялық проблема сыпатында. Н.2009. Ниязымбетов М. Инсон – мақсад моделининг жамият тараққиётидаги ўрни // ҚМУ дың Хабаршысы. 2009. 81-84 б.

[8] Қараңыз: Вопросы философии 1987 32: Ю.В. Бромлей, Спирин Е.А. Е.Н.Казначаев, А.Н.Карпинская Р.С.Собкин, В.С. Филиппов мақалалары; «Вопросы философии» 1989 №2: И.Г.Фролов, И.Т.Дизерман, П.И.Агаций, Э.Хабермас, Ю.Риккер мақалалары.

[9] Фалсафа ва фанлар методологияси Омонулла Файзуллаев илмий назария ўқишлари материаллари Т.2013; Миллий ғәрезизлик идеясы: перспективалар ҳәм машқалалар. Н., 2005; Миллий ғоя-бизнинг ғоя. Андижон.2006; Материалы международной научно-практической конференции студентов, молодых ученых аспирантов, преподователей «Мир науки и духовной культуры в современных условиях, посвященной году молодежи в республике Узбекистан» Н., 2008; Олий таълим тизимида илм-фан хамкорлигининг долзарб масалалари. Навои. 2013.

берилле берип, оны тарийхый процестиң контекстинде қараў мәселеси бираз үстиртинлеў халда болады. Нәтийжеде инсанның хәртәреплеме раўажланыўы, оның өзин-өзи әмелге асырыўы, өзин-өзи тастыйқлаўы мәселелерине дыккат кемирек болып, адам мақсети ҳәм мәнисиниң тийкары өзиниң мәнисин ашыў дыққаттан шетлеў турады. Буны арнаўлы түрде қараў талап етиледи.

**Жумыстың мақсети** адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселесин социаллық-философиялық аспектте анализлеў. Бул мақсетти әмелге асырыўда қойылған ҳәм мәлим дәрежеде шешимге ийе болған ўазыйпалар: Өмирдиң мақсети ҳәм мәниси мәселесин тарийхый-социаллық аспектте анализлеў.

Адам өмириниң мақсети ҳәм мәнисин адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы сыпатында қараў.

Адамның ҳәртәреплеме раўажланыўын адамның мақсети ҳәм өмири мәниси контекстинде жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўын анықлаў.

Адамның өзин-өзи тастыйқлаўын жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўының факторы ҳәм оның өзин-өзи әмелге асырыўының даўамы сыпатында анализлеў.

**Жумыстың теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары**

Миллий ғәрезсизлик идеясы, ең жоқарғы қәдрият-адам, оның ҳуқықлары ҳәм мәплери, халқымыздың гуманистлик руўҳый-философиялық ҳәм әдеп-икрамлық қәдриятларын тиклеў ҳәм байытыў сәўлеленген Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримовтың мийнетлери, Қарақалпақстан басшылығының ҳүжжетлери, сондай-ақ халкымыздың руўҳый-мәдений қәлиплесиўин үйрениў бойынша объектив, салыстырмалы-системалық конкрет-тарийхый заманагөй теориялық-методологиялық жетисkенликлери Орайлық Азия ойшылларының тәлим-тәрбиялық көз-қараслары.

Жумыстың жазылыў процесинде адам проблемасын изертлеўге байланыслы монографиялық мийнетлер, илимий-журналлық мақалалар, баспа сөз материаллары ҳ.т.б пайдаланылды.

**Жумыстың жаңалығы**мәселеге социаллық-философиялық қатнас ҳәм бул бойынша оны инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўы ҳәм оны тереңлестириўши факторлар – адамның өзин-өзи әмелге асырыўы, өзин-өзи тастыйқлаўы негизинде анализлеў болып табылады.

**Жумыстың практикалық әҳмийети** Мектеп, академиялық лицей, колледжлер окыўшылары ушын руўхыйлық, адам ҳәм жәмийет, эстетика сабақлары бойынша көмекши қурал сыпатында тәрбия ислеринде қолланылыўы мүмкин.

**Жумыс кирисиў, еки бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизминен турады.**

## 1-бап. Адам өмири мақсети ҳәм мәнисиниң теориялық-методологиялық тийкарлары.

### §1. Өмирдиң мақсети ҳәм мәниси

Социаллық-гуманитарлық ой әсиресе философия, соның ишинде антропологиялық философия өмирдиң мақсети ҳәм мәниси туўралы мәселени атлап өте алмаған.

Ҳәр қыйлы философиялық тәлийматларда бул мәселеге байланыслы ҳәр қыйлы қатнас ҳәм жуўмақ бар.

Әййемги Шығыс философиялық ойында-ақ, мәселен ҳинд философиясында адамныңқалай келип шыққанлығына жуўаплар излеўҳәм бул бойынша адамның жанлы мақлуқатлар менен улыўмалыққа тән белгилерин көрсетиў менен бирге оның жәмийетлик-руўҳый келбетине нәзер аўдарыў басым екенлигин аңлаў мумкин. Ахыры әййемги ҳинд әдебиятының естеликлериниң бири болып табылатуғын Ведалардың даўамы Упанишадларда инсанның мәлим шегаралар көлеминде еркинликке умтылыўын оның өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин аңлаўға бағдарланыўы екенлигине гүман жоқ.

Адам проблемасы қытайлы философ ҳәм сиясий искер Конфуций (б.э.ш 551-479) тәлийматында бирден-бир орынды ийелейди. Оның "өзиңе нени қәлемесең, баскаға да оны раўа көрмеўди" зинҳарлаўы ҳәм бунының практикада адамларды кең пейилликке, бирлесиўге шақырыўҳәм аман-есенликте, тынышҳәм парахат өмирге бағдарлаўы ҳәм инсан өмириниң мәнисин тақыйқлаў болады. Соның ушында инсанның"не ушын жасайман?"деген сораўына бирден-бир жуўап тийкар болып алынып қәде жэнь (адамгершилик) атанған.

Сондай-ақ,ол тәрепинен аспан хүкиминиң тәғдир сыпатында түсиндириўлери екен бул өмирдиң мақсети ҳәм мәниси мәселесине қатнаслы өмир ҳәм өлим мәселесине ушласады.

Әййемги грек философиясында адам космостың бир бөлеги сыпатында түсиндириледи ҳәм бул контекстте Протагор (б.э.ш 490-420) адамды ҳәмме нәрсениң өлшеми деп қарайды. Афоризмге айналған бул тужырым адамның дүньяны қалай болса солай кабыллайтуғынлығын аңлатып ғана қоймайды, ал инсанның қәдир-қымбатыныңҳәмме нәрседен жоқары туратуғынлығын, сол себепли адам ушын адамнан артық аңлап билиўге турарлық объект жоқлығын жеке адамныңөмириниң мақсети ҳәм мәнисиниң басқалардыңөмириниң мақсети ҳәм мәниси менен бирлигин түсиниўди нәзерде тутады.

Бул бойынша Демокриттиң (б.э.ш. 460 т) ҳәм адамды тәбияттың бир бөлеги деп караўы менен өмирдиң мақсетин ҳәм мәнисин адамның мәнили жасаўы ҳәм бахытқа жетисиўи менен байланыстырады.[10]

Сократтың (б.э.ш 470-399) “өзиңди өзиң танып бил” деўинде болса, инсан өмириниң мақсети ҳәм мәниси оның өзин-өзи, өзиниң ким екенлигин, өзиниң әдеп-икрамлық мәнисин түсиниўи ҳәм усыған ылайық ғана ис тутыўы улығланады.

Платонда (б.э.ш 427-347) өмирдиң мақсети ҳәм мәниси мәңги идеялар менен байланыстырады ҳәм адамның идеясы сыпатында данышпан философ усынылады. Оның жаны көп саяхатта болғанлығы себепли ондағы билим мол бахалаўы ҳәм хақыйқатлық ғана болады.

Аристотель (б.э.ш 384-322) адамды жәмийетлик мақлуқат (зоон политикои) деп атап, еркин пукараға мүнәсип өмир бул практикалық яғный сиясий ҳәм теориялық билиўлик искерликке толы өмир болатуғынлығын тастыйқлады.

Антикалық философияда адам проблемасын жан-жақлама қараў мәлим салмақлы жуўмақлар жасаўдан гөре оны күнделикли болмыстың талабынан келип шыққан ҳәм практикалық ҳәм теориялық мәселе сыпатында қоя билиўбасым болыўына қарамастан, адамның өмириниң мақсет ҳәм мәнисине мәлим дәрежеде айдынлық енгизе алды.

[10] Философский энциклопедический словарь. М., 1983. 148-б.

Орта әсирлик философиялық ой адамның тийкарын жан, руўх, ал дене болса, жанныңўақытша қабыршағы сыпатында каралар екен, адам өмириниң мақсети руўхқа бағдарланыў болады. Бул жағдай адамның өмир сүриў, жасаўының бас ўазыйпасы сыпатында адамды гүна ислеўге аздыратуғын дене менен жанның, руўхтың мудамы үзликсиз гүресип белгилейди. Фома Аквинский (1226-1274) адамдағы дене менен жанның бирлигин мақуллағаны менен дене оны хайўанға уқсатады, ал жан руўхтың болыўы оны периштелерге жақынлатады дейди. Жуўмақ өзинен-өзи түсиникли: тек руўхқа таянып пикирлеў, ис тутыў ғана инсан өмириниң өзегин, мазмун, мәнисин қурай алады. Ҳәттеки буннан да өтлескен тереңлеўди орта әсирлик схоластикадан көриўге болады. Мәселен, Альберт Великий ҳәм Ансельм Кентерберийский көз-қарасынан инсан өзиниң негизин билиўге емес, қудайдың негизин билиўге ғана күш салыўы тийис.

Шығыстың ислам тарқалған территорияларындағы диний-философиялықтәлийматларда адам проблемасын рационализм көз-қарасынан қараў күшли.

Суфизмди мысалға алайық.Бул көз-қарас бойынша адам өзин-өзи тынымсыз билиў процесинде ғана шын мәнисинде жан-жақлама жетилискен адам дәрежесине ерисе алады. Улыўма ислам философиясында адамның хәр тәреплеме жетисиўи мәселесине қатнаслы ҳәмме тәреплеме қаралады десек кәтелеспеймиз. Оның үстине мәселен, онда адамның келип шығыўы, оның әлемдеги тутқан орны, дүньяны қайта қурыў имканиятлары ҳ.т.б мәселелердиң қай-қайсысы да инсан идеалы, оның өмириниң мәнис, мазмуны менен тиккелей байланыста қаралады. Бул бойынша ақыл-ойдың күшине итибар басым. Айтайық, Фарабий ақыл-ойды адамның хайўаннан парқы сыпатында қарай отырып, хақыйқый бахытқа усы ақыл-ой, билимлерди ийелеўи арқалы ғана ериседи. Адам өмири питип, о дуньяға атланғанда тирисинде ерисилген бахыт руўхый ҳәм көтеринки қубылыс бола отырып өлмейди, ал оннан кейин де адамзатқа хызмет ете береди.

Қулласы, Фараби пикиринше, адам өзиниңбахтына тирисинде ериседи, бирақ оның ислеген жақсы ислери ҳеш ҳәм өлмейди.[11]

Ибн Синада адам тәбияттың раўажланыўының шыны, ен жоқарғы дәрежедеги жетилиўге ҳәм гөззаллыққа өзиниң билими, уқып, дағдылары арқалы ериседи.

Демек, Ибн Сино идеясы, оның өмирдиң мәнисин түсиниўи инсанның өзин-өзи сыпатында аңлаўы ҳәм инсанның дүньяны өзгертиўшилик уқып, дағдыларға ийе болыўы, оларды иске қоса билиўи бойынша ўазыйпаларына садықлығы көзге тасланады.

Беруний ҳәм Фараби сыяқлы адамның жоқары бахытын оның дүньяны билиўи менен байланыстырады. Ахыры ол ақыл-ойға ийе мақлуқат болар екен, ол дүньяны билиўи тийис. «Адамның бурын билмегенин билиўи, - деп жазады Беруни оған ҳақыйқый ләззет бағышлайды»[12]

Соны ҳәм нәзерде тутыўымыз керек, улыўма Шығыс мусылман философиясында адамға байланыслы қәлеген проблема оның индивидуаллық ҳәм жәмийетлик болмыстың ҳәмме параметрлериниң алдынын белгиленип қойылғанлығы менен характерленеди. Пешанаға не жазылса сол... Деген менен бул улыўмалық Фарабий, Беруний, Ибн Сина, Наўайы, Мырза Бедил ғана емес, XIX-XX әсир ойшыллары Ахмед Дониш, Муқимий, Бердақ, Әжинияз, Абай, Тоқтоғул ҳ.т.б адамның гуманистлик, ағартыўшылық, демократиялық концепцияларындағы инсан дөретиўшилигиниң күшин, ақыл-ойынын ушкырлығын еркин биротала ысырып таслаганы жоқ. Мәселен, қарақалпақ шайыры Әжинияздың “Бул дүньяның көрки адам баласы, сол адамнын көкке жетер наласы” деўиде усыдан. Ойшыл инсанның күшин, қүдиретин, дүньяны өзгертиў, қайта қурыў имканиятын жаратқанның буйрығына сәйкеслигин, сол ушын да оның ҳәрбир бендениң пүткил улыўмаинсаныйлық мәп, талапларының дәрежесинде әмелге асырылатуғынлығын тастыйқлайды.

---

[11] Чарыев А. Инсон фалсафаси. Т.2007. 147-б.

[12] Қараңыз: Абу Райхан Беруни. Минералогия // Вкн: Собрание сведений для познания драгоценностей. М., 1963. С.12.

Ояныў дәўири философиялық ойында инсанды индивидуаллық сыпатында түсиниў ҳәмулығлаў басым болар екен, инсан мәплери менен улыўма адамзатлық мәплердиң ушласыўына байланыслы жуўмақлар жасалады. Гәп сонда, адамнын мәплеринде жәмлескен оның өмириниң ҳақыйқый мақсетин ашыў бул дәўир ойшыллары ушын да толық емес.

Жаңа дәўир тусында болса, адамның имканиятларынын шексизлиги менен қоса индивидуализм, эгоизм, мапгөйлик философиясына тийкарланыў бәрибир инсанның шын өмириниң шын мәнисин, мақсетин ашып кеўилдегидей жуўмақ жасай алмады. Мәселен.Б.Спиноза адам өмириниң мақсетин акыл-ойға суйениў, аффектлерге бағыныўда көрди.[13] Ал Гольбах болатуғын болса тәбият нызамларын таяныш тутыў, озиң ушында, өзгелер ушын да соның өзиңниң жақынларың ушында жасаў, өз-өзиңе тереңлеў ҳам басқа қудайларға исенимсиз жасаўды айтады.[14] Гегельдиң пикиринше, адамның мақсети оның руўҳының еркинлигинде.[15]Фейербах ушын адамның мақсетиниң мақсети өзиниң ҳәм баскалардың бахыты ушын умтылыўында.[16] Л.Фейербахадамның мәниси, демек оның өмириниң мақсетин ҳәм мәнисин биринши планға шығарып оны философияның бирден-бир предмети сыпатында қараған менен ол адамды биологияландырып жиберди ҳәм оның жәмийетлик мәнисин изине дейин жеткизе алмады, ақыбетинде адам ушын өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин түсиндириўи толық көринбей қалды.

Бул мәселеде уллы немец философы Кант пикири жүдә салмақлы ҳәм дәлилли. Себеби ол өмирдиң мәнисин адамның раўажланыўының бирден-бир мақсети сыпатында қарайды. Инсанның күнделикли өмир сүриўиниң жасаўының өзинде жоқарғы мақсет жәмленген ҳәм оның менен өз күшине ылайық тәбиятты бағындыра алады.[17]

Пүткил дүньяны адамның тийкарынан, искерлигинен туўынды сыпатында қарайтуғын антропологиялық принцип ҳәм экзистенциализм,

---

[13] Қараңыз: Спиноза Б. Этика М.Л, 1932 с.197.
[14]Қараңыз: Гольбах П. Избр.произв. в 2-томах. Т.1. М., 1963 с. 675.
[15] Гегель Г. Соч. Т.,VIII. М. Л. 1985. С.18..
[16] Қараңыз: Фейербах. Л.Избр. филос. произв.Т.1. М., 1955. С.622-623.
[17] Қараныз: Кант И. Соч. В 6- т. Т.5-М.: 1966-с.469.

турмыс философиясы, философиялық антропология ҳ.т.б. философиялық ҳәм социологиялық бағдарлар ўәкиллери көз-қарасынан адамның өмир сүриўи, жасаўы болар екен, өмирдиң мақсети ҳәм мәниси инсанның өзин-өзи танып билиўи менен шегараланады. Бул бойынша әсиресе К.Ясперстиң пикири жүдә характерленеди. Ол айтады: “өмир сүриў, жасаў бул таныып билиў ҳәм мен тек сана сыпатында ғана өмир сүремен”.[18]

Дурыс, экзистенциализм философиясында еркинлик мәселесине дыққат күшли ҳәм бул өмирдиң мақсетин ҳәм мәнисин аңлаўда жүдә зәрүрли. Бирақ еркинлик бул бағдарда  инсанның жеке ишки индивидуаллық болмысынан изленеди, ол объектив шараятларды есапқа ала бермейди. Тусиниў керек, адам өмириниң мақсети де, мәниси де объектив шараятлардың детерминациясынанеркин бола алмайды. Ҳәр бир адам өз өмириниң мақсетине мәнисине ылайық ўазыйпаларды жәмийет, пүткил адамзат болмысы арқалы ғана әмелге асырады. Бул пикирлердиң қай-қайсысы да адам өмириниң мақсет ҳәм мәнисин анықлаўда рационаллыққа ийе, бахалы. Себеби, мәселениң анаў я мынаў тәрепин ашады ҳәм келешек изертлеўлер ушын теңи-тайы жоқ тийкар болады. Десек те, соны түсиниў зәрүрли, бул айтылған пикирлер, тужырымлар адамзат тарийхының ҳәр қыйлы басқышларына тийисли болар екен, оларға сол дәўирлердиң таңбасы тән екенлигин ҳәм ядтан шығармаўымыз керек. Оның үстине, глобалласыў процесси ҳәўиж алған ҳәм олар инсан өмиринде тек унамлы ғана емес, ал унамсыз ақыбетлерди де болдырып атырған бүгинги турмысымызда бул мәселеге жаңаша катнасты талап етип атыр. Әсиресе философиялық антропология бул “мәңги мәселени” ҳәр түрли ракусста қойып, жуўмақлар жасамақта.Ахыры, ол өмирдиң мақсети ҳәм мәниси мәселесин ҳеш ҳәм шетте калдыра алмайды. Бул бир. Екиншиден, ҳеш кимге де сыр емес, бул проблеманың жүдә өткир қойылыўында бирпара алымлар  “экзистенциаллық вакуум” атлы жағдай ҳәм барлығы менен де байланыстырмақта. Бул бойынша жәмийеттиң руўхый атмосферасында өмирдиң мәнисин

[18] Қараңыз: Грицанов А.А. Экзистенциализм // Новейший философский словарь. Минск, 1998 с 873-874.

жоғалтыўпроцессиде мәлим адамлар, топарлар, жәмийетлер ушын оншелли таңкаларлық жағдай болмаса керек. Жеке адам психологиясы бойынша белгили австриялы алым Виктор Франкл жазады: "Меннен бул экзистенциаллық вакуумды болдырыўшы себепти сораганда, әдетте мен мынадай қысқа тужырымды пайдаланаман: хайўаннан парқы болғанда ҳәм инстинктлер адамға не кереклигин буйыра алмайды, кешеги, өткендеги адамнан парқы болғанда ҳәм бүгинги адамға не зәрүрлигин ҳәм не ислеўи тийис, зәрүрли екенлигин билместен адам, шамасы, адам өзи не қәлейтуғынын билмейтуғынға уқсайды. Жуўмағында адам я басқалар қәлегенди қәлейди (конформизм), я басқалар оннан талап еткенди қәлейди (тоталитаризм)".[19]

Бул пикирлеўдеги мәлим пикитикликлерге ҳәм психология пәниниң предметиниңөзгешеликлерин тән мәселениң қойылыўында жан барлығын, әлбетте нәзерде тутыў зәрүрли. Соның менен бирге, артығырақ болса да қайталаймыз, мәселеге социаллық-философиялық қатнас инсанның раўажланыўын оны қоршаған социаллық шарайытлар ҳәм қатнаслар контекстинде алып қарайтуғынын нәзерде тутамыз. Бул бойынша инсаннын өзин-өзи әмелге асырыўы оның мақсети ҳәм өмириниң мәнисиниң өзегин қураўы ол ушын реаль мүмкиншиликлер жаратылыў менен байланыслы. Бул мәселеге байланыслы ойдың тарийхына тағы бир мәртебе нәзер салар екенбиз, бул мәселе үстинде жуда толғанған ойшыллардың бири белгили орыс жазыўшысы Л.Толстой өмирдиң мақсети ҳәм мәниси мәселеси үстинде ойланып толғаныў нәтийжесинде ол ең ахырында өмирдиң мақсети ҳәм, мәниси ҳәм адамның өзин-өзи жетилдириўине тақалатуғынын тийкарлады. Бул бир. Екиншиден, оның пикиринше, жеке адамның өмиринин мақсетин ҳәм мәнисин басқа адамлардың өмириниң мақсетинен бөлек қараўға болмайды. Бул жуўмақта Л.Толстой бул проблеманы түбинде өзи ушын шешипти ғой деп пикирлеўге орын жоқ. Ахыры, оның өзи жазады: "Бир сыр адам ушын мудамы қала береди. Тек биреў: не ушын жасайман? Ақылға

[19] Франкл В. Человек в поисках смысла М., 1990. С.25.

сыйымлы жуўап биреў: сол ушын, оны қудай қәлейди. Ол неге буны қәлейди? Бул-сыр”.[20]

Мине бул Л.Толстойдың адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси ҳаққында ең ақырғы жуўмағы.

Өмирдиң мәниси ҳаққында жоқарыда экзистенциаллық философия ўәкиллериниң пикирлеўлери туўралы бираз үстиртинлеў болса да айттық. Экзистенциаллық пикирлеўдиң мәлим бир элементлери орыс философиясында Ф.Достоевский тәрепинен барлық қарама-қарсылықлы логикаға ийе жағдайында қойылған.Оның “Бесы” атлы шығармасында инженер Кириллов бир нәрсени сезеди, ол ҳәм болса қудай тиришиликти, өмирди тастыйқлаў ушын қудай зәрүрли, сонын ушын ҳәм ол болыяы тийис. Бирақ ол биледи; қудай жоқ, болыўы ҳәм мүмкин емес. “Не себеп сен түсинбейсең, усы бир жагдайдан ақ өзиңди-өзиң ашыўың мүмкин”.

Гәп сонда, бул жерде өмирдиң мәниси туўралы мәселе қудай туўралы мәселеге айналады. Диний экзистенциализм ушын бул мәселе эсхаталогиялық аспектте, яғный өмирдиң о дүньяда даўам етиўи менен байланыслы.Ол жерде денениң мүшкил ийе емес жанның еркин дөретиўшилиги жүзеге келеди. Солай етип, жерлик өмир сүриўдиң, жасаўдың трагизми жоқ етиледи. Онын мәниси сонда, жер бетиндеги тиришилик, өмир, жан руўх менен денениң қарама-қарсылығынан турады.Бирақ соншелли маўасызлықта ҳәм мәжбүрий бирликте.

Атеистлик экзистенциализмде қудай жоқ, усы себепли де өмир абсурдқа айналған. Бул мисли Сизифтиң өмири тамамланбайтуғын өнимболмайтуғын мийнетиниң абсурдлығы менен барабар. Белгили француз экзистенциалисти А.Камюдиң «Сизиф туўралы миф» атлы шығармасы бар. Онда өмирдиң мәнисин түсиниўге байланыслы өзинше жуўап бар. Белгили, экзистенциализмниң тезиси бар: Өмир сүриў, жасаў, тийкардың алдында болады. Оның үстине экзистенциализмде тағы тужырымы өмирдиң, жасаўдың биймәнилиги, адам тек өлимниң алдында ғана болмыстың,

[20] Қараңыз: Толстой. Соч. Т.20-М., 1961 с.69.

жасаўдың мәниси ҳаққында бир нәрсе дей алады. Буны экзистенциализм ўәкиллериниң бири Жан – Поль Сартрдың тужырымы ҳәм тастыйықлайды. Ол «Адам – ҳеш нәрседе емес» («Человек – ничто»)деп тастыйқлайды.

Бул мәселеге қайсы көз-қарас қандай қатнаста болмасын, қайсы ойшыл, ким не демесин, бәрибир мәселеде қалай қатнас жасап, оған байланыслы тийкарғы моментлерди иррационаллық, мистикалық концепциялардан азат болған жағдайда түсиндире алыў ўзайыпасы алдымызда турады. Адамның өмириниң абсолют ҳәм жоқары дәрежедеги мәниси туўралы тийкарланылған жуўап табыў мүмкиншилиги жоқ. Егер мәселени басқа жағына бурсақ, яғный адам болмысындағы ең дәслепки мәнисти излеп басласақ, онда адам ушын ол дүньяға келместен бурын оның маңлайына жазылған мақсеттен басқаны түсиндире алмаймыз. Бул деген сөз, телеология көз-қарасы тәрепине өткенимиз. Бундай жағдайда тағы бир сораў пайда болмаслығына ҳеш ким ҳәм кепиллик бере алмайды. Ол ҳәм болса, «Ким бул мақсетти орнатқан?» деген сораў. Бул сораў басқада сораўлардың қойылыўына имканият береди ҳәм нәтийжеде мисли бир кирсең шыға алмайтуғын туйыққа тирелгендей болады. Усылай екен, теориялық аспектте өмирдиң мәнисин тийкарлаў тәўирақ қурамалы, қыйын. Буннан басқа өмирдиң мәниси туўралы мәселениң шешимин сократлық «Өзиңди-өзиң танып бил» деген императивти талап етеди, ал бул сораў ҳәм ашық мәселе есапланады. Абсолют дәрежеде жуўап бериў – бул өмирдиң тиришиликтиң өзине тамамланғанлық дәрежесине қараў. Ал турмыс тиришилик болса, өзиниң өмир сүриўинде шексиз ҳәм рационаллық түсиндириў менен шекленбейди. Буннан басқа бул жерде Ницшениң мына айтқанын ҳәм ядымызға салайық «Өзин-өзи танып билген - өзиниң жәллаты». Тағы бир мәселе соннан ибарат, өмирдиң мәнисин танып билиў ушын «Биз не ушын жасаймыз?» деген сораўға ҳәм жуўап излеў зәрүрли. Бирақ бул сораўға жуўап излеў «Биз не ушын өлемиз?» деген сораўға да жуўап излеўди талап қыла ма? Пикирлеўимизше бундай сораў қойыў ҳәм оған жуўап излеў биймәни екенлигин дәлийллеўди талап етпесе керек. Деген менен өмирдиң мақсети, мәниси не деген сораў ҳеш ҳәм

мәнисизликке ийе емес. Соның ушын оған унамсыз қатнаста болыў я үзил-кесил ол абсурдлыққа ийе деп тужырым жасаў бул басқасын айтпағанда турмысқа, оның ҳәмме тәреплерине шын мәнисинде адекват қатнастың жоқлығын инсан өмириндеги, тиришилигиндеги идеялық пенен реаллықтың ара қатнасына, олардағы мийраслыққа бийпарўалық болар еди. Дурыс, жеке адамның өмирине қатнаслы бул мәселе реал мәниске ҳәм де әҳмийетке ийе. Оның үстине, ҳәр бир адам бул мәселеге байланыслы өзине ҳеш болмаса бир мәртебе жуўап излемегенинде адам өмир сүриўиниң өзи буннан келип шығатуғын унамсыз ақыбетлер менен жүдә биймәниликке айналған болар еди. Бул мәселеде Достоевскийдиң адам қатаң түрде өзине не ушын жасаў керек деген сораўға жуўап таба алмаса, адам жасағысы келмейди ҳәм өзин-өзи жоқ қылыўға барады деўинде үлкен мәни бар. Булбойынша Ницшениң мына айтқаны да дыққатқа ылайық: «Не ушын жасаў керекке ийе адам қәлеген қолайға шыдамлы».[21]

Бул бойынша жоқарыда айтылды, Б.Франкл тәрепинен исленип шығылған логотерапия теориясы ҳәм практикасы туўралы арнаўлы әдебиятларда айтылып жүр. Бул көз-қарас өзиниң ўазыйпасы сыпатында буған зәрүў, демек өмирдиң мақсетин аңлап жетиўге ҳәм соған ылайық ис тутыўға қуштар адамлар ушын жүдә зәрүрли. Олардың жанын, руўхын емлеўге қолайлы. Ўазыйпа жүдә әҳмийетли, себеби өмирдиң мақсетинен муҳрум болған көп ғана адамлардың изине қайтпас трагедиялық жағдайларға алып келеди. Бунның бир мысалы: өзине-өзи жан қаслық қылыў. Улыўма инсаний установкаларға мол диний көз-қарасларда адамның өзине жан қаслығы аўыр гүнә есапланады. Ақыры, өмир адамға жаратқаннан бир ақ мәртебе бериледи. Оны денени ҳәм руўхты таза услап қудайға қулшылықты мәнисине келтирип сөзде ҳәм исте ҳәм ой ҳәм көкирекке жақсылықты, ҳадаллықты гизнеп жасаў зәрүрли.

Булардың ҳәммесин ҳәр бир адам ушын абсолют емес, ал реаллық сыпатында, зәрүрлик сыпатында қарай отырып улыўма планда өмирдиң

[21] Қараңыз: Т.Г.Румянцева Ницше//Новейший философский словарь. Минск., 1998. С.467-469.

мәнисин адамның раўажланыўының бирден-бир тийкарғы мақсети, оның ҳәр тәреплеме жетилиўи сыпатында түсиниў мақул болса керек.Артығырақ болса да Кант айтқанын тағы бир мәртебе қайталаймыз: Адам өмир сүриўи өзинде сондай жоқары мақсетке ийе, оның менен ол қаншалық күшке ийе болғанынша тәбиятты бағындыра алады.

Адамның тийкары – жәмийетлик махлуқат, усы себепли де оның өмириниң мәниси жәмийет пенен жеке адамның мәплери ҳәм мақсетлериниң кесилиспесинде ғана табылыўы мүмкин. Индивид ҳәм родтың, жәмийет ҳәм жеке адамның улыўмалығы, бирлиги дүньядағы адам болмысына ҳәм оның өмириниң мәнисине оптимизм менен қараў имкәниятын береди. Индивидуаллық өлимниң трагизми адамның өлиминен кейин ҳәм өзиниң тирисиндеги искерлигиниң нәтийжелери дөретиўшилигиниң әўладлар ядына түсиўи менен улығланады.

Өмирдиң жекелик мәнисин анықлаў – бул өмирди ҳәмме тәреплеме, тереңлестире ҳәм кең планда, онда қандай нәрсе ҳақыйқый, қандай нәрсе жалған екенлигин, тек ғана тийкарғы себеп ҳәм ўазыйпаларды анықлаў ғана емес, сондай-ақ оларды реал әмелге асырыўдың қуралларын анықлаў деген сөз. С.Л. Рубинштейнниң пикиринше, булардың ҳәммеси шексиз алымлықтан ҳәм өтеди ҳәм ол қәдирли ҳәм сийрек қәсийет пенен даналық-пенен байланыслы.

Бирақ, белгили, Минерва үкиси тек ғана иңирде, геўгимде ушып шығады. Соның ушын әзел бастан өмир туўралы ойы бәнтленген ҳәм оның мәнисин билиўге қуштар жас жигитке тек көпти көрген ғана емес, ақыллылық пенен жасап күн кеширген адамнан мәсләҳәт алса шеп болмайды. Буннан ҳәм жақсырағы адамзат даналығының жылнамасын мүрәжәт еткени мақул. Ақыры онда бир ямаса еки әўладтың ғана емес, ал пүткил адамзаттың тәжирийбесинде қайта-қайта сынақтан өткен моментлер бар. Белгили, ески бирақ ҳәр қыйлы модификацияларда ҳәмме халықларда ушырасатуғын бир ибара бар. Ол бирақ асығыслық пенен өмирдиң мәниси туўралы таяр жуўап

бермейди, ал керисинше өмирдиң өзине силтеме қылады: primumviveredeindefhilosophare–«дəслеп жасаў, соң философия айтыў».

Соның ушын буған жақын пикирлерди ҳəм көриўге болады. Ақыры, даналық сөзде шегара болмайды. М.Ф.Достоевскийдиң пикиринше ең алды менен қалай болса, солай жасай бериў емес, ал өмирди сүйиў, өмирди оның мəнисинен ҳəм сүйиў керек дегенинде үлкен мəни бар. Ҳақыйқатында да бул өмирди сүйиўшиликтиң өзегинде адамларға муҳаббат тур. Бул муҳаббат инсанның ҳəмме ислериниң, ойларының, сезим ҳəм поступокларының тийкары болып табылады.

Өмирдиң мақсети ҳəм мəнисине байланыслы бул айтылғанлар менен шеклениўге де болар еди. Бирақ өмирдиң адамзатлық мəнисин ашыў əдетте адамның материаллық талапларының, айтайық физиологиялық талапларының қанаатланыўы менен ғана емес, ал жоқары дəрежеге ийе, баҳалылық - қəдириятлық талаплардың жүзеге келиўи менен байланыслығын нəзерде тутамыз. Өмирдиң мəниси, турмыс образының мəниси ҳаққында мəселе, сөз жоқ, адамлардың баҳалық қəлеўлери, установкалары, материаллық ҳəм руўхый талапларының субординациясы туўралы мəселе. Тек усы тийкарда қəдириятлар – баҳалықлар туўралы илим – аксиология пайда болады. Аксиология қəдириятлардың тəбияты олардың жəмийет ҳəм жеке адам өмириндеги орны ҳəм роли ҳаққында илим болып табылады. Бул бир. Екиншиден, артығырақ болса да қайталаймыз, бүгинлигинде турмыслық қəдириятлар ҳəм өмирдиң мəниси ҳаққында мəселениң жүдə өткир қыйыншылығы соншелли, ол инсан басынан кеширип атырған глобалласыў процессиниң əсиресе унамсыз ақыбетлерине адекват жуўап бериўи, ис тутыўы аңсат болмай атыр. Виктор Франклдың жокарыда келтирилген пикириндеги дихотомияны тағы да еске ала отырып, өмирдиң мəнисине байланыслы еки көз-қарастың бир-биринен қалыспай өмир сүргенлигин айтыўымыз керек. Бул еки түрли коз-қарас инсан жасаўының, өмир сүриўиниң еки концепциясы сыпатында антикалық дəўирден баслап усы бүгинге дейин бар. Əдетте олеки концепцияның биреўин адамның дүньяға

шығып, күн көрип, жер басыўынан баслап «ийелик етиўи менен екинши болыўы менен»-инсаннын инсан сыпатында әмелге асырыўы менен байланыстырады.

Әлбетте бул еки установканың қайсы бириниң қайсы дәстүрде қайсы дәрежеде болыўы реаллыққа ениўи тарийхый шарайытларға тиккелей байланыслы.

Егер ийелик етиў установкасын мысалға алсақ оның экономикалық тамырлары туўралы мәселеде қозғалады. Айтайық, алғашқы-общиналық жәмийетте ийелик етиўге мүлкий теңсизлик ҳүким сүрген жәмийетлердегидей зәрүрлик жоқ. Индивидтиң меншиги жоқ, ол меншик ийеси емес. Меншик ийеси-община. Соның менен бирге адам болыў, демек адам өзин бираз жоқары турмыс бағдарламасына ылайық ис тутыў ушын руўхый талаплар жүзеге келиўи тийис. Руўхый талаплар, зәрүрликлер ҳеш болмаса урықта болмаса, «болыў» установкасына жол жоқ. Ал ийелик етиў установкасы тек жеке меншиктиң пайда болыўы менен байланыслы. Ийелик етиўдин тәбияты усындай меншиктиң тәбиятынан келип шығады. Бул жағдай еки тарепли моментке  тәнликти өзине жәмлеген. Бир тарептен өзин-өзи бахалаў бар. Жәмийет мени неге ийелик етиўши ҳәм кандай муғдарда, санда ийелик етиўдемен. Бул мен ушын жүда әҳмийетли. Өз статусымды көтериў ушын ҳәм қәлеўимше күш-ғайратымды жумсай аламан, жеңиске ерисемен, тегинликте утылмайман. Бирақ, бундай өмирлик позиция дүньялык гуманизм менен де, диний тәлийматлар менен де мақулланбайды. Буддизмде минез-қулык, жүрис-турыстың, улыўма искерликтиң бундай усылы қәнаатсызлық, тойымсызлық, ашкөзлик есапланса, иудаизмде, христианлықта ҳәм ашкозлик, дүньяпарраслық, нәпсиқаўлық деп қаралады. Деген менен ийелик етиўдиң басқа тәрепин ҳәм инабатқа алған жоқ. Гәп сонда маған тийисли затлардың кери тәсири ҳәм жоқ емес. Олар мени ҳәм ийелейди. Оның үстине, маған, мениң өмир сүриўиме жасаўым менен салыстырғанда биразўақытшалыққа, өткиншиликке ийе. Олардың сыныўы жоқ болып кетиўи я тозыўы маған бираз қаттырақ тийеди, ҳәттеки мениң саўлығыма,

әлбетте психикама жүдә жаман тәсир етиў ақыбетинде мениң бурынғы затқа ийелик етпейтуғын ўақыттағы халымнан да айрылып калыўым тәжип емес.

Бул мәселеге байланыслы көп ғана мағлыўматларды тек ғана көркем шығармалар аркалы ғана емес, массалықхабар қураллары арқалы алыў мүмкин. Деген менен илимий жөнелислердеги жумыслардағы пикирлеўлер улыўмаластырыўлары бойынша реаллықты адекват сәўлелендиретуғын нәзерде тутамыз.Психоаналистик З.Фреид ақша менен патасты мысалға алады ҳәм олардын арасында символикалық байланыс орнатып, анальлық характер түсинигин енгизеди. Буның мәниси адамның өмирлик күш-қуўаты, энергиясы, тийкарынан ийелик етиўге бағдарланған.

Анальлық характер болатуғын болса, бул Фреидтиң түсиндириўинше өзиниң раўажланыўында толық писип жетилмеген, керек десеңиз қатып қалған характер. Эрих Фромм, З.Фреидтиң бул пикирлеўлерин улыўмаластыра отырып, Фреидтиң көз қарасындағы ең әҳмийетли момент сыпатында адамның меншикке бағдарланыўының үстинликке ийе болыўының жүзеге келиўи адамның толық писип жетилмеген дәўириниң алдындағы, еле буған жетпеген дәўир менен байланыстырады. Оның үстине, Э.Фроммның түсиндириўинше, Фреид усы жағдай адамда мудамылыққа ийе болып қалса, онда ол паталогия болыўы тәжип емес деп жуўмақ шығарады. Егер буны тағы да әпиўайыластыра түсиндирсек, Фреидтиң пикири мынадай: өзиниң мәплерин мәнисине келтириўде инсан тек ийелик етиўге умтылатуғын, адамдағы бир нәрсеге ийе болыўдан басқаны билмейтуғын ҳалат-бул невротик – наўқас адам. Э.Фромм Э.Фреидтиң бул тужырымын басшылыққа ала отырып, жуўмақ шығарады.Жуўмақтың мәниси сондай, ағзаларының көпшилиги анальлық характерге, демек тийкарынан ийелик ете бериўге бағдарланған, басқа нәрсеге заўқы соға бермейтуғын жәмийет бул наўқас жәмийет.[22]

З.Фреид көз-қарасына ҳәм Э.Фромм көз-қарасына ҳәм бирдей қатнас пенен, оларды дуппа-дурыс, ғаз қәлпинде қабыллаў қыйын. Егер абстракт

[22] Караңыз: Фромм Э. Иметь или быть М., 1986 с 110.

шынлық жоқ екенлигин, ал шынлық ҳәр қашан конкретликке ийе екенлигин нәзерде тутар екенбиз, бундай «наўқас жәмийетлердиң» өзлеринин социаллық-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўына жараса «географиясы» бар. Оның үстине, «аўрыў жәмийет» проблемасы бүгинги заманагөй өмирге байланыслы, айтайық, әдеп-икрамлық, геосиясий, экономикалық ҳ.т.б аспектлерди өз ишине қамтыған халда бираз қурамалы проблема. Арнаўлы изертлеўлерди талап етеди. Десек те мәлим дәрежеде бул мәселе менен көбирек шуғылланып, улыўмаластырыўлары тийкарында көп ғана усыныслар берип үлгерип атырған Рим клубы. Ол ҳәзирги экологиялық кризистен адамзаттың шығыўының глобаллық моделин қурыўды өз мақсети қылып қойған алымлар, искерлер, исшең адамлардың (деловые люди) халықаралық бирлеспеси. Бул клубтың ири ўәкили А.Печчеидиң түсиндириўинше, адам көп түрли затларды өндириў уқыбына ийе болыў менен өзинде тутыныўға ҳәм ийелик етиўге гөрқаў, ашкөз иштейди раўажландырады. Печчеи бундай иштейдиң болыўын изи көринбейтуғын шексиз өндириў күн-күннен көбирек өндириў менен байланыстырады.[23]

Бул жерде тағы бир моментке итибар берилсе шеп болмаса керек. Олда болса индивидуаллық мәселеси.Әлбетте индивидуалласыў процессинде инсанның социалласыў процессиндеги зәрүрли параметрлерин «атлап өте берсе», улыўмаинсаныйлық пенен жеккеликтиң арасындағы қатнас, әлбетте бузылады. Қулласы, инсанның индивидуалласыўының мәлим дәрежеде шегарадан шығыўы, демек көмешине күл тарта бериўи бир экологиялық кризис емес, басқа да проблемалардың жүзеге келиўине, ҳәттеки өтлесип кетиўине себеп болмаўына ҳешкимде кепиллик бере алмайды. Соның ушын инсанның өзин-өзи заттан анағурлым жоқары қәдриятларды ийелеўде әмелге асырыўы зәрүрли. Бул тийкарынан болыў менен байланыслы. Өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин «болыўға», демек бул бойынша мәселеде «ийелик етиўге» альтернатив установканы нәзерде тутсақ, онда адамның ҳәр нәрсеге, әлбетте затқа ийелик етиўден гөре мәнис-мазмуны жүдә жоқары ис ушын

[23] Караңыз: Печчеи А. Человеческие качества. М., 1990. С.37.

өзин-өзи әмелге асырыўы улығланады. Шынында да адамзатқа ийелик ете алады, властьқа ийелик ете алады. Булардың хәммеси оның өмирлик бағдарламалары менен беккемленген. Ахыры, адамның ийелик етиўи, оның өзин-өзи сақлап қалыў инстинктинде бар. Соның менен бирге бул жағдай яғный ийелик етиў установкасы экономикалық факторлар менен де детерминацияланған. Усыннан ҳәмме ушын бир адам қалмастан жапа тармақай фаталь дәрежеде жәмийетте ийелик етиў концепциясы зәрүрли деген жуўмақ шықпаса керек, әлбетте. Ахыры, адам соның ушын ҳәм адам, ал ҳайўан емес, адамға тән қәсийетлер ҳеш қашан оны тек эгоизм який жалқаўлықтың шегарасында услап турыўға имканият бермейди. Адам адамсыз, оның менен мәлим бир иске бағдарланған байланыссыз, қарым-қатнасықсыз жасай алмайды. Бул тек жалғызлықты кейин сертуў ушын қурал емес, адамды адам байытатуғын қурал. Халықта гәп бар: адамның зәҳәрин адам алады. Оның түп мәниси: сен шашқан зәҳәрди басқа биреў жута береди деген емес. Адамның басына ис түскенде, әсиресе мүсийбетте сениң қайғыңды-зәҳәриңди басқалар бөлиседи. Қарақалпақ әдебиятының классиги Ибрайим Юсупов айткандай бул жағдай сениң қайғыңды мисли аяқласпаға келген адамның бөлискениндей.

Адамда басқалар менен қарым-қатнастың ҳәр тәреплеме болыўы, ҳәттеки универсалласыўы, оның өзин-өзи әмелге асырыўына, әсиресе руўҳый уқыпларын әмелге асырыўға, жедел иске салыўға имканият береди. Социаллық белсендилик (активлик) жәмийетлик мәплер ушын иске салыныўы, ҳәттеки гейде қурбан етилиўи (меншикти айтпағанның өзинде) талап дәрежесине көтерилиўи ҳәм мәплик дүзилисте әмелге асырылыўы реаллық екенлинин айтыўымыз тийис. Бул қәсийетлер әлбетте тәбий емес, ал социаллыққа ийе. Ҳәр бир адам биосоциаллық қубылыс болар екен әзел бастан «ийелик етиў» ҳәм «болыў» установкалары оларда болады. Бул еки установка адамды мәлим ўазыйпаларды әмелге асырыўға умтылдырады. Бул умтылыўлардың қайсысы жоқарыға шығады, тек ғана индивидуаллық биопсихикалық өзгешеликлер социаллық орта, айтайық, семья,ашналық

ортаҳ.т.б. әлбетте ең алды менен жәмийетте ҳүким сүриўши моральлық ҳәм бахалаў установкалары, қәлеўлери ҳәм оның улыўма мәденияты дәрежесинен ғәрезли. Тағы бир моментти ядта тутыў зәрүрли. Адамның адамға минәсип өмирди, тиришиликти, улыўма болмысты биринши орынға қойып түсиндирген ҳәм философиялық ағым, мектеплер тәлийматларында, диний көз-қараслардамәселен, исламда жер ийгиликлеринен баспүкил ўаз кешиў, өзиниң «менин» абсалют умытып кетиў ҳеш ҳәм улығланған емес. «Өзин танып билген қудайын танып биледи», «О дүнья деп бул дүньяны, бул дүнья деп ол дүньяны умытпа» дегенлер ислам дининиң установкалары емеспе, ахыры?!

Соны түсиниў керек, егер адам тиккелей аскетизмге ҳәм альтруизмге өтип кеткенинде инсан өзиниң «мәпин» умытыў, оның түпкиликли, ҳақыйқый адамшылық, инсаныйлық өмири, тиришилик етиўи барлық шарайыт ҳәм талаплары менен бирге бузылған болар еди.

Соны ҳәм тереңирек түсинип алыўымыз керек, «болыў» ҳәм «ийелик етиў» арасында бир-бириниң жулдызы қарсы болғандай ҳеш нәрсе жоқ. Гәп сонда, «болыў» ушын демек ең жақсы инсаныйлық сапаларды әмелге асырыў ушын материаллық ийгиликлердиң мәлим бөлеги кереклигин тийкарлап отырыўдың кәжети жоқ болса керек. Айтайық, тамақ, кийим, уй-үскене, ал оларды тәмийинлеў өндирис куралларысыз сирә дә болмайды. Адамның қәдир-қымбатын аяқ астына тасламайтуғын инсанға ылайық материаллық талапларды қанаатландырыў усылы болыўы тийис. Бул ҳәртәреплеме инсанның өмир сүриў, жасаўын қоллап-қуўатлап турыўы шәрт. Көп ғана мағлыўматлар бар, оларда инсанның сабыр-тақатын сынап көриў емес, ал оны қалай болмасын деградациялаў, демек бузыў ушын исленген экспериментлер болған. Бул тийкарынан екинши жержүзлик урыс тусындағы концлагерьдеги тутқынларға қолланылған. Мәселен әззилердиң қолынан нанын күшлилерин тартып алыўы, шалшық суўдан суў ишиў, полға төгилген аўқатты жегизиў ҳ.т.б. шын мәнисинде өз қәдир-қымбатын жоқары услаған ҳәм адамларды ҳеш ҳәм сындыра алмаған. Дурыс, «болыў» установкасы

люмпенлик дәрежеге түскен яғный ҳәрқыйлы жәмийетлик ҳәм индивидуаллық себеплерге байланыслы өзиниң «менин» биротала жоғалтып алган ҳәм жүдә жаман дәрежеде түскинликке түскен адамлар тәрепинен әмелге асырылыўы қыйын. Олар мәлим прфилактикадан өтип, өзине келе алмаса, тиклениўи қыйын болады, әлбетте.

Қулласы, материаллық ийгиликлерден ўаз кешиў емес, ал керисинше оны отималлық пенен өмирдиң мәнисин түсиниўдеги адамшылық келбетин уйғынластырыў, ушластыра билиў зәрүр. Онда әлбетте үстинлик адамның ең жақсы кәсийетлерин енгизиўге бағдарланады. Бул бойынша адамзатларды табыныўдың предмети сыпатында емес, ал оны өзиниң хызметине жарататуғын, өзиниң қымбатлы ўақтын үнемлеў ушын көмекши сыпатында қатнаста болыўы, сондай-ақ дөретиўшилик ушын өзиниң күш ғайратын бир кәлипте услаў, зәрүр болса тиклеў ушын керек.

Усыларды есапқа ала отырып, галстуктың адамға байланғаны менен, адамның галстукқа байланғанына байланыслы дилемманы шешиўге бас қатырыўдай «ийелик етиў ме» я «болыў ма?» деп ойға шүмиў зәрүрлиги жоқ. Бул дилеммадан шығыўға урына бериў, екеўиниң зәрүрлигин, екеўиниң ҳәм бирисиз бири болмағанда инсанның улыўмаинсаный талап мәплериниң толық әмелге асыў имканиятлары болмайтуғынлығын түсинип жетиў практика ушында, теория ушында жүдә зәрүр.

Соның ушын бул дилеммадан шығып, жеке меншиклик ҳәм бөлистириўшилик қатнасларға өтиў жүдә сиясий ҳәм экономикалық түс алып келеди. Егер мен өзимниң биреўден илгери биреўден кейин халыма шүкирлик қылыў орнына меншиги барлардың ҳәммесиниң «артық» өнимлерин экспроприациялаўды мақулласам, бул әдалатсызлық болмай ма? Ҳәммени жасалма түрде теңлестириўге умтылыў, бул оны бурынғы Аўқам тусы мысалында жақсы билемиз, бул ҳәм әдалатсызлық болмай ма? Бундай жағдайлар материаллық ийгиликлерди теңлестириў ҳәм бөлиўге байланыслы коммунизм идеяларына туўры келгени менен, «адам болыў» концепциясына

сәйкес келгендей болғаны менен ҳәм шын мәнисинде, гуманистлик позиция установкаларынан жырақта. Ахыры, ким ислесе ғана тислеўи керек ғой!!!

Инсан пассив қубылыс емес, ал актив қубылыс болар екен, онда таңлаў, әсиресе қайсы установка оның жанына, руўҳына жақын, оны устаныў басым. Деген менен таңлаў ҳәм ол ушын аңсат ис емес, ал проблема. Таңлаў проблемасы, Батыста өмир сүриў, жасаў философиясы менен шуғылланыўшылар-экзистенциалистлер тәрепинен көбирек изертленген. Мәселен М.Хайдеггер, К.Ясперс, Ж.-П.Сартр, А.Камю, Н.Беряев, О.Шестов ҳ.т.б. мийнетлеринде бул мәселе өз сәўлелениўин тапқан.

Бул мәселениң экзистенциализм бағдары ўәкиллериниң дыққатын өзине тартыўы, олардың философиялық концепциясының түп негизиндеги жеке адам ҳәм жәмийеттиң ө-ара қатнасының XX әсирдеги ҳәм бүгинлигимиздеги жүдә өткирлесиўи менен байланыслы.

Ўақтында баспа көрген О.Шпенглердиң «Европаның сөниўи» мийнетин жақсы үйренген экзистенциалистлер оның тарийхый пессимизмин кейин ысырып қойып, оның фаталистлик қатнасына ҳәм жуўмағына қарсы шықты ҳәм адамның таңлаў имканиятын алға сүрди. Бул шынында да гуманистлик позиция екенлигин билиўимиз керек.

О.Шпенглердиң адамның цивилизацияның сөниўине бағыныўы идеясында К.Ясперс ҳәм Сартр ҳәм қарсы шықты. Бул идеяны К.Ясперс «Ўақыттың руўхый ситуациясы» Сартрдың «Экзистенциализм – бул гуманизм» мийнетлеринде сәўлеленген. К.Ясперстиң түбинде бузылмай қоймайтуғын, тоталь массалық тәртиптеги көринисин сәўлелендире отырып ҳәм бул процесстиң алдын алыў имканияты жоқлығын ескертеди ҳәм бунда қандай жасаў кереклиги мәселесин қояды. «Әйтеўир жасай бериўди қәлемейтуғын адам қандай тәртип таңланады ҳәм тастыйқланатуғынлығын шешеди, ал оған қарама-қарсы аўҳалда адам биротала өмир сүриўдиң, жасаўдың бийлигине бериледи ҳәм оның шешимлерине бағынады».[24]

---

[24] Қараңыз: Ясперс К. Духовная ситуация времен // Ясперс К. Смысл и назначение истории. М., 1991. С. 338.

Сартр ҳәм бул пикирди тийкарынан мақуллайды. Затлардың өмирдеги барысы фаталь дәрежеде болмай қалмайтуғындай болып көринеди. Ал ҳақыйқатына келсек, кимге усылай көринсе, ол дүнья алдында қарсылық жасаўдан қалған, өзиниң әззилигин мойынлаған адам.

Сартр бул пикирин тастыйқлаў мәнисинде урысқа қатнасыў я оннан бас тартыўды мысалға келтиреди. Урысқа мобилизация болдым ба, ол мениң урысым, егер оннан бас тартсам, өзиме жан қаслық қылсам, ол мениң айыбым. Егер буны кәлемедим бе, онда мен оны таңладым, оның қатнасыўшысыман.

Сартр бирден-бир жәмийетлик қубылыс мейли ол бирден, күтпегенде жүзеге келеғойсын ҳәм мени өзине тартағойсын, бәрибир сырттан келмейди деп тастыйқлайды. Бул ойын тағы да раўажландыра ҳәм мысаллар келтире отырып, адам ушын оның өзинен басқа нызам шығаратуғын жоқ, тасланды, қараўсыз қалған жағдайда ҳәм ол өз тәғдийрин өзи шешеди.Адам өзи менен өзи ойға шүмиўи керек емес, ал ол мудамы мақсетти иштен излеўи тийис. Мине сол арқалы ғана еркин болыў ямаса қандай да бир өзин-өзи әмелге асырыў болыўы мүмкин.[25]

Деген менен Сартрда таңлаў жуўапкершиликтен жырақта емес.

Усылар менен бирге экзистенциализм ўәкиллериндеги мәлим иррационаллық моменлерди, заманагөй жәмийеттеги қарама-қарсылықларды көргени менен оннан шығыў жолларына байланыслы бираз гибиртиклеген пикирлеўлерге ийе болса да, адамның өз мақсетине ылайықис тутытыўын улығлаўы жүдә ҳәм итибарға аларлық. Ҳәттеки адамның мақсетиниң әмелге асырылыўы мүмкин болмаса да, сол мақсеттен жырақлаўға болмайды. Жеке адам ушын өлим менен шегаралас жағдайда ҳәм мақсетке ғана ылайық ис тутылады. Адамның искерлиги экстатикалық (М.Хайдеггер) болыўы авантюристлик (Ж.П.Сартр) бола берсин, бәрибир мақсетке муўапық әмелге асырыла береди.

---

[25] Сартр Ж. –П. Экзистенциализм- это гуманизм // Ф.Ницше, З.Фреид, Э.Фромм, А.Каню, Ж.-П.Сартр Сумерки богов. М., 1989. С.344.

Eң қолайсызы сол, ол ҳәм болса экзистенциализм философиясы инсаннын абсолют еркинлигин нәзерде тутады. Егер еркинлик адамның жеке адам сыпатында қәлиплесиўине таңлаўды әмелге асырыўға ҳәм ол ушын жуўапкершиликти болдырыўға мүмкиншилик туўғызар екен, оның абсолютлиги биологиялық, социаллық-психологиялық нызамлықларға ерискен адамды қалай болса солай оннан шығарып жибереди.Экзистенциализм концепциясы өз күшин еркинликтиң зәрүрликтен бийғәрезлигинде кереги менен бул ақылға муўапық келмейди. Неге дегенде, инсан, адам өзиниң позициясын билидириў менен шеклениўден басқаға, мәселен оны қайта өзгертиў, оптималластырыў көз-қарасынан маҳрум.Бул деген сөз адам өзиниң сыртқы ортаға қатнасы өзининиң позициясын билдириў менен шекленетуғын, ертеңгиси азапланған жалғызлықтан түскинликке түскен бийшараның күни ғана.

Усыннанақ сол нәрсени аңлаў мүмкин, экзистенциализм философиясында көбирек «қорқыныш», «сағыныш», «қәўип», «қараўсыз калыў», «жалғызлық» түсиниклери көбирек ислетиледи. Ал «өлим» проблемасы өмир филсофиясы сыяқлы экзистенциализм философиясының тийкарғы анализлеўиниң объекти. Бүгинлигинде мәдeният мәселелериниң экзистенциаллық, өмир сүриў, жасаў проблемаларына бурыў экзистенциализмде бираз сәнге айналып отыр. Бул жағдайды түсиниў мүмкин. Инсанның өмир сүриўинде жасаўында ҳәм оның өлиминен соң басланатуғын екинши өмиринде ҳәм инсанның тәбиятқа, жәмийетке ҳәм адамзат ойлаўына, оның әмелдеги ҳалатына, предметлесиўине шын мәнисинде адамзатлық қатнастың болыўы экзистенциализм философиясы көз-карасынан, әлбетте шетте қалмайды. Ақыры, бир ғана массалық мәденияттың өзиниң «әўселеси» пүткил адамзатты титиркендирип баратыр. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов жазады: «Тәбийий, «массалық мәдeният» деген нықап астында әдеп-икрамлылық, бузықлық ҳәм зорабанлық, индивидуализм ҳәм эгоцентризм идеяларын тарқатыў, керек болса, соның есабынан байлық арттырыў, басқа халықлардың неше мың

жыллық дәстүр ҳәм қәдириятлары, турмыс образының мәнаўий негизлерине писентсизлик, оларды қопарыўға қаратылған қәтерли қәўиплер адамды тәшўишке салмай қоймайды».[26]

Әлбетте бул айтылған ҳәм басқа да қәўип-қәтерли мәселелерди түсиниўде экзистенциалистлер шын мәнисинде гуманистлер сыпатында өзлерин көрсеткени менен оның шешилиў мәселесине келгенде олардың ҳәлсизлиги қайтадан сезиледи. Ол экзистенциалистлик бағдардағы адамның өзине-өзи жан қаслықты мақуллаўынан жүдә көринеди. Дурыс, А.Камю «Сезиф туўралы мифте» өзине жан каслық қылыўды қараласа,бул тәлиймат тәрептарларының биразлары өзине-өзи жан каслық қылыўды усы бир ширик дүньядан минәсип мәртлик пенен кетиў сыпатында карайды.

Шынында да, экзистенциализм философиялық бағдар сыпатында бираз унамлы пикирлерге ийе. Бул даўсыз. Деген менен экзистенциализм көз-карасына ылайық таңлаў ҳуқықына ҳәм жуўапкершилик ўазыйпасына ийе болар екен, адамның қоршаған ортаға тәсириниң мәлим бир механизми менен толықтырыў зәрүрлиги бар. Әлбетте бул мәселе арнаўлы қараўды талап етеди. Ўазыйпамыз адамның өмириниң мақсети ҳәм мәнисин ашыў болар екен, бул мәселе жүдә көп қырлы екенлигин айтыўымыз керек. Солардың бири бул - өмир ҳәм өлим проблемасы.

Ҳәр бир нормаль адамның өмиринде ерте ме, кеш пе өзиниң индивидуаллық өмириниң тамамланыўы мәселесине байланыслы өзин-өзи сораўға тутпасқа иләжы қалмайды. Адам өзиниң өмирин сапалы түрде аңлайтуғын ҳәм ол туўралы мәлим толғаныслар менен бәнт бола алатуғын мақлуқат. Бирақ соны ҳәм нәзерде тутыў орынлы, адам өзиниң өлиминиң сөзсиз болатуғынлығын жырақ, абстракт шынлық сыпатында емес, ал бираз эмоционаллық қозғаў салғандай ҳалатта қабыллайды. Бул оның ишки дүньясының ең терең тупкирлерин ҳәм қозғайды.

Өз өлимин саналы турде аңлағаннан кейинги этап үмитсизлик, ҳаўлығыў ҳәттеки өзин жоғалтып алыў сезими ҳәм бийлеп кетиўи мүмкин.

[26] Қараңыз: Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., «Маънавият». 2008. 117-б.

Бул сезимнен шыға адам, бирақ пүткил қалған өмирин өз өлими туўралы билимлер менен толықтырып бара береди. Оның үстине,бул билим көп ғана өмирлик ситуацияларда сананың тереңлеринде мисли жасырнып жатқандай болады. Сонда ҳәм адамның буннан соңғы руўхый раўажланыўында тийкарғы өзекти аңлатады. Адамның руўхый тәжирийбесинде бундай билимниң болыўы өмирдиң мәниси ҳәм мақсети ҳаққында мәселениң жүдә өткир қойылыўы менен түсиндирилсе керек.

Бул мәселе үстинде толғанаослар көп ғана адамлар ушын өмирдиң тийкарғы линиясы деп аталған, адамның ҳәр қыйлы дәрежеде минез-қулқ ҳәм поступокларын бағындыра алатуғынлығын түсинемиз. Айтайық бул тутас жамийет дәрежесинде ҳәм, мийнет коллективи дәрежесинде ҳәм семья дәрежесинде ҳәм ямаса жақын дослар дәрежесинде ҳәм болыўы мүмкин. Бул линиядан аўытқыў оның тиришилигинде жийи-жийи азаплы мораллық коллизияларға алып келиўи мүмкин. Ал бул линияны жоғалтыў адамды әдеп-икрамлық болмаса, физикалық жақтан ҳәм биротала жоқ болыўға алып келиўи таң қаларлық емес. Ҳәр бир жеке адамның индивидуаллық өмириниң мәниси пүткил адамзат тарийхы мақсети ҳәм мәнисин белгилейтуғын социаллық идеялар ҳәм характерлер менен тығыз байланыслы. Неге дегенде онда адам жасайды ҳәм мийнет етеди. Ал адамзат пүтинлик сыпатында өз орнына, ролине, демек жер бетине, пүткил әлемде жуўапкершиликке ийе. Бул жуўапкершилик пенен қәлеген шараятта да адамның индивидуаллық дәрежеде ҳәм социаллық дәрежеде ҳәм адам ҳәм адамзат  нени ислей алыў, нени ислей алмаўының шегарасы анық белгиленген. Усының менен сол нәрсе ҳәм анық болады, олар өзлериниң мақсетлерине қандай қураллар менен ерисиў я ерисе алмаўы мүмкин. Бул мақсетлердиң жоқарғы, әдеп-икрамлылыққа ийе болыўы әлбетте дыққатқа алынады.

Адам өз өмиринде мәлим әдеп-икрамлылық мақсетлер менен жасайды ҳәм оған жетисиў ушын оған адекват қуралларды пайдаланады. Бирақ ол сол нәрсени ҳәм биледи, ҳәмме ўақыт күтилген нәтийжеге жетисе алмайды. Бул нәтийже әдеп-икрамлылық категорияларда ҳәмме дәўирлерде жақсылық,

жаманлық, әдалат сыпатында сәўлеленген. Сораў пайда болады. Сонда өмир бирден-бир ҳәм қайталанбайтуғын, белгили дәрежеде мақсетсиз, мәниссиз, әдеп-икрамсызлық пенен талабы жаманлық қылыў, жалғанлық ҳәм әдалатсызлық пенен жасап атырғанлардың өмири менен теңлеседи ғой…

Бул сораў жүдә әҳмийетли сораў. Неге дегенде ҳәр бир адамның өмири шексиз емес, ал өлим менен болмыссызлық пенен үзиледи. Буннан соң өмирдиң мәнисин жақсылық, жаманлық әдалат ҳәм әдалатсызлық атлы моральлық категорияларда атаў мәнисин жоғалтпай ма? Ҳәмме нәрсе адам болмысында өте ме ҳәм ҳәммеси «болмыс емесликте» теңлесе ме? Адамлар мудамы усы қапаландырып қамықтыратуғын, адамзат болмысының негизин бузатуғын карсылықтан шығыўды излейди. Оны дәслеп «жанның өлмеслиги», «ол дүньяда ылайықлы күтип алыў» ҳаққында диний постулаттан тапты, соңынан абсолютлик ақыл-ой ҳәм адамның әдеп-икрамлылық тийкарын жасайтуғын «моральлық баҳалықлардан» изледи. Орта әсир тусындағы алхимиклер белгили әсирлер бойы тәсири кәраматлы «өмирдиң эликсирин» изледи.

Өзиниң жерлик өмир сүриўин саналы түрде аңлап ҳәм өмирдиң мәниси туўралы мәселени тусине отырып, өмир ҳәм өлим мәселесине өзлериниң қатнасын жаратады. Жүдә ҳәм түсиникли, бул тема ҳәр бир адам ушын зәрүрли, адамзаттың пүткил мәдениятында орайлық орынға ийе. Жер жузлик маденияттың тарийы адамзат турмысының мәнисин излеўлери болмыс еместиң сырын ашыўга умтылыўы менен байланысы барлығын, сондай-ақ материаллық жақтан болмаса руўхый жақтан мәңгижасаўға умтылыўлар менен, ҳеш болмаса, өлимди әдеп-икрамлылық дәрежеде жеңиў қойылады.

Бул сораўға жуўап бериў менен мифология ҳәм ҳәр қыйлы диний тәлийматлар, искусство ҳәм көп санлы философиялық бағдарлар шуғылланды ҳәм шуғылланып атыр. Мифология ҳәм дин, әдетте адамға оның мәлим шешимлерин табыўға умтылады. Ал философия егер догмалыққа ийе болмаса, ең алды менен адамның ақыл-ойына аппеляция қылады ҳәм адам жуўапты ҳешкимсиз, ҳеш нәрсесиз өзи табыўы керек. Ол ушын өзиниң жол

руўхый күш салыўларын болдырады. Философия болса оған усындай излеўлердеги адамзаттың илгери тәжирийбесин жыйнақлап ҳәм сын коз-карас пенен анализлеп оған жәрдем береди.

Философиялық көз-қарастың избе-излиги ҳәм илимий-теориялық методологиялық дәллиги адам ушын жеке өлмесликтиң барлығын бийкарлайдыҳәм о дүнья туўралы оншелли умит қалдырмайды: сол себепли де ойланылып, сапалы түрде аңланып тоқып философиялық көз-қарасты қабыллаўда адам қыйын ҳәм қурамалы адым жасайды. Адамнан жеке мәртлик ҳәм руўхтың күши талап етиледи. Бул адымның қыйыншылығы тағы да соның менен өткирлеседи, адамзат тәрепинен топланған әдеп-икрамлылық тәжирийбе узақ дәўирлер диний системалар шегарасында аңланылды, ал илим тийкарлап берген моральлық баҳалықлар адамның өлими менен кейинги қорқынышлы жзаға силтеме қылынды. Ф.М.Достоевский шығармаларының бир қаҳарманы «егер қудай жоқ болса, онда ҳәмме нәрсеге рухсат» дейди.

Шынында да, әсиресе ХХ әсир тусындағы ҳақыйқатлықларды нәзерде тутсақ, адамның ақылына уғрас келмейтуғын ислердиң исленгенининң гүўасы боламыз. Мәселен, массалық дәрежеде адамларға материалистлик көз-қарасты таңыў. Ал бундайды қабыллаў адамның сиясий жақтан үмит етиў мүмкиншилиги жоқлығынан гүўалық ушын керек болды. Ал ҳақыйқатына келсек, оның ишки дүньясының иси емес. Индивид тәрепинен шайналып желинип, писип шыққан ой емес. Бул жағдай адамның әдеп-икармлылық раўажланыўында әсиресе сөз бенен истиң, әдалат пенен әдалатсызлықтың, жақсылық пенен жаманлықтың ара-қатнасына усы аңлап жетиўге байланыслы көп ғана зыянлы ақыбетлерге алып келди. Бүгинлигинде болса, бундай жағдайдың аная я мынаў дарежеде жүзеге келиўи бурынғыдан ҳәм бетер унамсыз ақыбетлерге алып келиўи тәәжип емес. Ахыры инсанның искерлиги илимий-техникалық масштабта да, социаллық илажда да, жүдә күшейип кетти.Бул оның өзине қайта-қайта жуўапкершиликли қатнас жасаўын талап етеди.

Усының менен бирге айтыўымыз керек, елимизде ғәрезсизлигимизди дәслепки күнлеринен баслап муқаддес динимизге, оның инсан өмириндеги орны ҳәм ролине итибар менен қаралып келмекте. Ахыры, ол өтмишимиз бүгинимиз ҳәм ертеңимизди ушластырыўда айрықша әҳмийетке ийе.

«Әсиресе, көп әсирлер даўамында халқымыз кәлбинен терең орын алып, өмирдиң мазмунын аңлаў, миллий мәдениятымыз ҳәм турмыс қәлпимизди, қәдриятларымыз, үрп-әдет ҳәм дәстүрлеримизди өлмейтуғын етип сақлаўда муқаддес динимиздиң қүдиретли фактор болып киятырғанын айрықша атаў керек. Неге дегенде инсаныйлық, меҳир-ақыбет, ҳадаллық, ақыретти ойлап жасаў, жақсылық, мийрим-шәпәәт сыяқлы халқымызға тийисли болған пазыйлетлер әйне усы негизде тамыр атады ҳәм раўажланады».[27]

Адам өмириниң мақсети ҳәм мәнисине байланыслы тийкарғы теориялық-методологиялық мәселелерди қарар екенбиз сол нәрсеге итибар бериў шәрт, адамның мақсети хәм өмириниң мәниси оның уқыпларының ҳәм дағдыларының, дөретиўшилик имканиятларының, руўҳый байлығының әмелге асырылыўын талап етеди. Бул деген сөз инсанның өмириниң мәниси ҳәм мақсети оның ҳәр тәреплеме раўажланыўы барысында ғана жәмийетлик ҳәм жеке мәплердиң сәйкеслиги жүзеге келиўи барысында ғана әмелге асады.

Усылардан келип шыға отырып өмирдиң мәнисине мынадай анықлама берсе макул болса керек. Өмирдиң мақсети бул адамның социаллық искерлигинде әмелге асатуғын узақ ўақыялыққа, турақлылыққа ийе, оның ишки исенимине айналған, жәмийетлик жеке адамлық баҳалыққа тән ўазыйпаны сәўлелендиретуғын философиялық категория.Бул ўазыйпа жәмийетлик қатнаслар системасы, жәмийеттиң ондағы мәлим топарлардың мақсетлери ҳәм мәнилери ҳәм жеке адамның белгили шегарадағы таңлаўы менен белгиленеди. Бул анықлама пикиримизше адам өмириниң мәнисин анықлаўдағы мәлим дәрежелерди-адамның раўажланыўы өмирдиң тийкарғы мақсети, ҳәртәреплеме раўажланыў жаңа типтеги жеке адамның өмириниң

[27] Қараныз: Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., «Маънавият». 2008. 36-б.

мәниси, өзин-өзи әмелге асырыў искерликли өзиниң мәнисин әмелге асырыўды өз ишине алады.

Өмирдиң мақсети болса оның мәниси сыяқлы реальлық, ҳақыйқатлық арқалы бериледи. Бирақ сырттан берилген мақсет адамның жеке толық мақсетине айналады.

Мақсеттиң бас бағдары бирнеше бағдарына-мақсетлерге бөлиниўи мүмкин. Кейингилер ҳәм жеке, ситуативлик мақсетлерге бөлиниўи мүмкин. Бул деген сөз өмирдиң мәниси – бул мақсетлердиң әпиўайы жыйындысы емес, ал олардың субординациясы ҳәм координациясы, олардың системасы. Соның менен бирге өмирдиң мәниси ҳәрбир мақсетте бар. Гейде гейбир ситуатив мақсетлер өмирдиң мәниси қарсы келип қалыўы да мүмкин.

Өмирдиң мақсети мынадай моментлерге ийе: оның жәмийет-мақсетлерине, оның раўажланыўының нызамлықларына сәйкес келиўи, оның жәмийетлик әҳмийети, оның көтерилип шығыўының мотивлери ҳәм әмелге асырыў қураллары.

Өз мақсетин избе-из әмелге асырыўшы инсан пүтин инсан. Бундай әмелге асырылыў адамның системалы, мақсетке бағдарланған искерлиги менен байланыслы. Адам искерлигиниң бас сферасында-мийнетте адам анаў я мынаў конкрет мақсетлерди қояды. Мәселен, мийнет процесин рационализациялаў, өнимнин сапасын жақсылаў ҳ.т.б. Бул конкрет мақсетлерден улыўма мақсет ҳәм мийнеттиң мотивлениўи пайда болады.Бул мақсетти әмелге асыра екинши мақсетти көтерип шығады.

Өмир мәниси тийкарғы, узақ аралыққа мөлшерленген мақсетлер менен байланыслы.

Соны нәзерде тутыўымыз зәрүрли өмирдиң мақсети оны әмелге асырыўдың қуралларын ҳәм белгилейди.

Солай етип өмирдиң мақсети өмирдиң мәниси менен көп параметрлерде улыўмалыққа, бирин-бири толықтырыўшылыққа ийе болар екен, өмирдиң мақсетиниң бундай конкретлирек бизиңше дурыс болады.

Өмирдиң мақсети бул адамның минез-қулқының ҳәм искерлигиниң санасы искерлиги, ол ойлаўдағы искерликтиң нәтийжелери ҳәм оны әмелге асырыўдың жолларын алдын ала билиўди билип қойыўды, болжаўды аңлатады.

Қулласы, бул айтылғанлардың хәммесин бираз тереңлестириў ушын адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы ҳәм өзин-өзи әмелге асырыўы процесси арнаўлы қараўды талап етер екен, енди бул мәселени жәмийетимиз раўажланыўының бас мақсети менен - жеке адам өмириниң мәниси ҳәм мазмунының ара-қатнасына байланыслы пикирлеў жүргиземиз.

## §2. Өмирдиң мақсети, мәниси адамның хәртәреплеме раўажланыўы сыпатында

Адам өзиниң уқыпларының, дағдыларының, дөретиўшилик искерликлериниң еркин жүзеге шығыўында өмириниң мақсетин хәммәнисин көрер екен, бул оның өзин-өзи әмелге асырыўының дәрежеси, әлбетте оның хәртәреплеме раўажланыўы менен тығыз байланыслы. Басқаша айтқанда, адамның социаллық күшлериниң айқын жүзеге шығыўы хәртәреплеме раўажланыўы оның өмириниң мақсетин хәм мәнисин аңлатады да.

Адамның хәр тәреплеме раўажланыўы ғәрезсиз елимиз қурылысының мақсети есапланады. Бул түсиник бираз қатаңырақ илимий түсиник сыпатында бираз жыйнақы анықламаға ийе болыўы керек. Бул түсиникке жуплас түсиник адамның раўажланыўының «бир тәреплемелилиги» болыўы мүмкин. Бул еки тусиникти салыстырып көремиз.

Гәптиң ҳақыйқатына келсек, хешқандай хәм бир тәреплеме раўажланған инсанды табыў жүдә қыйын, жоқ. Егер бар болғанда хәм бундай адамның жамийетте, әсиресе оның бүгинги, заманагөй халатына минәсип жасаўы хәм жеңил болмас еди. Бир тәреплеме раўажланыў деп соны түсинемиз, онда искерликтиң бир түри ғана улғайған жағдайда раўажланыўға ийе болады хәм бул ушын искерликтиң басқа түрлери жумсалады. Бул әсиресе, айтайық, мийнет бөлинисиниң басланыўы хәм оның тийкарындағы мүлкий теңсизликтиң жүзеге келиўи менен жүдә айқынласады. Тағы да айтамыз, бирден-бир, жалғыз искерликтиң әмелге асырылыўы, раўажланыўы ушын оның физикалық хәм руўхый уқыплары қурбан болыўға мәжбүр. Бундай раўажланыў тек жеке ғәрезлиликке тийкарланған жәмийетлерде ғана емес, затлық қатнаслар үстемлик еткен жәмийеттиң басқышларында да ашық-айдын көриниске ийе. Бундай жәмийеттиң, әсиресе, өз рельсине түсип, заводлық, фабрикалық мийнет кооперациялық, мануфактуралық мийнеттен бираз үстинликке өткен., «хеш нәрсе тутылмасын, хәммеси топлансын» ураны астындағы жумыс бериўшилердиң ойлаў хәм хәрекет образы хуким сүрген пайытлары жумыс орнына конкуренция жүдә күшейеди.

Жумысшылар арасындағы конкуренция адамның өмир сүриўи, жасаўы, ғәрезли болған кәсибий искерликтиң анаў я мынаў түри бойынша оларга жетилиўге мәжбүр етеди. Ал искерликтиң басқа түрлери ҳәм оларды әмелге асырыў бойынша укып, зейинниң раўажланыўы шарайыт, хошаметлеўлерден шетте қалып қояды. Бул жағдайды Бурынғы Аўқам тусындағы инсанның өзин-өзи әмелге асырыўына иркиништиң мол болыўы себепли пахтакеш пахта менен, жумысшы өз жумыс орны менен ғана бәнт болыў менен өмирин өткизгенин билемиз.Таңның атыўы, күнниң батыўы тек пахта менен бәнт болыў, ҳәттеки атызда ислемейтуғын жумыс болмаса да ол жерде ойылып отырыўға дейин барыў, адамның басқа талап, мәплерин бираз сөндириўди белгилейди. Әсирлер бойы дийханшылық пенен шуғылланып, оның тилин билетугын аўыл турғыны кем-кем жерге дийханлық қатнастың мәдениятынан айрылып баслады. Ақыбетинде қашаннан қаўын-кәмек, картошка, пиязын жерден өндиретуғын дийхан оларды базардан сатып алатуғын дәрежеге келди. Ахыры пахта моно мәдениятына өткен «пахта өндириў бойынша ғәрезсизлик» идеясының бурынғы Аўқам тусында иске асырылыўы искерликтиң әмелге асырылыўының бир тәреплемелигиниң оның ҳәм шалама-шеккилигиниң айқын мысалы бола алады.

Егер адамның мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ислерин баскарыўға қатнасы мәселесин айтсақ, мийнеткеш массаның турмыс образының мийнет искерлигиндеги аўхалы жоқарыдагыдай болып турғанда оның қандай сәни болыўы мүмкин?! Ҳәммеси гәпте, исте басқаша: мәмлекет эксплуататор сыпатында бәрин өз қарамағына алар екен, адамлардың, жәмийеттиң сиясий турмысына араласыўын имканияты барынша болдырмаўға умтылады.

Мәдений билимлендириў искерлигиндеги адамның жағдайы ҳәм жарым-жартылыққа ийе болды.

Бүгинлигинде, ғәрезсизлик тусында инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўы мәселеси елимизде ең биринши орынға қойылған. Бул нызамлық тийкарға ийе. Өзбекистан Республикасы Конституциясында 21 жыллығына байланыслы баянатында Өзбекистан Республикасы Президенти

И.Каримов 1992-жыл 8-декабрьде қабыл етилген Өзбекистан Республикасы Конституциясының социаллық бағдарланған базар экономикасы, елде пухаралық жәмийетти қәлиплестириў ҳәм онда бас қәдрият адамның мәплери, ҳуқықлары ҳәм еркинликлери болатуғынлығын, нызамның үстинлигиниң тәмийинлениўин бир мәртебе нәзерде тутады.[28]

Дурыс, заманагөй көп ғана батыс европалық социологиялық изертлеўлерде бир тәреплемелик моделин усынған тужырымлар жоқ емес. Мәселен «өндириўши адам», «тутыныўшы адам», «кеўил көтериўши адам» ҳ.т.б. Шынында да мийнет бөлинисиндеги «қәнийгелесиў» өндириўши менен өндириўши емести болдырады ҳәм бул анық Ал енди тутыныўшылық, кеўил көтериўшиликке бағдарланган модельлердиң социологиялық изертлеўлердеги сәўлелениўи мәлим раўажланған еллердеги адамның материаллық талапларының қанаатланыўындағы реальлықты аңлатса, адамның азаннан кешке кеўил көтериў менен бәнт болмайтуғынлығын, мийнеттиң физикалық ҳәм руўхый аспектлерде де адамның зәрүр қылатуғынын нәзерде тутсақ, бул ҳәм «молшылық жәмийетине» тән нуқсанларды ҳәм сәўлелендирсе керек.

Ал бир тәреплеме раўажланған адамның екинши бир мийнет түрин әмелге асырыўға таяр емеслигин нәзерде тутсақ, бул жүдә қыйын ҳәм қурамалы проблема екенлиги айқынласады. Буннан шығыўдың жолын көрсеткен марксистлик тәлиймат  ҳәм оның бурынғы Аўқам тусындағы практикаға ениўи өзин ақламады. Жеке меншикти қуртып, меншиктиң еки түрин-мәмлекетлик ҳәм колхоз – кооперативлик меншикти қалдырып, келешекте меншиктиң бул еки түрин бир арнаға қуйдырып, улыўма меншиклик қатнаслар ҳүким сүрмейтуғын жәмийетке-коммунизмге өтиў өзиниң утопиядан демек қыялдан басқа ҳешнәрсе емес екенлигин практикада көрсетти.

[28] Қараңыз: Каримов И. Углубление демографических реформ и формирование гражданского общества-основа будущего Узбекистана. Доклад на торжественном собрании, посвященном 21 годовщине Конституции Республики Узбекистан 7 декабря, 2013 год. Т., «Узбекистон» 2013. С.48.

Ғәрезсизлик тусында елимизде меншиктиң ҳәмме формаларыныңпәраўан ҳүким сүриў имканияты жаралды. Оның ҳәр бир түринде амелге асырылмаған потенциал бар. Гәп адамда, оның искерлигинде, анығырағы адамды, оның искерлигин усыған ылайық бағдарлайтуғын аңғарда, жолда. Бул жаңа дүзим пүткиллей жаңа жәмийетлик қатнаслар. Бирақ бул өзгерислер бирден автомат түрде жаңа, ҳәртәреплеме раўажланған инсанды жүзеге шығара бермейди: бундай инсан жаңа дүзим жаңа жәмийетлик қатнаслар тийкарында жеке адамға мақсетке муўапық бағдарланған тәрбия тәсийри ҳәм оның хәртәреплеме раўажланған болыўға белсенди искерлиги нәтийжесинде қәлиплеседи. Бундай адамды қәлиплестириў ушын жәмийет тәрепинен бул түсиникке қандай мәнис киритиледи, оның анаў я мынаў дәрежеде пүтин моделине ийе болыў керек болады. Әсиресе, бул ҳәзир елимиз ушын жүдә зәрүрли, әҳмийетли. Ғәрезсиз раўажланыў бағдарламасына ылайық жәмийеттиң ҳәмме сфераларын түпкиликли қайта қурыў, жаңалаў ушын реаль шарайытлар жаратылмақта. ӨзбекистанРеспубликасы Президенти И.Каримов ҳәртәреплеме раўажланған әўлад мәселесин ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында ақ арнаўлы мәселе қылып қойып, оған тийисли шешилиўи зәрүр болған проблемалардың басын ашты ҳәм оларды ҳал қылыўдың жолларын көрсетип берди. Әсиресе бул бойынша Президентимиздиң 1997-жылы 29-августтағы Өзбекистан Республикасы Олий Мажлисининг IX-сессиясындағы шығып сөйлеген сөзимысал бола алады.[29] Ондағы елимизде тәлим-тәрбия системасын кардиналлық дәрежеде қайта қурыў мәселесиниң қойылыяы ҳәм бул бойынша соң ала илажлардың иске асырылыўы бүгинлигинде өз нәтийжесин де бермекте. Тек Қарақалпақстанның өзинде еки жоқары оқыў орны-университет, пединститут, төрт жоқары оқыў орынларының филиаллары, жүзден аслам колледж ҳәм лицейлердиң «Тәлим туўралы», «Кадрларды таярлаў бойынша кадрларды таярлаўдың миллий бағдарламасы ҳаққында»

---

[29] Қараңыз: Каримов И. Гармонично развитое население-основа прогресса Узбекистана Президента Ислама Каримова на девятой сессий Олий Мажлиса Республики Узбекистан 29 августа 1997 года // Гармонично развитое население основа прогресса Узбекистана. 1998. С.4-19.

ҳәм буларға қосымша нызамлар тийкарында тәлим-тәрбия жумысларының әмелге асырылыўы ҳәртәреплеме раўажланған әўладтың қәлиплесиўинде тийкарғы фактор есапланады.

Илимий-изертлеў жумысларында ҳәртәреплеме раўажланган адам туўралы пикирлеўлер ең кеминде алты түрли қатнас пенен шекленеди. Олар:

1) Ҳәртәреплеме раўажланыў профессионаллық кәнигелесиўдиң тамамланыўы ҳам өндирислик ҳәм өндирислик емес сфералар менен шуғылланыў имканияты бар адамлардан жүзеге келиўи менен байланыстырады.

2) Ҳәртәреплемелик жеке адамның позитив сапаларының комплекси сыпатында оның идеалына сәйкес келиўи.

3) Ҳәртәреплемелик жеке адамның ҳәмме тәрепиниң гармониялық раўажланыўы.

4) Ҳәртәреплемелик бир ўақыттың ишинде адам искерлигиниң тийкарғы түриниң барлығында қатнасыўын талап етеди.

5) Ҳәртәреплемелик жеке адамның дөретиўшилик потенциалының максималлык дәрежеде жүзеге келиўине хызмет етеди.

6) Ҳәртәреплемелик – бул жеке адамның еркин өзин-өзи әмелге асырыўы

Бул қатнаслардың мәлим биреўлери кеше, бүгин пайда болмаған, бурыннан ҳәм бар. Соның ушын олардағы избе-излиknown бул проблеманың социаллық-философиялық әдебиятта қаралыўының тарийхын ҳәм сәўлелендирсе керек. Бул көз-қараслар менен келисиў ҳәм мүмкин, келиспеў ҳәм мүмкин. Деген менен, олардын ҳәр биринде рационаллық дәнеше бар екенлигин бийкарлаўға болмайды. Оның үстине ҳәр бир көз-қарас өзине дейинги көз-қарасты биротала бийкарламайды.Бул көз-қарасларды бирме-бир анализлеп отырмастан, соны айтыўымыз керек, жеке адамның ҳәртәреплемелилиги өзиниң мәнилик, тийкарлық, негизлик көринисине адамның өмир сүриў, жасаўының жаңа типинде ҳәм өзин-ози әмелге асырыўында ғана әмелге алса керек. Неге дегенде, жасаўдың, өмир сүриўдиң

ҳәм өзин-өзи әмелге асырыўдың жаңа типи жумысшының жаңа типин, укыпларының ғалаба дөретиўшилик мийнет шарайытларындағы универсиалласыўын, тутыныўшының ақылға сыйымлы материаллық ҳәм руўхый талапларға ийе жаңа типин талап етеди. Усылар менен бирге бирге бул бойынша жәмийетлик-пайдалы искерликти ийелеген жәмийетлик искердиң жаңа типин, социаллық өмирдиң, ер жетиўдиң жаңа типин, жәмийетлик ҳәм жеке мәплердиң бирлигин, жоқары граждanлықты, әдеп-икрамлық-руўхый қәдриятлардың жаңа типин талап етеди.[30]

Бул қатнас бираз перспективалыққа ийе. А.Н.Красин тәрепинен ҳәртәреплеме раўажланған адамға анықлама бериў бойынша қатнас пенен тутаслай алғанда келисе отырып, ол тәрепинен формулировкаланған белгилер бул мәселе бойынша зәрүрли ҳәм толық деп есаплай алмаймыз. Автор бул белгилерди бөлиўдиң тийкарларын көрсетпейди. Оның үстине бир белгилери қалғанларының бәрин өз ишине алса, екинши биреўлериниң қалғанлары менен байланысының избе-излиги сезилмейди. Онда адамның физикалық ҳәм эстетикалық раўажланыўы туўралы гәп жоқ. Қулласы, адамның хәртәреплеме раўажланыўына байланыслы көз-қараслардың мәлим биреўлерин қараў мәселеси олардағы баҳалы моментлерди есапқа ала отырып, бул проблемаға байланыслы өз қарасымызды билдиремиз.

Ен алды менен соны түсиниўимиз керек,адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы бул процесстиң, яғный жеке адамның раўажланыўының жоқары басқышы болар екен, сол ушын ол адамның өмириниң мақсети ҳәм мәнисин сәўлелендиреди екен, оны тек адамлардың искерлиги менен байланыстырыўжеткиликсиз. Бул бир. Екиншиден, бул искерликтиң белгили жәмийетлик қатнаслар тийкарында әмелге асатуғынлығын есапка алыў жөн. Егер жеке адамның раўажланыўы жәмийетлик қатнасларды ийелеўдиң көлемин кеңейтиў хәм тереңлестириў болса, жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы жәмийетлик-қатнасларға хәртәреплеме ийелик етиў менен байланыслы. Бул шын мәнисинде адам өмириниң мақсетине ҳәм мәнисине

[30] Қараңыз: Красин А.Н. Социально-философские проблемы становления личности. М., 1991. С.90.

адекват сәйкес келеди. Оның үстине, ҳәртәреплеме раўажланған жеке адам түсинигин бир ғана белги менен шегаралаў, анықлаў қыйын. Анықламаның ҳәр бир қыры басқаларын ашады ҳәм толықтырады. Ҳәр тәреплеме раўажланыўдың ең биринши ҳәм бас шәрти жеке адамның социаллық искерликтиң тийкарғы түрлеринде қатнасы. Бул жерде соны ҳәм айтып өтиў зәрүрли, арнаўлы әдебиятта адамзат искерлигиниң қайсы түрин тийкарғы деп есаплаў мәселеси ҳәм бираз дискуссиялы. Сонда ҳәм мийнеткеш масса өзиниң зәрүрли мийнети менен жутылған, онда жәмийетлик ислер ушын, басшылық, мәмлекетлик ислерди алып барыў ушын, ҳуқықты әмелге асырыў ушын искусство менен шуғылланыўға ўақты жоқ болар екен, бул ислерди әмелге асырып туратуғын мәлим топарлар болыўы тәбий. Усы көз-қарастан келип шыға отырып искерликтиң мынадай әҳмийетли түрлерине атаў мүмкин. Олар: материаллық-қайта қурыўшылық, социаллық - қайта қурыўшылық, (жәмийетлик-сиясий), руўҳый қайта-қурыўшылық. Биринщисине материаллық-өндирислик, материаллық-турмыслық ҳәм физикалық мәдениятлық – спортлық искерлик киреди. Социаллық – қайта өзгертиўшилик искерлик мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ислерди басқарыўға, улыўма социаллық басқарыўға шөлкемлестирилген искерликти өз ишине алады. Руўҳый қайта қурыўшылық өзгертиўшилик искерликтиң дүзилисине илимий билиўлик, педагогикалық, көркем искерлик киреди. Бул тийкарғы искерликлердиң ҳәр бири өз гезегинде индивидке максималь дәрежеде өзиниң укыпларын, талантын жүзеге шығарыў ҳәм жетилдириў ушын конкрет сабақ алыўлардың пүтин спектрин өз ишине алады. Бул бойынша гәп искерликтиң мәлим түринде улыўма қатнасыў емес, ал актив дөретиўшилик пенен қатнасыўды нәзерде тутады. Практикалық искерликтиң тийкарғы түрлеринде қатнаспай ол шын мәнисинде ҳәртәреплеме жетилген бола алмайды. Гәп сонда, егер өмирдиң мәниси адам искерлигин ең алды менен оның бағдарланғанлығы, жетекши тенденциясы ҳәм мақсети характерлейди екен, инсан искерликтиң ҳәмме түрине де актив қатнасып ғана өз өмириниң мақсетине ҳәм мәнисине жетисе алады.

Адамның искерликтиң тийкарғы түрлеринде қатнасыўы ҳәм бундай қатнасыўларға анық таярлығы ушын зәрурли билим ҳәм уқып, дағдыларға ҳ.т.б. ийе болыўдың өзи-ақ ҳәмме нәрсени де ислей алатуғын ҳәртәреплеме раўажланған ҳәм ҳәртәреплеме таярланған адамлар жәмийетин жаратыўга имканиятын аңлатады.

Бирақ ҳәрқыйлы адамлардың искерликтиң ҳәрбиринде қатнасыўы формасы бойынша да, мазмуны бойынша да бирдей болмайды. Ғалаба сапа - ҳәртәреплемелилик тек ғана шексиз санға ийе индивидуаллық модификациялар дәрежесинде болады. Жер бетинде бирин-бири қайталайтуғын еки бирдей адам дүньяда болған емес, жоқ ҳәм болмайды да. Усы себепли де ҳәр бир материаллық ҳәм руўхый байлықлардың көбейиўине өз үлесин ғана қоса алады. Ғәрезсизлик, сөз жоқ, жәмийеттиң сезилерли дәрежеде руўхый өсиўине алып келеди. Дурыс, бул процесс ҳәмемениң ҳеш ҳәм «теңлесиўи» емес, ал керисинше адамлардың руўхый турмысының байлығының ҳәм көптүрлилигиниң болыўын аңлатады. Бул деген сөз ғәрезсизлик тийкарындағы социаллық-экономикалық ҳәм мәдений қурылыстың улыўмалығы мәниси қаншелли адамлардың күнделикли ойлаў ҳәм ҳәрекет, образынан жай алар екен ҳәр бир адамның индивидуаллығының ашыла бериўи ушын имканиятлар көбейе береди. С.Н.Иконникованың пикири дурыс: «Адам ҳәмме тәрепке қарай бир тегис раўажланыўы мүмкин емес. Раўажланыў мудамы мақсетке бағдарланған, таңланған, жәмленген, бирақ билимлерди, дағдыларды, установкаларды қатаң қосыў жолы менен өтеди».[31]Бул тенденция ҳәртәреплемелиликке тек сол ўақытларға ғана қарсы келмеўи мүмкин, ол ҳәм болса адамның тәўир көрген бәнтлигиниң түри абсолютлеспеўи, басқа түрли жәмийетлик қатнаслар ҳәм байланысларға толық енисиўин иркиниш болмаўы тийис. Жеке адам ҳәр қашан искерлик түрлериниң интеграциясы ҳәм дифференциациясының реаль қарама-қарсылықлары менен соқлығысып турады. Бул процесс искерликтиң

[31] Қараныз: Иконникова С.Н. Проблема всесторонного и гармонического развития личности // Духовная культура и личность. Сб. научных трудов. Т.48. М.1991. с.44.

диапазонының өзин-өзи шеклеўин ҳәм өз ишине алады. Булсыз қәнигелесиў жәмийетлик байланыслардың пүткил моллығына енисиў мүмкин емес. Соның ушын ҳәм ҳәртәреплемелилик ҳәм бағдарланыўдың гармониясы өзинен өзи, стихиялы пайда болмайды, ол инталық пенен әмелге асырылған мийнет арқалы, өзин-өзи тәрбиялаў арқалы жүзеге келеди.

Жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы жәмийеттиң раўажланыўының нәтийжеси, жәмийеттиң раўажланыўы индивидлердиң раўажланыўының ақыбети.

Тап усындай еркин жәмийеттиң тийкарғы принциплериниң бириниң иске түсиўин көремиз. Ол ҳәм болса ҳәрбир адамның еркин раўажланыўы. Усы тақылетлес принципти идеал тутқанўақытлар ҳәм болған. Мәселен бурынғы Аўқам тусында ол коммунистлик келешек пенен байланыстырылды. Ҳақыйқатында онда жәмленкен мәнисти түсинип алыўымыз керек. Бир тәрептен ҳәрбир индивид екинши индивидтиң раўажланыўына себепши болады, имканият жаратады. Бул ғәрезсиз елимиздиң жәмийетлик қатнасларының тәбиятынан адамлардың жолдаслық ҳәм өз-ара жәрдемге бағдарланғанлығынан келип шығып, қоллап-қуўатланылады. Екинши тәрептен ҳәрбир индивидтиң раўажланыўы улыўма ийгилик ушын бағдарланған оның искерлигиниң эффективлигине тәсир етеди, жәмийетлик байлықтың көбейиўине мүмкиншилик туўғызады, демек, жәмийеттиң ҳәмме ағзаларының раўажланыўына имканият жаратады.

Индивидтиң раўажланыўының ҳәртәреплемелилиги – бул жәмийетлик процесс. Өзлериниң жеке адамзатлық, жеке адамлық – шахслығгындағы ҳәрқыйлылыққа ғана ийе, ашық-айдынлыққа ийе индивидуумлардан қуралған жәмийет ғана шын мәнисинде мәдений бай жәмийет бола ма? Жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы ҳәм оның индивидуаллығының кәлиплесиўи, ашылыўы-булар бирден-бир процесстиң еки ажыралмас тығыз байланыслы еки тәрепи ҳәртәреплемелилик жеке адамның искерликтиң тийкарғы түрлеринде қатнасыўын ғана емес, ал соның менен бирге оның

индивидуаллығының байлығын максималлық дәрежеде көбейтетуғын қатнасығын талап етеди.

Ҳәртәреплемелилик адамның тийкарлық күшлериниң, укыпларының, дағдыларының, билимлериниң, билиўлериниң ҳ.т.б максималлық дәрежеде раўажланыўын ҳәм оларда реаль процесс әмелге асыўын аңлатады.

Ғәрезсизлик ҳәм ол тутқан барлық принциплер, установкалар ҳ.т.б жәмийет ағзаларына өзлериниң ҳәртәреплеме раўажланған уқыпларын қолланыўға имканият береди. Бирақ адамлардың укыплары ҳәрқыйлы ҳәм искерликтиң ҳәрқыйлы конкрет түрлеринде көриниске ийе. Ҳәрқыйлы уқып, зейинниң болыўы, ҳәркыйлы инсаный натуралардың анаў емес мына я мынаў емес ана искерликтиң түрине қатнаслығын белгилейди. Адамлар бир ғана искерлик шегарасындағы көп түрли бәнтликке уқыплы болыўы мүмкин. Бул жағдайды инсанның ҳәртәреплемелилик раўажланыўына байланыслы коммунистлик идеал мийнет бөлинисиниң ҳәм олар менен байланыслы профессиялардың сақланыўының себеби сыпатында қарады. Шын мәнисинде бул көз-қарас адамларды хәмме тәреплеме, «теңлестириўге» бағдарланған утопиядан, қыялдан келип шыққан көз-қарас екенлигин дәлийллеп отырыў шәрт емес деп ойлаймыз. Тек айтажағымыз сол: адамлардың қәбилет, уқып, зейинлериниң тәбий тийкары, сондай-ақ олардың оқыў, үйрениў, социалласыўы, жетилиў процесси адамзат раўажланыўының келешектеги басқышларында ҳәм тоқтап қалмайды. Адам тамамланбаған қубылыс болар екен, оның талап, мәплери тоқтаўсыз өсип, қурамаласып бара береди. Өмирдиң мәнисин түсиниў гана социаллық искерликтиң бағдарланыўын белгилейди. Оның үстине, индивидуаллықтың өзинде зәрүрли түрде жәмийеттиң, топардың ҳ.т.б талап, мәплери менен белгиленген улыўмалық болады.

Адам тәғдийрдиң буйрығы менен емес өзи, тек өзи өзиниң мақсетине ылайық өмирин жаратады. Бул бойынша Людвиг Фейербахтың пикиринде жан бар. Ол айтады: «Бул мақсет, адамның өзи ушын өзиниң тәбиятынан,

өзиниң уқыпларынан ҳәм умтылыўларынан келип шыққан халда өзи таңлап алғаннан басқа хеш нәрсе де емес»[32].

Дурыс, Л.Фейербахтың биологиялық антропологизминиң басымлығы, адам ушын өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин түсиниўде мәлим шекленгенликлерге ийе. Онда инсанның биологиялық емес социаллық қубылыс сыпатында өзгешеликлерин терең түсиниў ҳәм адам ушын өмирдиң мақсетиниң ҳәм мәнисиниң социаллық факторлардан, себеплерден ғәрезлилигин нақма-нақластырыў жетиспеди. Соның ушын да адамның ҳәртәреплеме раўажланыў имканиятларына жол ашқан жамийетлик дүзимниң артықмашылықларын түсиниў, ақырына дейин аңлап жетиў болмады. Деген менен, бул көз-қарастың адамның өмириниң мақсетин ҳәм мәнисин түсиниўдеги орнын ҳәм ролин бийкарлаў қыйын.

Адамның өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин аңлаў, бул тиккелей инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўының зәрүрлигинде сәўлеленер екен, социаллық искерликтиң тийкарғы түрлерине жәмийеттиң ҳәмме ағзаларының қатнасыўы төмендегилерди талап етеди:

1) Жәмийеттиң ҳәр бир ағзасы тәрепинен оның индивидуаллығының жүзеге шығыўы ҳәм раўажланыўына максималлық дәрежеде мүмкиншилик туўғызатуғын конкрет бәнтликтиң түрин таңлаў;
2) Бул конкрет бәнтлик түрлерин таңлаў хәр бир индивидтиң толық бағдарланыўының сәўлелениўине ийе доминантаның болыўы.

Бул жағдайда нызамлы сораў пайда болады: егер ҳәртәреплеме раўажланыўда ҳәм мәлим доминанта сақланады екен, онда жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы биртәреплеме раўажланған жеке адамнан қандай парыққа ийе? Онда да жеке адамның анаў я мынаў тәрепи артықмашлыққа ийе жағдайда раўажланады ғой… Гәп сонда адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы процесинде оның жеке адамлығының, шахслығының тек доминанталық тәрепи раўажланбайды. Жеке адамның доминанталық тәрепи бираз интенсив раўажланады, бирақ бул оның басқа тәреплериниң есабынан

[32] Фейербах Л. Избранные философские произведения. Т.I. М., 1955.с.343.

әмелге асырылмайды. Доминантаның раўажланыўы жеке адамның пүткил дүзилисиниң өзгерисин белгилейди. Доминанта тек ғана жеке адамның дүзилисин жетилдириў шынжырындағы тийкарғы бууын хызметин атқарады. Ал бул, структураның мәлим элементлериниң бир тәреплеме, гипертрофиялық раўажланыўы қалғанларының раўажланыўының зыянланыўына ҳәм жеке адамның утилитарлық прагматистлик бағдарланыўына алып келеди. Сол себепли де гәрезсизлик тусындағы социаллық-экономикалық ҳәм мәдений раўажланыўдың артықмашлығы сонда, ол адамның пүткил күшлериниң раўажланыўына бурынлары алдын ала орнаған масштабтағы жағдайына қарамастан жол ашып береди.

Ҳакыйқатында да раўажланыўдың ҳәртәреплемелилигин мәлим бир стандарт, норма ҳ.т.б ерисиў сыпатында түсиниў надурыс болар еди. Бундай стандарт болыўы мүмкин емес, себеби улыўмалық жеке адамның хәртәреплеме раўажланыўы индивидуаллық формалардың шексиз көплигин талап етеди. Ондай алдын ала орнаған масштабтың болмайтуғынлығының тағы бир себеби сонда, жәмийеттиң раўажланыўының ҳәр бир басқышы ҳәм ҳәртәреплемелиликке жаңа тарийхый-конкрет талапларды қойып отырады. Бизиң бүгинги жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы туўралы көз-қарасларымыз ғәрезсиз раўажланыўымыздың келешек 20-30 жыллардан кейинги белеслеринде ғаз қәлпинде сәйкес келиўи қыйын. Соның ушын ҳәм жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы оның индивидуаллық дөретиўшилик күшлери ҳәм имканиятларының жеткен жерине дейин ғана болатуғынлығын нәзерде тутқан мақул. Шынында да ҳәртәреплеме жәмийетлик қатнасларға ийелик етиўде жәмийеттиң еркинлиги мол болғаны менен жеке индивидтиң мүмкинликлери бираз шекленген болыўы мүмкин.

Ҳәртәреплемелиликке жетисиўдиң барлық индивидуаллық айырмашылықлар, формалар, оның көп түрли индивидуаллық модельлери болыўына карамастан оларға тән улыўмалық байлық адамның гармониялығы ҳәм руўҳый дүньясының пүтинлиги, оның тийкар күшлериниң универсаллық раўажланыўы, адамның тәбият, жәмийеттиң стихиялы күшлери, өзлериниң

толық күшлери үстинен ҳүким сүриўи болып табылады.Бул жағдай тәбият арасындағы қатнаслардың ақылға сыйымлығы, олардың жәмийет ҳәм адам бир-бири менен түсинисиўин ҳәм нәзерде тутады.

Жокарыда айтылды,ҳәртәреплеме раўажланған жеке адамға социаллық искерликтиң тийкарғы түрлерине қатнасыў факты ғана емес, ал қатнасыўдың характери,бул искерликтиң мазмуны жүдә әҳмийетли.

Искерликтиң сапалық минезлемесине эмпириялықанализ жүдә қурамалы, себеби ол оны әмелге асырыўдың шарайытларынан, жеке адамның уқыпларынан, талант, укып, зейинлеринен ғәрезли. Айтайық, бир адам күнделикли физкультура менен шуғылланады, тәўир-ақ спортлық нәтийжелерге ериседи, ал басқа биреў бундай нәтийжеге ерисе алмайды. Усы тийкарда екинши жағдайда физкультура менен шуғылланыў адамның ҳәртәреплеме раўажланыяын мүмкиншилик туўғызбайды деген жуўмаққа келиўге бола ма? Әлбетте олай емес. Искерликтин сапалық минезлемеси туўралы айтқанымызда, биз оны әмелге асырыўдағы шеберлик, оны әмелге асыра билиўди емес, ал оның бундай минезлеме сыпатында оны орынлаўдың, әмелге асырыўдың социаллық еркинлигиниң дәрежеси болып табылады.

Биз сөз еткен социаллық искерликтиң тийкарғы түрлери жәмийет ушын ҳәм адамның хәртәреплеме раўажланыўы ушын ҳәм зәрүрли. Гәп сонда, кайсы дәрежеде бул зәрүрлик саналы аңланылған, қайсы дәрежеде жеке адам оны өзиники есаплайды ҳәм әдетлениўине айналады,басқа сөз бенен айтқанда бул искерликтиң сыртқы зәрүрлиги адамның ишки талабына қайсы дәрежеде айналады, әне гәп сонда.

Бул процесс жәмийетлик раўажланыўдың мәлим басқышынан оның жәмийетлик қатнасларынан жеке адамның бийганаласыўының ҳәмме формаларының жоқ етилиўинен ғәрезли. Ғәрезсизлик раўажланыў тусындағы мүмкиншиликлердиң реаллыққа айналыўы, жәмийетлик турмыстың ҳәмме сфералары бойынша әсирлерге тән нәтийжелерди қолға киргизгенимиздиң реаллыгын хәм әҳмийетин мақуллаў менен бирге ҳәзирги раўажланыў жағдайымыз социаллық искерликти ҳақыйкый еркин искерликке

айналдырыў ушын шарайыт жасайды. Арнаўлы әдебиятларда «еркин раўажланыў», өз интасы менен атқарылатуғын искерлик (самодеятельность), «искерлик» ҳ.т.б инсанның ишки талабын аңлататуғын түсиниклер қолланылады. Бунда әсиресе өз интасы менен атқарылатуғын искерлик ғалаба еркин мийнеттиң социаллық формасы сыпатында болады. Бул қәлеген социаллық сферадағы искерликтиң сапалы характеристикасы.Өз интасы менен жеделли атқарылатуғын искерлик мәлим параметрлерге ийе. Олең алды менен субъекттиң мәлим искерлик системасындағы еркинлиги менен байланыслы. Оның үстине, тағы бир талап искерлик системасын таңлап алыўдағы еркинлиги болыў менен байланыслы. Бундай искерлик сыртқы тосын мүтәжлик пенен емес, ишки талаптың болыўы менен ғана әмелге асырылады.

Инсанның өз интасы менен жедел әмелге асырылатуғын искерлиги шын мәнисинде адамның еркин, дөретиўшилик искерлиги болып табылады. Соның ушын да бул искерлик ҳеш ҳәм иркиниш, гедергисиз әмелге асырылады. Дурыс, искерлик диалектикасы бул ҳешқандай проблемасыз, қыйыншылықсыз процесс емес. Жәмийеттиң раўажланыў басқышына жараса қарама-қарсылықлардан ҳәм биротала азат бола алмайды. Жәмийеттиң тек ғана социаллық дүзилисиндеги градациялық реаллықлардың өзи ақ өзиниң раўажланыўында, жетилиўинде бир емес, бирнеше проблемалық ситуацияларды жүзеге келтирмеслигине ҳешким де кепиллик бере алмайды. Оның үстине адамзат өмир сүриўин, жасаўын монополярлыққа өткизиўге урынып атырған күшлер ҳәм жоқ емес.

Булардың бәрин нәзерде тутатуғын болсақ, мийнеттиң социаллық миннет ҳәм тәбий зәрүрлик болыўының мәнисин аңлаў зәрүр. Дәслепкисинде социаллық искерлик жеке адам ушын сыртқы мәжбүрий, екиншисинде ол инсанның ишки зәрүрлигине, талабына, мәпине айналады. Адам тәрепинен оның еркин ҳәм ишки талап, мәп тийкарында искерликтиң әмелге асырылыўы соншелли дәрежеде, адам оны зәрүрлик сыпатында талап етеди де турады. Ўакытлар өтиў менен тек мийнет емес, социаллық искерликтиң

басқа түрлери де, өмирлик талапқа бурынғыдан бетер дәрежеде айналады. Искерликтиң инта менен атқарылыўы деген сөз, бул демек оның ишки стимуллары ҳәм мотивлериниң жүзеге шығыўы менен шеклениўи емес, ал адамның тийкар күшлериниң барынша көриниске ийе болыўын аңлатады.

Инталы искерлик социаллық искерликтиңкәлеген түри ушын характерли. Гейде буны көркем-өнер сферасы менен шеклеў ҳәм сезиледи. Мәселен, көркем ҳәўескерлик. Деген менен, адамның инталы искерлиги адамлардың мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ислерине қатнасыўында да көриниске ийе. Инталы искерлик анаў я мынаў социаллық искерликти орынлаўда мудамылыққа ийе ҳәм беккем установканы талап етеди. Усындай установка арқалы ғана жеке адамның мәлим искерлик пенен шуғылланыўға, оның менен шуғылланыў әдетлениўге айналады. Қулласы, искерликтиң тийкарғы түрлериниң инталы искерликке еркин, ишки сезим арқалы орынланатуғын искерликке айналыўы хәртәреплеме раўажланған жеке адамның қәлиплесиўиниң зәрүрли шәрти болып табылады. Бул жеке адамның улыўма раўажланыў концепциясынан, бул бойынша жеке адамның раўажланыўы оның социаллық күшлериниң раўажланыўы сыпатында қаралыў концепциясынан келип шығамыз. Бул күшлерге жеке адамның талаплары ҳәм киреди.

Мәлим шынжыр жүзеге келеди. Искерликтиң мәлим түрине талаптың, зәрүрликтиң болыўы ҳәм оның менен мудамы шуғылланыў, оны әмелге асырыў ушын зәрүрли уқыпларды, дағдыларды талап етеди. Мәлим қолайлы социаллық шарайытларда адамда раўажланған талаплар болғанда адамда искерликтиң мәлим бир түрине установка пайда болады. Оның менен мудамы шуғылланыў дағдыларды, уқыпларды раўажландырады. Унамлы социаллық сезимлер ҳәм эмоцияларды болдырады яғный адамның социаллық күшлериниң пүткил системасының жетилиўи, раўажланыўы жүзеге келеди. Бул жағдайда жеке адамның органикалық талабы оның мийнет, жәмийетлик-сиясий ҳәм руўҳый искерликтиң мәлим формаларында қатнасыўы болып табылады.

Бирақ ҳәртәреплемелиликти жеке адамның тек ғана социаллық күшлериниң көриниси менен шеклеў надурыс болған болар еди. Бул бойынша Г.Гегельдиң көптүрлиликке ийе искерлик ушын олардың бирлиги неде қандай бирден-бир мақсет тийкарғы түсиник есапланатуғынлығын анықлаўы ҳәзирги ҳәм буннан соңғы пикирлеўлеримиз ушын да әҳмийетли. Гегель бундай мақсетти «жабайы қумарлылықларды» жумсартыўда көреди. Бирақ шын мәнисинде мақсет адамның өзин-өзи әмелге асырыўы, өзиниң өмирлик мақсетлерин иске асырыўы, барынша оның уқыпларының ҳәм зейин дағдыларының көриниси болып табылады.[33]

Жуўмақластыра отырып, айтыўымыз керек, инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўын оның барлық белгилериниң комплексинде анықлаў мүмкин. Биринshiден, жеке адамның социаллық искерликтиң ҳәмме түрлеринде дөретиўшилик катнасы, бул индивидуаллық уқып, талапларға сәйкес келетуғын ҳәм индивидуаллықты барынша тәмийинлейтугын искерликтиң ҳәр биринде конкрет бәнтликти таңлаў. Екиншиден, социаллық искерликтиң ҳәр бир түрин атқарыўда ишки талаптың (тәбий зәрүрликтиң) қәлиплесиўи, оның еркин инталы, жеделли искерликке айналыўы. Үшиншиден, жеке адамның универсаллық дәрежеде өзин-өзи әмелге асырыўы, оның уқыплары ҳәм дөретиўшилик мүмкиншиликлериниң барынша әмелге асырылыўы.

Булардың арасындағы байланыс анық: егер адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы оның социаллық-практикалық искерлиги процесинде жүзеге келсе, оның тийкарғы элементлери сыпатында бул искерликтиң сфералары, оның характери ҳәм нәтийжелери болады. Адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы утопия емес, абстракт идеал емес. Гәп ҳақыйқый ҳәртәреплеме раўажланыўға ийе болып қәлиплесип атырған адамлар туўралы. Мифлик мақлуқат емес, ал ҳәр күнги тәшўишлер, қуштарлық талаплары, мәплери менен күнделикли өмири толы адам ғана бул жүдә қурамалы процестиң ҳәм субъекти ҳәм объекти бола алады. Бул деген сөз ҳәр бир адамның конкрет мақсетин әмелге асырыўы оның өз имканиятларын, зейин, уқыбын,

[33] Гегель Г. Эстетика Т.1 М., 1968 с 54.

талантын, дөретиўшилигин әмелге асырыўының сәўлелениўи болар екен, инсанды субъектли-объектли қатнасларда қараў ақылға муўапық келеди. Усы себепли де адамның хәртәреплеме раўажланыўын, өзин-өзи әмелге асырыўын тарийхый процестиң контекстинде қарай отырып, оның барлық компонентлериниң синтези адамның өмириниң мақсети хәм мәнисин мәлим дәрежеде минезлейтуғынлығын аңладық. Соның ушын да өмирдиң мәниси туўралы пикирлегенимизде оның адам искерлигиниң, ең алды менен, бағдарланыўы хәм жетекши тенденциясы хәм мақсети көз-қарасынан қараймыз. Бул бойынша адамның хәртәреплеме раўажланыўы, өзин-өзи әмелге асырыўға бағдарланған инсан, әлбетте өз өмириниң мәнисин саналы түсинген хәм оны жүзеге шығарыў ушын мәлим аўытқыў, қыйыншылықларға хәм қарамастан өз бағдарынан жазбай алға умтылған адам. Мәселени еле де бираз айқынластырыў мақсетинде жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўында мәлим фактор хәм себеплердиң орны хәм роли туўралы пикирлеўимиз жөн болса керек.

## II бап. Жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўының тийкарғы факторлары

### §1. Жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўы

Адам тек ғана тәбият ҳәм жәмийет процесслерин өзгертип қоймастан өзин ҳәм өзгертеди, өзин-өзи дөретеди, өзиниң раўажланыўын тәртипке салып отырады. Бул мәнисте ҳәр бир жеке адам өзиниң қәлиплесиўи ушын жуўапкершиликке ийе. Адамды қәлиплестириўге байланыслы объектившараятлардың ролин ҳеш ҳәм бийкарламастан адамды оның өзиниң продукты ҳәм нәтийжеси сыпатында қараў дурыслыққа келсе керек.

Адамның өзин-өзи тәртипке салыўы, мәлим авторлардың түсиндириўинше индивид тәрепинен сырткы тәртипке салыўшы системаларды өзиниң ишки дүньясына өткизиўи.[34]

Ҳақыйқатында да жәмийеттиң раўажланыўының мәлим басқышында мәлим топарлар яқий пүткил жәмийет тәрепинен қабыл етилген нормалар, принциплер, минез-қулық, искерлик үлгилери, баҳалаў ориентациялары ҳ.т.б адам тәрепинен меңгериледи, өзлестириледи ҳәм ол ушын оның өзин-өзи тәртипке салыўы ушын нормаға айналады, оның турмысына енеди, әдетлениўине, мәдениятына айналады.

Буннан шыға отырып, жеке адамның раўажланыўын (оның үстине оның ҳәртәреплеме раўажланыўын) жеке адамға сыртқы тәсийрлердиң нәтийжеси сыпатында ғана емес, ал олардың адамның өзиниң актив искерлиги менен бирлиги, беккем кепсерлениўи, оның ҳәртәреплеме раўажланыўы, умтылыўының өзин-өзи тәртипке салыўы менен бирлиги сыпатында түиндириў дурыслыққа келсе керек. Жеке адамның ишки белсендилигисиз, оның актив өмирлик позициясыз ҳәртәреплеме раўажланыўы реаль мүмкин емес.

Жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўы-бул инсанның өзин-өзи билиўи, өзин-өзи баҳалаўы, өзин-өзи аңлаўы ғана емес, ал ең алды менен

[34] Қараңыз: Буева Л.П. Общественная детерминация и управление формированием личности // Проблема управления процессом воспитания (материалы симпозиума) М., 1991. С.28-29.

оның практикалық искерлигиниң нәтийжеси Мийнет процессинде, социаллық искерликтиң басқа да түрлеринде адам өзиниң уқыпларын, талантын, талапларын көрсетеди, қысқасы, өзиниң тийкар күшлерин реализациялайды. Өзин-өзи реализациялаў себепли адамның рууҳый байлығы улыўма әҳмийетке ийе, жәмийетлик баҳалық болады.

Ғәрезсиз елимиз жәмийети ҳәрбир адамның социаллық күшлерин жоқары дәрежеде әмелге асырыў мәпдар. Бул мақсетте елимиз сиясатындағы жәмийетлик ҳәм жеке мәплердиң ушласыўы, гармониясы. Адамның максималь дәрежеде өзин-өзи аңлатыўы, көрсетиўи нәзерде тутылған.

Жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыў идеясы философия тарийхында, кеше, бүгин пайда болмаған. Бул мәселени қараған қайсы дәўир философиялық ойы да жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўын сананың активлиги менен байланыстырады. Оның үстине мәлим тәлийматларда сананың активлигин абстракт-мистификацияланған формада қарады, ал екинши биреўлеринде өзин-өзи әмелге асырыўдың адамның өзиниң жеке адам сыпатында қәлиплесиўиниң қуралы сыпатында қарады. Мәселен, Ф.Бэкон «адамға оның өзин-өзи билиўи жеткиликсиз, өзин ақылға сыйымлы ҳәм епшил, өзин көрсете алыўға, ҳәттеки өзин-өзи қәлиплестириўге жәрдем беретуғын усылды таўып алыўы керек».[35]

Соның менен бирге Бэконның пикиринше, егер адам өзиниң тәбий уқыплары, бейимлилиги бойынша пүткиллей бейим емес жолды таңлап алса, дәрҳал бирден-ақ жаңа жолға түсип алғаны жақсы.[36] Деген менен ойшылдың бул жақсы пикирлеўи изине дейин раўажландырылып тийкарланылмады, тужырымланбай қалды.

Бираз терең ҳәм жән-жақлама өзин-өзи әмелге асырыў идеясы Гегель тәрепинен исленип шығылды. Философия тарийхында бириншилерден болып ол адамның искерлигине айрықша итибар берди. Усы искерлик арқалы, Гегельдиң пикиринше, жеке адамның ишкиси, айтайық ой-нийети,

---

[35] Бэкон Ф. Соч.в 2-х томах Т.1. М., 1977. С.458.
[36] Там же. С.457.

тилеклери, умтылыўлары объективленеди, әмелге асырылады. Гегель генниаллық пенен искерликтиң әҳмийетли түри сыпатында мийнетти атады. Адамның тери ҳәм адамның мийнети адам ушын оның талапларын қанаатландыратуғын қурал болады.[37] Оның түсиндириўинше, мийнеттиң мәниси, негизи, тийкары өзиниң исклениўиндеги шеклениўшилигинде. Себеби ол мәлим дәрежеде материаллардың тәбияты менен, екинши жағынан мәлим дәрежеде басқалардың көбирек ерки, буйрығы менен келисимде болады.[38]

Гәп сонда, Гегель мийнеттиң жеке адамның ишки тийкарын объективлесиўиндеги ролин ашып қойған жоқ, соның менен бирге еркин емес, мәжбүрий мийнеттиң характерин өз заманы жәмийети мысалында көрсете алды.

Гегель айтады, адам искерликтиң анаў я мынаў түрин атқара отырып, усы искерликтиң өзгешеликлери менен белгиленген мақсетти гөзлейди. Бирақ буннан ол қанаатланыўға ийе болыўы тийис. Бул адамның искерлигинде өзиниң толық мақсетлерин ҳәм әмелге асырғанда болып өтеди.

Қулласы, Гегель субъекттиң шексиз ҳуқықының мәнисин оның өзиниң искерлигинде ҳәм өзиниң мийнетинде қанаатланыў табыўда көрди. Ол усылайынша өзиниң «Руҳ феноменологиясы» мийнетинде адамның өзин-өзи иске салыўы, әмелге асырыўына оның өзи менен өзи өзи ушын қәлиплесиўи сыпатында қарады.

Адамның ишки «өз мақсетин» ойлап ис тутыўы ҳәм умтылыўында мәлим жоқары мақсетлерди әмелге асырыўы жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўы есапланады. Бул идея көп ғана ойшыллар тәрепинен жоқары баҳаланыўына қарамастан, мәлим кемшиликке ийе.Ол ҳәм болса Гегель өзин-өзи әмелге асырыўды идеяның, руўҳтың, өзин-өзи әмелге асырыўы менен шегаралап таслады. «Субъективликтен шығыў» онда субъективликтен объективлик руўҳқа өтиў, абсолют идеяның өзин-өзи раўажландырыўының

[37] Гегель Г. Соч., М., - Л, 1934 с.222.
[38] Сонда …

зәрүрли этабы болады ғана. Ең соңында индивидти ғалабалыққа дейин котериў оның еркин мәмлекеттиң ерки менен араластырып жибериўден басқа ҳеш нәрсе де емес. Оның үстине, Гегель искерликти ҳеш ўақытта да жәмийетлки-тарийхый практика сыпатында қарамады. Өз тәлийматына ылайық искерликти жәмийетлик-тарийхый практика сыпатында қарай алмас та еди.

Өзин-өзи әмелге асырыў бойынша бираз унамлы идеяларды жүзеге шығарғанлардың бири Л.Фейербах. Ол адамның орны, мәнисин, хызметин, өмирлик мақсетлерди орынлаўда, реализациялаўда көрди. «Кимде-ким өзин бир нәрсе ушын тастыйқламаса; - деп жазды Л.Фейербах, - ол бир нәрсеге мақсетке ийе болмайды. Жийи-жийи адамның мақсети не екенлигин билмеймиз дегенди еситиўге туўра келеди. Кимде-ким усылай пикирлесе, ол өзиниң толық белгисизлигин, белгилениўге ийе емеслигин басқаларға өткергени. Кимдур өзиниң мақсети не екенлигин билмесе, ол айрықша мақсетке ийе болмайды».[39] Л.Фейербах ҳәрбир адамды оның үлесине тийген «өмирлик капиталды» ақыл менен пайдаланыўға, ўақытты ҳеш нәрсеге турмайтуғын иске сарп етпеўге, ал оны адамның алдына қойған өмирлик ўазыйпасын атқарыўға жумсаўға шақырады. Адамның өзин-өзи амелге асырыўы онын өмирлик мақсетин ҳәм ўазыйпасын атқарыўға бағдарланған терең идеаллар булардан соң ҳәм жүзеге келеди.

Деген менен бул ойшыллардың жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыў идеясы бойынша пикирлеўлери тарийхый шеклениўшиликлерге ийе болды.Биринштиден, олар адамның мәниси туўралы натуўры көз-қарастан келип шықты. Олар оны я руўҳый идеаллық я өзгериссиз биологиялық тийкар сыпатында түсиндиреди. Екиншиден, жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыў процессин практикалық, қайта өзгертиўшиликтен тысқарыда қарады.Бул бойынша әсиресе, ең алды менен инсанның өзин-өзи әмелге асырыўының тийкарғы аренасы сыпатында мийнеттиң роли қаралмады.

[39] Фейербах Л. Избр.филос.произв.Т.1 с.343-344.

Дурыс, диалектикалық-материалистлик тәлийматтың жүзеге келиўи менен инсанның өзин-өзи әмелге асырыўының өзиншеликке ийе илимий теориясы жаралды. Деген менен, бул мәселе адамның өзин-өзи әмелге асырыўы, дүньяны қалай болмасын революциялық қайта қурыў менен түпкиликли төңкерис пенен байланыстырылды. Айтыў керек, бул идеяның әмелге, практикалық өмирге енгизилиўи бурынғы Аўқам ҳәм бул идея тийкарында ис тутқан Европа, Азиядағы мәлим халықлар өз турмысында изине қайтыўы қыйын, орны толмас азап-ақыретлерге тап болды. Басқаша айтқанымызда, ол халықлардың социаллық-экономикалық ҳәм мәдений турмысындағы жағдайлардың ҳәммеси инсанның жәмийеттеги орны ҳәм ролин нәзерде тутпаўға, оны мийнетиниң жемисинен бийганаластырыўға қаратылды. Бул басқарыўшылық-буйрықпазлық модель формасы ҳәр қыйлы, мәниси бир тоталитарлық режимнен басқа емес еди. Бурынғы Аўқам тусында әсиресе оның өмир сүриўиниң соңғы жыллары сиясий салада басқарыў имканияты жоғалып, қарсылықлар жүдә көбейип кетти. Қураллы соқлығысыўларға дейин барды. Экономикалық салада болса, мәмлекеттиң ишки ҳәм сыртқы қарызы жүдә асып кеткенлигин, халықтың айлықларының қәдирсизлениўи, санаат ҳәм аўыл хожалығы продуктлары кемейип кетти. Өндирис эффективсиз иследи. Мийнет ресурслары жүдә кемейип кетти.

Социаллық сферада болса, аўҳал соннан ибарат болды, ондағы топарлар арасындағы келисиў хәм бирге ислесиў анархияға қарай баслады. Руҳыят мәнисинде түрли бузылыў халларына келди. Мийнет сферасында социаллық активлик көрсетиў итибардан шеттен қалғанлығы себепли материаллық ҳәм мәнеўий хошаметлеўге жүзекилик күшейди. Бул мийнеттиң адамның өзлигин аңлаўындағы тәрбиядағы теңи-тайы жоқ қурал сыпатында әҳмийетиненуқсан келтириўден баска ҳешнәрсе болмады.

Экологиялық жағдай көп ғана регионларда, соның ишинде, мәселен, Арал жағалаўларында, Қарақалпақстанда бираз машқалаларды, ҳәттеки апатшылық жағдайларын ҳәм болдырды.

Этниклик-миллий салада ҳәм машқала азғана болғаны жоқ. Әсиресе аз санлы этнослардың өзлерине тән проблемаларына итибарсызлық нәтийжесинде олардың наразылығы күшейди, бул жәмийеттен социаллық турақлылықты бузды.[40]

Қулласы, жәмийеттиң социаллық дүзилисиндеги коммунистлик идея тутымы деңсейинешығар екен, улыўма қәдриятлар системасы, оның әсиресе миллий процесслер менен байланыслы ҳәм карсылықлы әдалатлар жүзеге келди.

Жәмийеттеги улыўмасоциаллық ҳәм улыўмақәдриятлық тәреплер арасындағы өз-ара байланысты нәзерде тутар екенбиз, бурынғы Аўқамның тарқалып кетиўиниң ҳәм аўқамлас республикалардың ғәрезсизликкеерисиўи ҒМА жүзеге келиўи қаншелли нызамлы процесс екенлиги айқынласады.

Улыўмасоциаллық пенен улыўмааксиологиялықтың сәйкессизлиги күннен-күнге күшейип, көзге таслана баслады.

Жәмийетте, яғный бурынғы Аўқамда турақлылықты сақлап турыўшы субъектлер арасындағы бирге ислесиў ҳәм келисим жоғала баслады. Президент сайлаўлары Аўқамлас республикаларда бола баслады. Ғәрезсиз мәмлекетке айналыў процесси әмелге аса берди. Аўқамдағы басқарыў ҳәм оның баҳалаўлар системасында пүткиллей жаңаша ҳалатты жүзеге келтирди.

Әсиресе 1990-жыллардан баслап КПСС тиң ҳүкимдарлығы жоғалып баслаған дәўир келди. Ғәрезсизликке бурылыс миллий талап ҳәм мәплердин күшейиўине себепши бола берди. 1990-жылы 20-июльде Өзбекистан жоқары (Олий) Совети «Ғәрезсизлик декларациясын» қабыллады. Онда миллийлик пенен улыўмаинсаныйлықтың бирин-бири талап еткен бирлиги принципи сақланды.

Бурынғы Аўқамда бирден-бир орайдан басқарыў зорлығына тийкарланған тоталитарлық, улыўмасоциаллық ҳәм экономикалық

[40] Қараныз: Лапин В.П.Социальные ценности и реформы в Кризисой Росии // Социологические исследования. 1999. №9. С.18-19.

системалар турақсыз болып қалған жағдайда республикаларда турақлылықты сақлап қалыў тийкарғы зәрүрликке айналған еди.

Өзбекистан Республикасы Президенти И.Каримов бул мәселелерге байланыслы былай деген еди: «Дүньяға келген перзент дәслеп еңбеклеп, кейин жүрип кетеди. Жағдай сондай келди, Ғәрезсиз Өзбекистан туўылған күнинен-ақ аяғынан турыўға, өзи жүриўге мәжбүр болды»[41]

Аўқамдағы бахалықлар системасы өзиниң территориялық, регионаллық, миллий ҳәм мәнәўий салалардағы адамларды бирлестириў имканиятының өзеклик өлшемлеринен айрылган пайытлар мәлим топарлар ҳукимдарлықты қолдан бермеўге умтылды да. Буның айрым мысалы. 1991-жылдың августының 19-21 күнлери ҳәрекет еткен ГКЧП. Бирақ бул ҳәм сәтсиз тамамланды.

1991-жылдың августынан баслап, бурынғы Аўқамныңбиротала бөлеклениўи жүз берген оның қурамындағы халықлардың буғаўдан шығыўының үшинши этабы басланды.

1991-жыл 31-августта Өзбекистан Республикасы Жоқарғы Кеңеси «Өзбекистан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги» ҳаққындағы қарар, соның менен бирге «Өзбекистан Республикасының мәмлекетлик ғәрезсизлиги ҳаққындағы нызам» қабыл кылынды ҳәм бул дүнья халықларына жәрия болды.

Өзбекистан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 1991-жыл 18-ноябрьдеги қарарына тийкарланып, 1991-жылы 29-декабрь күни болып өткен Өзбекистан Республикасы мәмлекетлик ғәрезсизлиги туўралы мәселе бойынша референдумы, Өзбекистан Республикасы Президенти сайлаўы өткизилди; сөйтип бул күни И.А.Каримов ушын 8 миллион 514 мың 136 адам даўыс бериўде қатнасқанлардың 86% даўыс берди. И.А.Каримов Өзбекистанның биринши Президенти болып сайланды.

---

[41] Қараңыз: Каримов И.А. Узбекистан: национальная независимость экономика, политика, идеология ______ статьи, интервью. Т., «Узбекистон».

Елимиз 1992-жылы 29-январьда БМШ Қәўипсизлик Кеңеси, 1992-жылы 2-мартта БМШ Ассамблеясының 46 сессиясы қарарына көре Өзбекистан Республикасы оның ағзасы болды. 1992-жыл 8-декабрь күни Өзбекистан Республикасының Конституциясы қабыл етилди.

Өзбекистанды дүньяның 130 ға жақын мәмлекети тән алған, 86 мәмлекет пенен елимиз дипломатиялық қатнасықлар орнатты. Солай етип елимиз жәҳән бирге ислесиўиниң ағзасы болды, халықаралық ҳуқықтың субъекти.

Булардың ҳәммеси, әлбетте инсанның баҳалаў установкаларына, унатыўларына өзгерислер енгизди. Өмирдиң мақсетин ҳәм мәнисин тереңирек анлаўда кеңисликти еледе күшейттиреди. Көп ғана баҳалық ориентациялар, установкалар жәмийеттиң жаңаланыў жағдайына сәйкес келмегенликтен изде қалыўға мәжбүр болса олардың мәлим бөлеклери өзлериниң улыўмаинсаныйлық потенциалға моллығына муўапық инсан турмыс образында жүдә хәм әҳмийетли орынға ийе болады. Оларға ўақтында итибардан шетте қалған байрамлар, дәстүрлер, үрп-әдетлер ҳ.т.б тиклениўи ҳәм адамлардың искерлик ҳәм ойлаў образынан орын алыўы мысал бола алады. Соның ушында бул жағдайлардың өмирдиң мақсетине ҳәм мәнисине қатнаслығын сөз еткенимизде жеке адамның, биринши гезекте реаллыққа байланыслы пикирлеўлерин, сезимлериниң жәмленген көринисин нәзерде тутамыз. Өмирдиң мәнисинде бир теклилик жоқ, онда объективлик ҳәм субъективлик, зәрүрлик хәм еркинлик ҳәм таңлаў еркинлигиниң диалектикалық қарама-қарсылығы ушласқан. Олардың биреўин бир тәреплемелик жағдайында билиў өмирдиң мәнисиниң тийкарын түсиниўге имканият бермейди, оған анық түсиндириў болдырыўға шамасы жетпейди, қәтешиликти болдырады. Бул бир. Екиншиден, өмирдиң мақсети үш момент пенен жүдә айкынласады. Олар: оның жәмийеттиң мақсетине, оның раўажланыў нызамлықларына сәйкеслиги, оның жәмийетлик әҳмийети ҳәм оны көтерип шығыў мотивлери ҳәм әмелге асырыў қураллары.

Жеке адам, мәселенкиден, өзиниң мақсетин избе-из әмелге асырыўға умтылар екен ҳәм пүтин, тутас жеке адам шахс болар екен, оның ҳәммеси де

адамның системалық мақсетке муўапық бағдарланған искерлигиниң болыўында ғана әмелге асырылыўы мүмкин.

Адам өз искерлигиниң бас сферасында мийнетте анаў я мынаў конкрет мақсетлер қояды. Айтайық, олар мийнет процесс рационализациялаў, продукцияның сапасын жаңалаў, конкуренцияға түссе утыў, энергияны ҳәм шийки затты үнемлеў ҳ.т.б. Бирақ усы конкрет мақсетлердиң ишнен улыўма мақсет ҳәм мийнетин мотивлениў қәлиплеседи. Бир мақсетти әмелге асыра отырып, ал басқасын, бираз курамалырағын көтерип шығады. Буның инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўына, өзин-өзи асырыўына жеке адамның өмириниң мақсети сыпатында әҳмийети уллы. Ахыры мийнетте сыртқы күшлер сыртқылық, тәбий зәрүрлик болыўын тоқтатып адам өзиниң алдына қойған мақсетлерге айналады, демек субъекттиң өзин-өзи әмелге асырыўы, оның предметлик жәмлениўи, демек ҳақыйкый еркинлик болады, ал оның искерликли көриниси мийнет болып табылады. Бирақ өзин-өзи әмелге асырыў жәмийетлик қатнаслардан тиккелей ғәрезли. Мийнет процесиндеги өзин-өзи тастыйқлаў шын мәнисинде мийнет адамын-жумысшыны жатып ишерден жоқары қояды, онын раўажланыўына шарайыт жаратады. Соны ҳәм айтыўымыз керек, жекелик, затлық қатнаслар, сондай-ақ бурынғы Аўқам тусындағы тоталитар режим, басқарыўшылық-буйрықпазлық, ҳүкимлик қылғандәуирлердеги мийнеттин, оның продукциясының адамнын бийганаласыў, жатсыныў дәуирлери тусында да, мийнет өзиниң дөретиўшилик, адамды қәлиплестириўшилик ҳәм раўажландырыўшы функциясын жоғалтпайды.

Өзин-өзи әмелге асырыў-адамның өзин-өзи билиўиниң узақ процесиниң жуўмағы. Адамның саналы түрде өзи түсиникке ийе емес уқыплар ҳәм дағдыларын, талантын әмелге асырыўға умтылыўы қыйын.

Өзин-өзи билиў тек ғана искерликлер ҳәм уқыплардың алмасыўы процесинде болыўы мүмкин. Тийкарынан бул жеке адамның раўажланыўы ушын айрықша ҳәм жүдә зәрүрли жәмийетлик қатнас. Адам социаллық күшлери менен алмасыў процесинде басқа адамлардың характерли

белгилерин (уқыплар, талаплар, билимлер, дағдылар ҳ.т.б) биле отырып, өзлериниң толық кәдир-қымбаты ҳәм кемшиликлери ҳаққында көз-қарасқа ийе болады. Басқа адамлардың оған қатнасы бойынша адам өзиниң жәмәәти туўралы ҳәм пикирлейди.

Өзимизди өзимиз билиў процесинде биз өзимизди екинши адамға теңлестиремиз ҳәм оның социаллық «қунын» анықлап болып өзимиздикин ашымайрық билип аламыз. Адамның мәнисин егер изоляцияда қалған Робинзон сыпатында қарасақ ямас оның тәбиятқа қатнасы сыпатында қарасақ, түсине алмаймыз. Ол тек жәмийетлик қатнасларда анықланады. Себеби жәмийетлик қатнасықта ҳәр бир индивид басқаны абстракция сыпатында емес, ал пүткил оның денелигиндеги реаль адамды оның индивидуаллық қәсийетлериниң жыйындысында танып биледи.

Адам жәмийетлик қатнаслардың персонификациясы да (теориялық абстракцияда) ҳәм реаль, денелик, эмпириялық адам ҳәм болады (практикалық қатнаста). Соның ушын практикалық бағдарда Павелдиң индивидуаллық (денелик) Петр ушын оның индивидуаллық сапаларының өзиниң толық сапалары менен салыстырып үйрениўдиң объекти болады. Павелге мисли айна қарағандай қарай отырып, биле отырып Петр өзин көреди. Усы себепли өзин-өзи билиўди практикалық қатнас деп атады ҳәм таза теориялық «сезиўдиң» предмети еткени жоқ.

Адамның раўажланыўын тусиниўде адамның адам менен «практикалық бирдейлиги» туўралы эвристикалық жуўмақ әдетте адамның жәмийетлик ямаса адамның адамға адамшылық қатнасын аңлатыў ушын қолланылады.

Адамлардың теңлигиниң өзин-өзи билиўдиң объекти сыпатында гуманистлик бағдарланыўы ҳәм бар: мен қәлеген басқа адам ушын айнаман, басқалар менин ушын айна. Мәлим ғәрезсизликке тийкарланған қатнасықлар ҳүким сүрген жәмийет раўажланыўының басқышларында адамлардың қарым-қатнасы, демек жәмийетлик қатнаслардың индивидуалласыў процесси усы ғәрезлиликке тийкарланған қатнасықлар менен қыяланады хәм солар

арқалы да белгиленеди.[42] Ал өзин өзи билиў тек ғана бир адам екинши адам ушын қурал емес, ал мақсет болғанда ғана әмелге асырылады. Бул деген сөз биринши адам екинши адамға байланыслы адамшылық қатнасты болдырып, оның индивидуаллығына ҳақыйқый пидайы қызығыўға ийе болып, ол туўралы шын мәнисинде тәшўишке түссе ғана нағыз өзин-өзи билиў әмелге асады. Басқаға эгоистлик қатнас, мәселен, бул процессте теңликтиң болмаўы адамның өзин ҳәм басқаны ҳәм танып билмеўиниң себепшиси болады. Индивидтиң жәмийетлик байланыслары бай ҳәм ҳәртәреплемелиликке ийе болған сайын оның, әлбетте тең шарайытларда, оның өзин-өзи билиўиниң имканиятлары кең.

Билиў процесинде өзин-өзи аңлаўы яғный адамның өмирлик жолының анаў я мынаў этабында өзи туўралы көз-қарасы қәлиплеседи. Биз өзимизди, социаллық күшлеримизди мақсетсиз ҳаўесликтен, бийкаршылықтан емес, ал бул күшлеримизди практикалық искерликте әмелге асырыў ушын танып билемиз. Өзин-өзи билиў-өзин-өзи әмелге асырыўдың шәрти оның зәрүрли алгы шәрти. Адам өзин бираз адекватлырақ, анығырақ билген сайын оннан өзин толығырақ әмелге асырыўды күтиў мүмкин.  Оның үстине өзин-өзи билиў өзин-өзи әмелге асырыў процесинде әмелге асырылады. Өзин-өзи әмелге асырыў бул сондай практикалық, қайта курыўшылық, өзгертиўшилик искерлик, онда жеке адам өзин-өзи билиўдиң өзиниң алдындағы циклиниң жуўмақларын пайдалана отырып, соның менен бирге өзиндеги жаңа мүмкиншиликлерди, пайдаланылмаған резервлерди ашады, демек, өзин тереңирек ҳәм толығырақ ашады.

Өзин өзи билиў ҳәм өзин-өзи әмелге асырыў демек диалектикалық бирликтен турады:биреўи биреўисиз болмайды. Өзин-өзи әмелге асырыў – бул тек өзин-өзи билиўдиң бир ғана цикллық тамамланыўы емес, ал жаңасының басламасы да. Өзин өзи билиў ҳәм өзин-өзи әмелге асырыў адамның пүткил өмири бойы әмелге асырылады. Өзин-өзи әмелге асырыў процеси саналы ҳәм актив процесс сыпатында өзиниң практикалық

---

[42] Ломов Б.Личность в системе общественных отношений – Психологический журнал.. 1981.

искерлигине ендирген, предметлестирген жеке адамның өзиниң мәплерин, талапларын ҳәм уқыпларын аңлаўы менен байланыслы. Бул мәниде өзин-өзи билиў өзин-өзи әмелге асырыўдың алдында жүреди.

Нәтийжеде адамда «өзинше модель», яғный оның өзи, өзиниң «мени» туўралы улыўмаластырылған, жәмленген көз-қарас жүзеге келеди.

Басқа шарайытларда өзин-өзи әмелге асырыў «өзинше модель» жеке адамның сапаларға бираз толық ҳәм адекват болған сайын эффективликке ийе бола береди. Егер бул сапалар жоқарылаған ямаса төменлеген болса, басқаша айтқанда, егер адам өзиниң уқыпларын, талантын ҳәм мәплерин натуўры түсинсе, онда өзин-өзи әмелге асырыў жалған жол менен кешиўи мүмкин. Көп ғана артистсымақлар өзлерин журтта жоқ қылып көрсетиўге жазыўшылар өзлерин М.Шолоховқа я Ч.Айтматовқа теңейди. Бундай жазыўшы, шайырлар баршылық. К.Рахмановтың «Соппаслы шайыр» интермедиясы ҳәм бул бағдарда әйтеўир жазылмаған.[43] Оның инсценировкасы телеминиатюралар топарларынан көп жыллар түспей телетамашагөйлер ушын ең сүйикли көркем телекөрсетиў болып қалды.

Булардың соны дәлийллейди, адамлар тәрепинен өзлериниң талантын ҳәм профессиясын натуўры таңлаў барысында қаншама қыйыншылықлар ушырасады, тәғдирин ҳәтте азапларға салады. Жәмийет адамға адам ушын дурыс «өз моделин» ислеп шығыўға жәрдем береди. Бул арқалы бәнтликтиң, оның индивидуаллық уқып ҳәм дағдыларына, улыўма мүмкиншиликлерине сәйкес келген түрлерин ийелеўге шарайыт жасайды. Бундай «модельди» адам өзи жасайды. Соның ушын да «өз модели» деп аталады, бирақ оның жаратылыўында шаңарақ ҳәм мектеп ҳәм коллектив ҳәм қатнасады, бул модельге коррективкалар енгизип отырады. Бул жерде, сондай-ақ жәмийетлик ҳәм индивидуаллықтың ажыралмас бирлиги көриниске ийе. Бул мәселеде болгар алымы И.Сланиковтың пикири менен келисиў мүмкин. Оның пикиринше өзин-өзи әмелге асырыў жәмийеттиң ҳәм жеке адамның раўажланыўы барысында кешетуғын диалектикалық процесс, онда жеке

[43] Қараңыз: Рахманов К. Қосықлар, пьесалар, миниатюралар. Н., 1982. 84 б.

адамның хәм биологиялық ҳәм социаллық тәбияты еле де кеңирек ашылыўы ушын позитив имканиятлардың болыўы менен байланыслы.[44] Өзин-өзи әмелге асырыў жеке адамның барлық тийкарғы белгилерин реализациялаўды аңлатады. Бул оның социаллық мәниси ҳәм индивидуаллық өзгешеликлерин ҳәм ашық айдын сәўлелендире алады.

Өзин-өзи әмелге асырыў практикалық искерлик өз идеяларын, ой, мақсет, талапларын практикалық предметлестириў процесинде әмелге асырылады.

Өзин-өзи әмелге асырыў процессинде адам өзиниң имканиятларын практикалық аспектте ашады, өзи жаратқан «өз моделин», өзиниң реаль уқыпларын тексерип көреди. Өзин-өзи әмелге асырыў процессинде ол өзин Адам деп, яғный дүнья туўралы тек ойлайтуғын емес, ал оны өзгертетуғын, қайта қуратуғын қубылыс деп атайды.

Бул туўралы Ф.М.Достоевскийдиң пикирлеўи қунсыз. Ол айтады: «…барлық инсанлық ис шын мәнисинде адамның өзин минут сайын штифлик, емес ал адам екенлигин дәлийллеўинде».[45]

Өзин-өзи әмелге асырыў процесинде адам өзиниң тийкар күшлерин (уқыпларын, дағдыларын, дөретиўшилик имканиятларын) өзинин мийнетиниң өниминде, материаллық ҳәм руўҳый баҳалықларда предметлестиреди. Ғәрезлиликтиң түрлерине тийкарланған қатнаслар ҳүкимдарлық қылған жәмийетлерде предметлесиў менен өзин-өзи тастыйқлаў арасында қарама-қарсылық болыўы тәбий ҳәм зәрүрлик. Бурынғы Аўқам тусында ҳәм сондай. Инсанның уқыплары, дағдылары, пүткил имканияты предметлескен жағдайдағы мийнеттиң өними оннан бийганаласып, оған ҳәм индивидуаллық ҳәм жәмийетлик өмир сүриўинде минәсип орын ҳәм рольге ийе бола алмады. Ақыры теңлестириўшилик тенденциясы ҳақыйқый мийнеткеш пенен мийнетке қалақ-қулақ қатнастағы адамның мийнетке мотивациясын ажыратып отырмады, итибар бермеди.

[44] Қараңыз: Сланников И. Многогранность и реализация на личността // Нове ____время. 1980. №2. С.44.
[45]Қараңыз: Достоевский Ф.М.Полн. собр. Соч. в 30 томах. Т.5. М., 1973. С.117.

Нәтийжеси, жоқарыда айтып өттик, жәмийетлик турмыстың ҳәмме сфералары бойынша дағдарыс пенен, үлкен державаның қулаўы менен тамамланды.

Тағы да қайталаймыз, бунда материаллық ямаса руўҳый баҳалықлардың жумысшы тәрепинен әмелге асырылыўы, оның жеке сапа ҳәм қәсийетлериниң предметлесиўи өзин-өзи тастыйқлаў бола алмайды, оның мийнетине минәсип жәмийетлик статус ҳәм баҳалаўды болдырмайды. Шын мәнисинде еркин, өзин-өзи әмелге асырыў тек ғана еркин мийнет тусында, меншиктиң ҳәмме формалары, инсанның пүткил потенциалын сыртқа шығарыўға бағдарланыўда ғана иске асады. Ахыры, өзи дөреткен предметлерде өзин жоғалтпайтуғын жағдай бул предметлер ямаса «предметлескен адам» болғанда ғана жүзеге келеди. Адам мийиниң, қолының жаратқаны адамның предметлесиўиниң нәтийжеси – бул оның ҳақыйкый өзин-өзи әмелге асырыўы болып табылады. Адам өмирден кетеди, ал оның мийнетиниң продукты ол туўралы яд, оның жержүзлик, материаллық хәм руўҳый мәдениятқа қосқан үлеси болады. Мәселен, Петрарканың сонетлери, Ньютонның биномыМосквадағы майдандағы Барма ҳәм Постниктиң соборы, Ползуновтың пар машинасы, Бердақтың «Ахмақ патша» романы ҳ.т.б «предметлескен адамлар». Олардың ҳәр бири ушын булар өзин-өзи предметлестириў, индивидуаллығын тастыйқлаў ҳәм әмелге асырыў, демек предметтиң өзи адамның болыўы есапланады.

Өзин-өзи әмелге асырыў – еркин искерлик, индивидтиң инталы иси. Бул деген сөз, жеке адамнан сырттағы мотивлер, мәселен, ақша, мәнсап, престиж, басқа биреўдиң ерки ҳ.т.б емес ал оның умтылыўы, ишки талабы өзин-өзи әмелге асырыўға нийетлендиреди.

Адамды анаў я мынаў жумысты орынлаўға мәжбүрлеў мүмкин, бирақ анық өзин-өзи әмелге асырыўға мәжбүрлеў қыйын, болмайды да. Өзин-өзи әмелге асырыў (самореализация) бул мәнисте жеке адамның қалыс хызмети сыпатында болады, себеби оның бирден-бир«нәпси», «қалыс емес хызмети» - өзиниң өмирлик мақсетин орынлаўға еркин раўажланыўына умтылыўы

менен байланыслы. Өзин-өзи әмелге асырыў процесинде бул ишки мақсеттиң иске түсиўи оның ишки еркинлигине жетисиўин аңлатады. Өзин-өзи әмелге асырыў практикалық искерлик (материаллық ҳәм руўҳый) сыпатында адамның затлардағы, предметлердеги ҳәм басқа да оның искерлигиниң жәмийетлик нәтийжелериндеги тийкар күшлерин талап етеди. Өзин-өзи әмелге асырыў әрманларда, арзыўларда, мейли олар гөззаллыққа ақ ийе болсын, егер олар басқа адамларға ийгилик алып келмейтуғын болса, ол тек әйтеўир көринис, көзаба, ал ҳақыйқый адамның өзин-өзи әмелге асырыўыөмирлик мақсети менен (өмирдиң мәниси менен) ҳәм оның реаль болмысы, бул мақсетке жақынлаўының реаль дәрежеси арасындағы қарсылық. Деген менен бул қарсылық мәлим конкретлестириўди талап етеди. Өзин-өзи әмелге асырыў конкрет – тарийхый түсиник,Әййемги Афинаның орта әсирлик рыцардың, заманагөй меншик ийесиниң, айтайық миллиардердиң я орта кластың өзин-өзи әмелге асырыўы өз мақсети усыллары ҳәм нәтийжелери бойынша ҳәр кыйлы. Мәлим жәмийеттиң, топардың жәмийетлик қатнаслары адамның омирлик мақсетин, демек оның өзин-өзи әмелге асырыўының характерин белгилейди.

Өзин-өзи әмелге асырыўдың сапалы тәреплерин анализлеў ушын бул процесте реализацияланып атырған мақсеттиң мәнисин ашыў әҳмийетли.Өзин-өзи әмелге асырыў тар жекелик мәпти ойлап, соған умтылыў ма? Жеке адам әмелге асырып атырған искерлик қайсы топардың (класстың) мәпине хызмет етеди, ол прогрессивликке ийе ме я реакциялыққа ийе ме? Бул сораўларға жуўап таппастан өзин-өзи әмелге асырыўдың мәнисин ашыў қыйын.

Өзин-өзи әмелге асырыўды үйрениў оның ролин жеке адамның позитив раўажланыўы жағдайында түсиниўди талап етеди. Өзин-өзи әмелге асырыў индивидтиң руўҳый байлыгын көбейте ме ямаса керисинше көбирек деградацияға алып келе ме? Индивидтиң ҳайўанлық белгилерин сапластырыўға мүмкиншилик туўғыза ма ямаса керисинше ондағы

адамшылықты басып таслай ма – булардың ҳәммеси өзин-өзи әмелге асырыўдың бағдарын белгилейди.

Буннан сол нәрсе аян, ғәрезсиз елимизде хәртәрепleme раўажланған инсанды қәлиплестириўге жетисиўге қәлеген өзин-өзи әмелге асырыў жарай бермейди. Ал ҳакыйқый шын мәнисиндеги ҳәм өзиниң тийкарында жәмийетлик әҳмийетли мақсет ғана елимиз раўажланыўының онын ҳуқықый мәмлекет ҳәм пуқаралық жәмийет орнатыўдағы машақатлы бирақ әдиўли мақсетине ылайық мәпке жуўап беретуғын болса, руўхыйлық байлықты көбейтиў ҳәм жеке адамның физикалық сапаларын жетилдириўге имканият туўғызыўы менен жуўап бере алатуғыны менен есапқа алынады. Өзин-өзи әмелге асырыўдың характериниң ҳәм бағдарланыўының критерийи әмелге асырылып атырған максеттиң жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыў ҳәм пүткил жәмийеттиң ийгиликли ўазыйпаларына сәйкес келиўи болып табылады.

Дурыс, өмирлик мақсетти адамның тиккелей жекке, индивидуаллық мәплери менен шегаралайтуғын көз-қараслар жоқ емес. Сол себепли бундай мақсеттиң әмелге асырылыўы индивидтиң жеке иси болып қала береди. Индивидуализм философиясы менен суўгарылған бул идеяға бир жақлама баҳа бериў қыйын. Деген менен, жәмәәтлик, мәлим патернализм идеясы басым Шығыс, соның ишинде бизиң елимиз ҳалқы ушын бираз әдеттегиден тысқарырақ. Сонда ҳәм ондағы унамлы моментлерди, айтайық улыўма затлықтағы жеке адам талап, мәплериниң базалық характерине ийелигин, соның менен бирге оның топар, жәмийет мәпи менен пите қайнасқанын, мәлим жағдайларда ол арқалы белгиленетуғынлығын ядтан шыгармаўымыз керек.

Елимизде ҳуқықый мәмлекет, пуқаралық жәмийет қурыў идеясы раўажланыўдың өзбек моделинен келип шығар екен, буны әмелге асырыў мақсети елимиздеги миллионлап адамларды бирлестиреди хәм жәмлейди. Ол оны әмелге асырыўдың улыўма жолларын ҳәм методларын белгилейди, себеби раўажланыўдың өзбек моделиниң нызамлықлары ҳәмме ушын

бирдей. Бул елимиз пуқараларының көп түри индивидуаллыққа қарамастан өзин-өзи әмелге асырыўының улыўмалығын белгилейди. Бунда басқа да жәмийетлик процесслердегидей көп түрлилик бирликти билдиретуғын көриниске ийе ҳәм ол соңғысын бузбайды.

Мәлим бир көз-карасларда адамның тәбий укыплары менен социаллық уқыплары арасындағы қарсылық оның өзин-өзи әмелге асырыўының дәреги сыпатында қаралады. Улыўма адамдағы биологиялық пенен социаллықтың қарама-қарсылығын, сол себепли бирин-бири талап ететуғын бирлигин ҳешким ҳәм бийкарламаса керек. Бирақ сол нәрсени түсинип алғанымыз мақул, тәбият адам ушын таяр уқыпларды, имканиятларды бере алмайды. Адам тутыныўдан мәлим зейин, уқыпларға ийе болыўы мүмкин. Социаллық шарайытлар ҳәм оның өмирлик позициясынан бул туўма имканиятлардың раўажланған уқыпларға айналыўы ғәрезли болады. Олардың раўажланыўы адам өмириниң ең әҳмийетли мақсетлериниң бирин курайды.

Уқыплардың раўажланыўы-узақ ҳәм қурамалы процесс, ал адамнан турақлы түрде, мийнет етиўди, өмир бойы өз үстинде ислеп барыўды талап етеди. Өзин-өзи әмелге асырыў процеси жүдә жеңил болғанда, егер ол тәбият бергенди ҳәм туўылыў моментине таяр уқыплар менен шекленип қалмаймыз ба? Ондай болғанда күнделикли мийнет, мудамы өз үстинде ислеў, ерктиң неге кереги бар?! Өзин-өзи өзиниң индивидуаллығын, уқыпларын кәлиплестириў зәрүрлиги өзин-өзи әмелге асырыў процесин соншелли қыйынластырады.

Адамның өзин-өзи әмелге асырыўы социаллық искерликтиң кәлеген түринде (ҳәттеки кеўил көтериў хәм) ҳәрқашан мийнет, сөздиң кең мәнисиндеги мийнет, искерлик сыпатында мийнет, активлик.

Ҳәрбир адам өзинше өмир жолын өтеди ҳәм бул оның қурдаслары өткен жолдан айрылып турады. Күнделикли санада бул жол мисли «тәғдийр». Ал, ҳақыйқатында өмир жолының тийкарғы этаплары реаль «тарийхый шарайытлар менен тәрбия уқыпларының алмасыўы, турмыс образының ҳәм қатынаслар системасының өзгерислери бахалықлар суммасы ҳәм өмирлик

бағдарлама менен жеке адам ийелик еткен өмирдиң мақсетлери ҳәм мәниси байланыслы».[46]

Өмирлик бағдарламаларда ҳәм режелерде индивидтиң фундаменталлық мақсетлери фиксацияланады.Олар мәлим дәрежеде толық алдын ала белгиленген ямаса басқа мүдетте әмелге асыўы мүмкин. Бул конкрет шарайытлардан хәм адамның өзинен оның социаллық активлигине гарезли болады. Соның ушын адамның өмирлик реже ҳәм бағдарламаларының мәниси оның өмириндеги келешектеги ўақыялардың пүтил барысын алдын ала көриў емес. Бул практикалық жақтан мүмкин емес. Өз турмысын саналы режелестире отырып, адам пүткил өзинен ғәрезлини соған бағдарлайды, ол ҳәм болса оның ҳәрекетлери бул режелерди әмелге асырыўға алып келиўи тийис.

Өмирлик реже – бул өмирлик мақсетлерин әмелге асырыўдың қәлеўли ҳәм итималлыққа ийе конкрет жоллары ҳәм қуралларының жыйындысы, оларды орынлаў ушын зәрүрли системасы, избе-из ҳәрекетлери тәртиби.

Сол нәрсе әҳмийетли, өмир жолының ҳәрбир конкрет этабы жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўының жаңа этабы болыўы тийис.

Өмир жолын жеке адамның социаллық искерликтиң анаў я мынаў түринде пүткил өмири бойы өзин-өзи әмелге асырыў актының үзликсиз шынжыры сыпатында көз алдымызға келтиремиз. Соның ушында өзин-өзи әмелге асырыў адамның ең соңғы күнине дейин даўам ете береди.Бул процесс көп түрли жақын ҳәм узақтағы мақсетлерди әмелге асырыўдан турады. Олардың избе-из әмелге асырылыўы адамның өмирлик мақсетиниң, өмириниң мәнисин әмелге асырыўын аңлатады. Бундай әмелге асырыўдың масштабы ҳәрқыйлы «Әпиўайыдан», «күнделиклиден» баслап, демек күнделикли мақсетлерди әмелге асырыўға бағдарланған ислерден баслап қахарманлық, батырлық пенен тамамланып әсирлерге жеке адамның әмелге асырылыўының үлгиси сыпатында қалады. Солай етип, индивидтиң өмири- бул өзин-өзи әмелге асырыў актларының үзликсиз шынжыры ҳәм олар

[46] Ананьев Б.Г.Изб.психологич. Турды. Т.1. М., 1980. С.67.

масштабы ҳәм жәмийетлик әҳмийети бойынша ажыралып турады. Ахыры тутас пүтинликке ийе адам биротала тоқтап қала алмайды, ол қәлиплесиўдиң абсолют хәрекетинде болады. Соның ушын ҳәм халқымызда «жигитке жетпис өнер аз», «ҳаял қартайғанша ис үйренеди» деп айтеўир айтылмаса керек.

Әлбетте, мәлим шарайытларда өзин-өзи әмелге асырыў акты жеке адам ушын тосын әмелге асырылыўы мүмкин. Бирақ, әдетте, ол алдын ала ойланылған өмирлик режениң амелге асырылыўының нәтийжеси болады. Әдетте өмирлик реже дегенде мәлим индивид ямаса топардың келешекке тийисли режелери, тилеклери, арзыў-әрманлары, бахалаўлары ҳәм идеалларының жыйындысын нәзерде тутамыз. Өмирлик реже бул көз-қарастан жеке адамның өз мүмкиншиликлериниң идеалласқан сәўлелениўи болады ҳәм бул жәмийеттиң мүмкиншиликлери ҳәм талапларынан ҳәм конкрет социаллық ситуациядан ҳәм келип шығады. Соның менен бирге айтыўымыз керек, жеке адамның конкрет өмирлик режелери оның раўажланыўының усы этабындағы өмирлик мақсет пенен органикалық байланыста болыўы керек. Өмирлик мақсетлердиң өзгериси зәрүрли түрде өмирлик режелердиң өзгерисине алып келеди. Егер саналы түрде аңланған өмирлик мақсет жоқ болса, онда оның омирлик режениң ҳәм жоқ болғаны, ахыры қәлеген реже мәлим мақсетти әмелге асырыў ушын жаралады.

Айтайық, профессионаллық ориентацияға байланыслы анық мақсет жоқ адамда, әсиресе жигит-қызларда анық өмирлик реже қаяқтан болсын?!

Өмирлик режелер өмирлик бағдарламаларда конкретлеседи. Өмирлик бағдарламаларга жеке адам тәрепинен саналы таңланған магистраллық өмирлик мақсетлер киреди. Олар объектив қәлиплескен өмирлик шарайытларды ҳәм субъектив умтылыўларды, тилеклер, жеке адамның социаллық установкаларын өз ишине алады. Өмирлик бағдарламасыз оган сәйкес жеке адамның бағдарламасы да жоқ.

Жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўының этапларына, конкрет мақсетлерине сәйкес өмирлик реже ҳәм ол тийкарда жаралған бағдарлама бас

өмирлик режени орынлаў ушын зәрүрли реаль жолларды ҳәм қарасларды белгилейди. Өмирлик бағдарламалар жақын, жеке мақсетлердиң иерархиясын анықлаўды өз ишине алады.Ал буларға жетисиў тийкарғы,бираз узақ мақсетлерди әмелге асырыў ушын зәрүрли. Сонлықтан да өзин-өзи әмелге асырыўдың этаплары туўралы айтыў мүмкин. Бул этаплардың жыйындысы жеке адамның өмирлик жолын, оның раўажланыўының ишки «өмир баянын» аңлатады.

Жеке адамның өмирлик режесиниң сол ўақытлары жүдә баҳалы болады, ол ҳәм болса өзин-өзи әмелге асырыў онда пайдалы орынды алыў, анаў я мынаў материаллық ийгиликлерге ийелик етиў яки майда даңқпаразлыққа қурал ушын емес, ал мақсет сыпатында жүзеге келеди. Өзин-өзи әмелге асырыўдың жеке мақсети өмирлик режеде жәмийетлик мәплер менен ҳәм улыўма ийгилик пенен көбирек сәйкес келсе, бундай режениң жәмийет ушын да, жеке адам ушын да әҳмийети жоқары.

Белгили психолог-алым С.Л.Рубинштейнниң пикирлеўи бойынша өзин-өзи әмелге асырыў – бул адам искерлигиниң әҳмийетли мотивлериниң бири, өзиниң күшин ҳәм уқыпларын сынаў ҳәм ашыўға умтылыў.[47]

Бул дурыс пикирди мақуллаў менен бирге мынадай мысалларға жүгинип көрейик. Жазыўшы китабын жазғанда өзиниң күшин ҳәм уқыпларын сынап көриўди емес, өзиниң пуқаралық позициясына ылайық мәлим қаҳарманлардың идеалын ҳәм мақсетин сәўлелендириўди мақсет етип қояды. Ол өз оқыўшысы менен, халқы менен, пүткил адамзат пенен өз ойын мәлим пуқаралық позицияны ҳәм идеалды тастыйқлағысы келгенин билдиреди. Сүўретши ҳәм өз дөретиўшилигинде өзин, өзиниң шахслығын, уқыпларын, дағдыларын әмелге асырыўға умтылады. Бул жағдай өзин-өзи әмелге асырыў тек жазыўшы ҳәм художник ушын тән емес, ал қәлеген адамга искерликтиң қандай жәмийетлик пайдалы түри менен шуғылланбасын, ол өзин әмелге асырады. Адам искерлиги жеке адам мүмкиншиликлерине төменирек турып, әдетте «реактивликке» ийе ҳәм адамның мәплери, мақсетлери ҳәм

[47] Қараңыз: Рубинштеин С.Л. Основы общей психологии. М., 1946. С.603.

умтылыўлары менен байланыспай да қалады. Өзин-өзи әмелге асырыў күшти, уқыпларды талап етеди ҳәм адамның өзиниң күшиниң көрсеткиши болады. Жеке адам өзин-өзи әмелге асырыўда социаллық искерликтиң анаў я мынаў түриндеги барьерлерди, иркинишлерди басып өтеди. Булар тек материаллардың қарсылығы, мийнет предметиниң жарамсызлығы ғана емес, өзиниң әззилигин, айтайық өз күшине өзи исенбеди, жалқаўлықты ҳ.т.б жеңип шығыў керек болады.

Жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыў көп түрлилигиниң тийкары жәмийетлик практиканың түрлериниң көп түрлилиги. Өзин-өзи әмелге асырыў материаллық-практикалық искерликте (тәбиятты қайта өзгертиў) социаллық (жәмийетлик қатнаслардың түпкиликли қайта қурылыўы) ҳәм руўхый сфераларда (адамлардың руўҳый дүньясын қайта қурыў) көриниске ийе. Өзин-өзи әмелге асырыўды билиўдиң басқа негизи оның нәтийжелери болып табылады. Бир жағдайларда адам өзин-өзи жаратқан затларда, екинши бир жағдайларда искерликтиң өзиниң актында әмелге асырады. Затларда ҳәм предметлерде әмелге асырыў тек материаллық-өндирислик искерликте ғана емес, ал руўхый-практикалық искерликте ҳәм жүзеге келеди. Мәселен, картина, скульптура, көркем-өнер искусствосы заты ҳ.т.б.

Өзин-өзи әмелге асырыўдың нәтийжеси затлар, предметлер, болғанда бул әсиресе өнерментлик өндиристе жүдә күшли болды. Бул жерде жумысшы конструктур ҳәм атқарыўшы ҳәм болды. Мийнет бөлинисиниң күшейиўи менен, әсиресе заманагөй индустриаллық өндирис сонғы продукт бир неше жүз хәттеки мыңлаған адамның тийкар күшлериниң жәмәә әмелге асырылыўы болады. Продуктта индивидуаллық искерликтиң нәтийжеси сыпатында тиккелей әмелге асырылыў бүгинлигинде руўҳый-практикалық мийнет ушын мәлим алымлар, художниклер, жазыўшылар ҳ.т.б характерли.

Бул шараятларда өзин-өзи әмелге асырыўдың басқа түри - искерлик актындағы әҳмийети күшейеди. Өзин-өзи әмелге асырыўдың бул түри оқытыўшы, актер, спортсмен, оратор ҳ.т.б ушын жүдә характерли. Ол социаллық-сиясий искерликте, шөлкемлестириўшилик жумыслар ҳ.т.б жүдә

типлиликке ийе. Бүгинлигинде өзин-өзи әмелге асырыўдың бул түри материаллық өндириске ҳәм технологияны жетилистириў ҳәм мийнетти шөлкемлестириў процеси жағдайында енискен. Жумысшылар, аўыл-хожалығы менен шуғылланатуғынлар, айтайық, фермерлер, техниклер, экономистлер ҳ.т.б ушын технологияның жетилиўи, мийнеттиң шөлкемлестириў процесслери өзин-өзи әмелге асырыўдың нағыз аренасына айналып отыр.

Мийнет процесси ҳәрбир өндириске қатнасыўшыдан тийкарғы күшлерди иске түсириўге бағдарланған. Бул соның менен бирге оның өниминиң әмелге асырылыўында, нәтийжесинде пүтин жәмәәниң тийкар күшлериниң жәмленгенлигин ҳеш ҳәм бийкарламайды. Солай екен, мәлим шәртли рәўиште өзин-өзи әмелге асырыўды индивидуаллық искерликке, сондай-ақ коллективтеги бирге ислесиўге тийкарланған искерликке бөлиў мүмкин.

Бүгинлигинде, бийғәрез раўажланыўдағы елимиз мысалында өзин-өзи әмелге асырыўдың бул еки түри ҳәм бир-бири менен тыгыз байланыста әмелге асып атырғанлығының гүўасы боламыз.

Соны ҳәм айтыўымыз керек, жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўында жәмәәниң орнын ҳәм ролин есапқа алмайтуғын көз-қараслар жоқ емес. Америкалы алым-психолог А.Маслоу «Өзин-өзи актуалластырыў» теориясын усынады. Бул «өзин-өзи әмелге асырыўға» туўра келеди. Сөз жоқ, бул теория инсанның өзин-өзи актуалластырыўы, демек өзин-өзи әмелге асырыў бойынша соның ушын ҳәм рационаллыққа жүдә баҳалы. Бирақ инсанның өзин-өзи актуалластырыўын жәмийеттен, мәлим жәмәәден, ҳәм болмаса киши ортадан ажыратып қараў бул биринши гезекте инсан искерлиги менен жәмийетлик қатнаслардың өз-ара тығыз байланысын улыўма нәзерде тутпаў деген сөз.

Мәселен, А.Маслоудың пикиринше, қоршаған орта инсанның өзин-өзи актуалластырыўына тәсири психотерапевт арқалы ғана болады-мыш.[48]

---

[48] Психология личности Тексты. М., 1982. С.117.

Ҳақыйқатында да индивидтиң толық ҳәм ҳәр тәреплеме өзин-өзи әмелге асырыўына, көп жағдайда индивидуаллық өзин-өзи әмелге асырыўдың нәтийжелерин молайтыўға жәмәәниң тәсийри басым. Буны илимий дөретиўшилик мысалында жүдә анық көриў мүмкин.

Бугинлигинде ҳәркыйлы қәнигелик, бағдардағы алымлардың кооперациясы, дискуссиялар, пикирлер алысыўды өз-ара сын ҳ.т.б арқалы илимниң әҳмийетли нәтийжелери алынар екен, сол нәрсе өзинен-өзи түсиникли, булардың ҳәммеси де илимий жәмәәлерисиз мүмкин емес.

Гәп сонда, реаль проблема дөретиўшилик искерликтеги индивидуаллық басламаны коллективлик искерликке қарама-қарсы қойыў емес. Ал олардың дурыс ушласыўы ҳәм олардың практикалық истеги спецификасын есапқа алыў зәрүрли.

Өзин-өзи әмелге асырыўдың түрлерин олардың социаллық әҳмийети бойынша бөлип көрсетиў мүмкин. Жаңа машина жаратыўшы конструктурдың ҳәм техникалық дөретиўшилик дөгерегинде машинаның моделин жаратып атырған жас өспиримниң де жумысы өзин-өзи әмелге асырыў акты бола береди. Дурыс, олардың жәмийетлик баҳалығына теңдей қараў кәте болған болар еди. Өзин-өзи әмелге асырыўдың масштабы, оның жәмийетлик баҳалығы дөретиўшилик искерликтиң ҳәрбир актының жаңалығы менен бул искерликтиң теориялық ҳәм практикалық әҳмийети, жеке адамның талантынан, оның искерлик сферасынан ҳ.т.б ғәрезли.

Жуўмақластыра отырып өзин-өзи әмелге асырыўды жеке адамның, тийкар, негиз күшлерин оның көп түрли социаллық искерлигинде ашыў ҳәм предметлестириўдиң саналы, мақсетке бағдарланған процеси деп қараймыз.

Әлбетте адамның өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселесиниң өзеклик проблемаларын тек ғана оның өзин-өзи әмелге асырыўы менен шеклеў қыйын. Оның үстине инсанның өзин-өзи әмелге асырыўы менен оның өзин-өзи раўажландырыўы тең емес, олар қарама-қарсылықлы ҳәм бирликте. Мәселенкиден, өзин-өзи әмелге асырыў жеке адам тәрепинен бурыннан топланған руўҳый байлықты аңлатады. Бирақ жеке адам өзинде бар

сапаларды ҳәм уқыпларды әмелге асырыўы ушын ҳ.т.б ийе болыўы тийис. Соның ушын да өзин-өзи әмелге асырыў ҳәм өзин-өзи раўажландырыў бир-бирин толықтырып турады.

Буларды еле де анығырақ түсиниўимизушын жеке адамның өзин-өзи тастыйқлаўы мәселесин қараўымыз керек болады.

## §2. Жеке адамның өзин-өзи тастыйқлаўы мәселеси

Бурын айтқанымыздай-ақ өмирдиң мәниси тиккелей дүньяқараслық проблема. Бул проблеманың қойылыўы ҳәм ҳакыйқатлыққа адекват шешилиўи нәтийжесинен пүткил социаллық искерликтиң бағдарланыўы ғәрезли болады. Бул бойынша жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы, оның өзин-өзи әмелге асырыўы, бул процестеги жеке адам менен жәмийеттиң өз-ара қатнасының ҳ.т.б тийкарғы параметрлерин қараў тийкарында адамның мийнеттеги өзиниң тийкар, негиз күшлерин предметлестириўдиң спецификасын анықлаў зәрүрлиги барлығын билемиз.Бул тийкарынан жеке адамның өзин-өзи тастыйқлаўы менен байланыслы.

Әдетте «өзин-өзи әмелге асырыў» ҳәм «өзин-өзи тастыйқлаў» түсиниклерин бир қатарда ғана емес, бир мәнисте қараў бар. Күнделикли өмирде турмыстың ғалма-ғалы шегарасында ҳәм бул екеўи бир түсиник сыпатында ислетиле береди.

Өзин-өзи әмелге асырыў адамның негиз күшлерин предметлестириў, соның ушын да ол өмирдиң мақсетин әмелге асырыў процеси болады. Енди өзин-өзи тастыйқлаўға келетуғын болсақ, ол нәтийжелик, жуўмақлық характерге ийе. Бирақ ол өзин-өзи әмелге асырыўдан узақласа алмайды. Тап сол процестиң нәтийжесин, жуўмағын аңлатады, ҳәттеки өзин-өзи әмелге асырыўдың ақыбети болады десек ҳәм оншелли натуўры болмаса керек.

Адамның өзин-өзи тастыйқлаўын көбирек адамның өзин басқалардан айрықшалығын, бөлинип турыўын тилге тийек етип түсиндириў арнаўлы әдебиятларда баршылық. И.Кузминков өзин-өзи тастыйқлаўды адамның қалай да бир өзгешелиги менен айрылып турыў, бөлекленип турыў, белгили болыў, ҳүрметке ийе болыў ҳәм булардын өзи дүньядан өткенде де сақланып қалыўына да умтылыўы сыпатында қарайды.[49]

---

[49] Кузьминков И.И. К анализу понятия самоутверждения личности. – Свобода и содержание Волгоград, 1972. С.103.

Бул жаны бар пикир мәлим дәрежеде қарама-қарсылықлы да. Елиў алты адамды өлтирген Чикатило да, Нагасаки, Хиросимаға атом бомбасын таслаўдың инициаторлары ҳәм, дүнья жүзиниң сексен пайызы анаў я мынаў дәрежеде тартылған, 27 миллион адамның жанын алып кеткен екинши жер жүлик урыстың баслаўшылары, олардың басшысы А.Гитлер ҳәм дүньяға белгили. Ҳәзир ҳәм соңғылыкта ҳәм оны, оның өз шайкасы менен ислеген адамгершиликке ҳеш ҳәм сәйкес келмейтуғын ислерин адамзат умытпайды, умыта алмайды.

Халқымызда «атың шықпаса жер өрте» деген сөз бар. Оның мәниси, атың «журтқа белгили болмаса, оған өзиңше наразы болсаң, тек әйтеўир нәрседен атыңды шығарыў болады. Әсиресе, жаман ис атыңды тезирек шығарады дегени. Болмаса, жер өртеўге, бәлким, есаўан ҳәм бираз ойланып турмаспа екен?!

Демек өзин-өзи тастыйқлаўға қәлеген белгилилик, қәлеген мойынлаў кире бермейди екен.

Философия тарийхында И.Канттан баслап инсанның өзин-өзи тастыйқлаўына унамсыз қатнас бар. Себеби, инсанның өзин-өзи тастыйқлаўы басқа адамның күш-ғайратын, инициативасын басып қойыў, оның еркинлигин бийкарлаў менен байланыстырылады. Канттың пикириинше өзин-өзи тастыйқлаў адамның әдеп-икрамлық ўазыйпасын атқарыўы менен сыйыспайды.

Пикиримизше, өзин-өзи тастыйклаўды адамның басқалардан ажыралып турыў, бөлинип турыў ҳәм белгилиликке ийе болыўын мақуллаў менен ғана шегаралаў өзин-өзи тастыйқлаўдың социаллық мәниси ҳәм социаллық шарайытларының жөнли бахаланбаўын аңлатады. Ахыры, жәмийетлик раўажланыўдың мәлим басқышларында, конкретлирек айтқанда, ғәрезлилик қатнаслардың түрине, бар я жоқлығына ҳ.т.б байланыслы. Мәселен, эгоизмди ҳәм батырлық, мәртликти ҳәм жеке адамға тән сыпатында қарағанымызда да индивидтиң өзин-өзи әмелге асырыўындағы жәмийетлик қатнасларды,

жекелик мәплер менен жәмийетлик мәплердиң өз-ара қатнасын нәзерде тутамыз.

Солай етип, өзин-өзи тастыйқлаўды жеке адамның атрибуты сыпатында қарап, оның мәнисин жәмийетлик қатнаслар менен, жәмийетлик пайдалы мийнет пенен байланыстырыў дурыслыққа келсе керек.

Пикиримизше, өзин-өзи тастыйқлаў, адамның негиз, тийкар күшлерин жәмийетлик пайдалы искерликте ең алды менен мийнетте предметлестириў ҳәм олар арқалы бул искерликтиң белгили, қәлеўли нәтийжелерине ерисе алады. Өзин-өзи тастыйқлаў формасы жағынан индивидуаллыққа ийе болғаны менен мазмуны бойынша жәмийетлик характерге ийе. Мисли өзин-өзи әмелге асырыў сыяқлы өзин-өзи тастыйқлаў хәм инсанның өзин тастыйқлаўы менен шекленбейди, ал бул процесс бир ўақыттың ишинде басқа адамларды ҳәм тастыйқлайды, олардың әмелге асыўына мүмкиншилик ҳәм туўғызады.

Әлбетте еркин мийнет ҳүким сүрер екен, адамның өзин-өзи тастыйқлаўының бас белгиси өзин ҳәм өзгени ҳәм тастыйқлаўы болады.Бул жағдайдың жүзеге келиўи еркин мийнеттен келип шығатуғын адамлар арасындагы жолдаслық ҳәм өз-ара жәрдем менен байланыслы. Бир тәрептен адам өндирис процесинде өз индивидуаллығының предметлесиўинен ләззет алады, өз мийнетиниң продуктларында өзиниң жеке адамлық, шахслық предметлесиўин көрип қуўанышқа бөлениўи тәәжип емес. Екинши тәрептен қарағанымызда тағы бир унамлы моментти көз алдымызға келтириўимиз мүмкин. Адам өзиниң мийнетинен пүткил адамзаттың талабын қанаатландырып атырғанын сезбес пе?! Демек, адамлық мәнис предметлескени ҳәм усы себепли де басқа адам мақулуқат ушын, оның талабына сәйкес предмет жаралды деген сөз.

Мийнет предметлеринде мәлим адамның өз тастыйқланыўын табыўы бул оның жәмийетлик мәнисиниң тастыйқланыўы болып табылады.

Қулласы, тек усындай жағдай болғанда ғана мийнет өмирдиң ҳақыйқый еркин көриниўи ҳәм соның ушында өмир менен ләззетлениў

индивидуаллықтың өзиншелигин тастыйқлаў. Ал индивидуаллық адамнан бийганаласқан, жырақласқан жәмийетлерде мийнет илажсыздан әмелге асырылып, мәжбүрий искерлик дәрежесине көтериледи. Мийнеттиң сырткы тосын мүтәжликтиң қысымы менен әмелге асырылыўы, ал ишки зәрүрли талаптан шықпаўы жүзеге келеди. Буған бурынғы Аўқамтусы мысал.

Елимиздиң бүгинги бийғәрез раўажланыўындағы мийнеттиң еркинлигиниң, оның жемисинен ләззетлениў, бул процесстиң пүткил адамзатлық дәрежедеги талабын қанаатландырыўы ҳ.т.б көриў мүмкин. Адамның жеке өзин-өзи тастыйқлаўы менен ис питпейтуғынлығын, ал екинши адамның да өзин-өзи тастыйқлаўына тәсийрин сеземиз.

Л.Фейербах бул мәселеде затлық қатнаслар ғәрезлилигине тийкарланған жәмийет моралын бетке тута былай жазады: «Жеке адам өзин тек қысым менен қанаатландырады, жеке адам ҳәкимшиликке қумар ҳәм даңқпараз, ол тек өзин көрсеткиси келеди».[50]

Бул тастыйықлаўда тийкарынан инсан туўралы гуманистлик позицияға жатлық моментлер сезиледи. Ақыры, өзин-өзи тастыйықлаў жәмийетлик процесс сыпатында инсанның өзин тастыйықлаўы менен бирге басқа адамды тастыйықлаўын ҳәм өз ишине алады. Адамның тийкары, мәлим индивид ҳәм род арасындағы аралық дәлдалшы сыпатында ҳәм сол себепли жәмийетлик предмет болады. Тап усыннан-ақ адамның өзин-өзи ҳақыйқый тастыйықлаўының жәмәәлик характерге ийе екенлигин ашымайрық болады. Солай екен, өзин-өзи тастыйықлаўдың «эгоистлик» формасы ҳәр қашан иллюзорлыққа, демек қыялыйлыққа ийе. Инсанның ең үлкен, ең әҳмийетли иси оның «Мениниң» көриниси, оның тек жеке уқыпларының, оның талантының нәтийжеси ғана. Ал қәлеген дәўирдиң мәселен, өндиристеги, илимдеги, техникадағы, искусстводағы дөретиўшилигин нәзерде тутады екенбиз, жәмәәлик басым. Жәмәәлик дөретиўшиликсиз ҳәмме нәрседе болмаған болар еди. Гейпара ўақытлары адам оған тәсир етип, оны қозғастырып, түртки берип турған күштиң өзинен емес, ал басқа адамлардан-

[50] Фейербах Л. Избр.филос.произв. ТII. С.377.

өзине дейингилерден ҳәм заманласлардан екенлигин оншелли изине дейин түсинип жете алмайды. Буған мысал көп.

Қарақалпақ әдебиятындағы Ибрайым Юсуповтың поэзия мектеби Аббаз, Садық, Аяпбергенлер болмағанда, ал ҳәр бириниң өз мектеби барсоңғыларының Әжинияз, Бердақ, Күнхожа, Өтеш мектеплери болмағанда олар қалай жүзеге келер еди?! Қарақалпақ әдебиятындағы қыссақанлықтың бир емес бир неше мектеплери бар. Олар ҳәм устаз шәкиртлик системадан орын алған.[51]Алымлық та сондай.Оның тек алым искусство ғайраткери ғана емес, ал талантлы шөлкемлестириўшилер ямаса өндиристе новациясы менен көзге түскенлердиң қай-қайсысыда мәлим тәжирийбеге сүйенеди, олардан ибрат алады.

Илимдеги, техникадағы, искусстводағы ҳ.т.б. жаңалықлар олардың ўәкиллери арасында ғана емес, ал олардың әпиўайы адамлар менен дөретиўшилик қарым-қатнасығы арқасында жүзеге келеди. Булсыз сөз ҳеш ҳәм мүмкин емес. Жигирма төрт жасында философия докторы болған Людвик Фейербах қаншама талантлы, өз қәнийгелиги бойынша көп мийнетлери арқалы көп ғана соңынан дүньяға белгили алым болғанларға устазлық дәрежеге жетиўге қарамастан дәслепки пәтинен тез тоқтап қалды. Себеплер: оның университеттен қуўылыўы ғана емес, ал Германияның сол дәўирдеги өмиринен бөлекленип қалғаны.

Өз қәнийгелеслери менен дөретиўшилик қарым-қатнасық тоқтап қалар екен, ең талантлы адам ҳәм өнимсиз, қуў дараққа уқсап қалады. Ақыры, қәнийгелеслер арасындағы интенсив дәрежедеги дөретиўшилик қарым-қатнасық болмаса, демек мудамы уқып, дағдылар, билимлер алмасыўы болмаса ең талантлы деген алым да, искусство ғайраткери де беретуғыны жоқ ҳалға келеди. Бул, айтылғанлардан жуўмақ дөретиўшиниң жекелигине ийе талантын бийкарлаў емес. Лоренцтиң, Майкельсонның жумыслары, евклидлик емес геометрия,XX әсирдиң басындағы көп ғана алымларға

---

[51] Қараңыз: Айтымбетов Қ. Халық даналығы. Н., «Қарақалпақстан» 1988. 147-161-бетлер; Пахратдинов А. Қыссаханлыққа кеўил бөлейик // Әмиўдәрья 1991. №9 104-б.

белгили болғаны менен относительлик теориясы бойынша биринши болып 1905 жылы «относительликтиң жеке теориясы» атлы мийнетин жәриялап дүньяны таң қалдырған патентлик бюрода ислейтуғын әпиўайы инженер – физик А.Эинштейн…

Соны ҳәм айтыў керек, жеке адамның үлеси мәдениятта молырақ болған сайын автор тәрепинен буны баҳалаўы ебиндейақ, ал бул бойынша өзиниң алдындағы ҳәм заманагөй кәсиплеслериниң ашқан жаңалықлары туўралы пикирлеўлери жүдә ҳәм ҳүрметке толы. Гогель «Ревизордың» сюжетин Пушкиннен алғанын мудамы мақтаныш тутқан. Л.Н.Толстой, А.П.Чеховлардағы кишипейлиллик оның үстине өзлерине деген талапшаңлық өзгелерге үлги боларлық жағдайда.

Бул бойынша тағы бир моментке де дыққат бөлип кеткенимиз мақул. Егер қәлеген дөретиўшилик актты жеке адамлық моменттен ажыратып қарап, авторлықты шәртли қарасақ, жеке адамның өзин-өзи тастыйықлаўы туўралы мәселени қойыўдың ҳәм кереги болмай қалар еди. Мәселениң тағы бир тәрепи  сонда, өзи-өзи тастыйықлаўды тек жеке жетискенликлер менен ғана шегаралап таслаў ҳәм надурыс болған болар еди. Мәселеңкиден, мәденияттағы жаңалықлар көп ғана адамлардың күш салыўлары менен жаралады. Бирақ оларды синтезлеў, логикалық бир изге келтириўди бир адам яки мәлим топар иске асырады. Соның ушын да мәдениятты қалай болса солай өзликсиз жеке адамлар топарына қатназсыз қубылыс сыпатында қараў сын көтермейди, қәте (ўақтында, бурынғы Аўқам тусында өткен әсирдиң 30 жыллары пролеткультшылар ҳәм искусствоны изертлеўши вульгар социология ўәкиллери мәдениятқа «адамсыз» қатнасты болдырыўға умтылды).[52]

Адамзат ҳәр қашан мәдениияттың уллы искерлери туўралы ядын жоғалтпайды. Белгили орыс тарийхшысы С.Соловьев егер халық өзиниң уллы адамларына естеликлер орнататуғын болса, онда бул адамлар өзлериниң искерлиги менен өз халқына естелик орнатады деген еди.

[52]Литературной энциклопедический словарь. М., 1987. С.306-307.

Мәселен, қарақалпақ ҳалқының да жер жүзлик әдебиятқа, искусствоға қосқан үлесин биротала анонимли, аты жоқ ҳалатта түсиндириў надурыс болған болар еди. Әжинияз, Бердақ, Күнхожа, Өмирбек лаққы, Ибрайым Юсупов, Төлепберген Қайыпбергенов дөретиўшилигиниң өзи-ақ буған мысал.

Пидайы дәрежеде өзин-өзи тастыйқлаў адамның мудамы «Менин» тастыйқлаўға умтылыўларында емес, ал оның өзи хызмет етип атырған иси, өзиниң халқы, өз Ўатанласларына пайдасы туўралы ойы басым болыўында. Адамның өмириниң мәниси өзиниң «Менин» улығлаў ҳәм тастыйқлаў менен шегараланып қалар екен, онда оның өзин-өзи тастыйқлаўы бираз гүманлы.

Өзин-өзи тастыйқлаў, сөз жоқ, адам тәрепинен қойылған ҳәм орынланған өмирлик мақсетлерди әмелге асырыўдың мили нәтийжеси. Басқаша айтқанда өзин-өзи тастыйқлаў проблемасын анализлемей өмирдиң мәнисин илимий анализлеў ҳәм қыйын. Адам өмирден кетеди. Оның қолы ҳәм мийи менен исленген дөретпелер қалады ҳәм адамларға хызмет етеди. Адамның хызметин белгилилигин даңқын мойынлаўға, ҳүрметлеўге ҳ.т.б байланыслы гәп болғанында, сол нәрсе анық, ол анық жеке адамның өзин-өзи тастыйқлаўының зәрүрли белгиси бола алмайды ҳәм оның анықламасына кирмейди. Мәселен, Рембрандттың, Ван Гогтың ямаса Гогенниң картиналары заманласлары тәрепинен тән алынбады ҳәм сүўретшилер аш-әптадаллықта дүньядан өтти. Бул жағдай олардың искусстводағы өзин-өзи тастыйқлаўын бийкарлай аларма екен? Даңқ, тән алыў адамзаттың ҳәмме генийине өмиринде келе бермейди. Өзин-өзи тастыйқлаўда ең баслысы сол: тән алыў емес, ал адамның оның искерлигиниң продуктларында предметлесиўиниң объектив нәтийжелери. Оның устине даңқ адамға егер ол қылғын ис турарлық болса өзи ҳәм келе бермей ме?! Өзин-өзи тастыйқлаўдың тийкарғы стимулы искерликтиң өзи емес, ал искерликтиң нәтийжеси. Ал даңқ, белгилилик, тән алыўлар өзин-өзи тастыйклаўдың көбирек эгоистлик бағдарына қарай тартады. Тек ғана пидайы, өзин-өзи тастыйқлаў ғана адамға қуўаныш, табыслы атқарылған иске қанаатланыў, жетискен нәтийжелер ушын мақтаныш хәм жәмийет тәрепинен тән алыў мақтанышын болдырды.

Усындай өзин-өзи тастыйқлаў ғанахақыйқый өзинен-өзи қанаатланыўдың дәреги болыўы мүмкин. Бул социаллық сезимди Б.Спиноза ўақтында «адам өзин-өзи ҳәм өзиниң ҳәрекетке уқыбын сезгеннен кейин жүзеге келетуғын ләззет»[53] деген еди. «Эгоистлик» өзин-өзи тастыйқлаў адам өз-өзиниң мийнетиниң нәтийжесинде көриўге имканият бермейди. Ол анаў я мынаў дәрежеде өзин сүйиўин қанаатландырыўы мүмкин, бирақ ҳакыйқый өзинен-өзи қанаатланыўға мүмкиншилик бермейди.

Шын мәнисинде эгоистлик мотивлерге тийкарланған өзин-өзи тастыйқлаў туўралы батыс европалы психологлар ҳәм философлар да айтады. Мәселен, Т.Шибутанидиң тастыйқлаўы бойынша, өзин-өзи әмелге асырыўға ҳәм өзин-өзи тастыйқлаўға умтылыўшы адамлар ҳешқашан ҳәм досларға ийе болыўға имканияты жоқ болыў менен бирге өзлериниң жоқары жағдайы ушын руўҳы түскен үмитсиз гүресинде өзлери менен қатнаста болған дерлик ҳәр бир адамды ийтерип жибереди.[54]

Өзин-өзи тастыйқлаўдың ғәрезсиз елимиздеги жағдайы әлбетте оның социаллық-экономикалық, мәдений қатнасларының ҳеш бир «измди» қайталанбайтуғын дүзимге тән түпкиликли өзгерислери менен байланыслы. Ең алды менен адамның ийгилигине бағдарланған раўажланыў процесси өз жемисин бермекте. Бул бойынша дурыс түсинилген жеке мәп пенен жәмийетлик мәптиң принципиаллық дәрежеде бирлигиниң түпкиликлилиги көзге тасланбайды. Сол нәрсени айырықша айтыўымыз керек, раўажланыўдың өзбек модели ғәрезсизлик жылларында үлкен сынаўлардан өтти. Айырықша жәҳән бирге ислесиўи, экономистлер, сиясатшылар ҳ.т.б бул атамаға 2008 жылдан баслап, жәҳәнде даўам етип атырған финанслық – экономикалық кризис пайытында көбирек итибар бере баслады.

«Өзбек моделинин» теориялық – концептуал тийкарлары тийкарынан Журтбасымыздың «Өзбекстанның өз жаңаланыў ҳәм раўажланыў жолы» (1992 - жыл), «Өзбекистан – базар мүнәсибетлерине өтиўдиң өзине тән

[53] Спиноза Б Избранные произв. Т.1.М., 1957. С.513.
[54]Шибутани Т. Социальная психология. С.371.

жолы» (1993 - жыл), «Уллы мақсет жолынан бармақтамыз» (1993 - жыл) сыяқлы мийнетлеринде терең, ҳәр тәреплеме пухта исленип шығылды.

Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларында-ақ Президент И.Каримов мәмлекетимизди терең кризистен шығарыў, оны дүньяның раўажланған мәмлекетлери қатарына қосыўдың илимий жақтан тийкарланған бағдарламасын ислеп шығыў зәрүрлигине итибарды қаратты. «Халқымызды, жәмийетимизди жалб қылатуғын мақсетлерди, - деген еди Журтбасымыз, - яғный раўажланыў бағдарламасын белгилер екенбиз, бул бағдарламаға көпшилик қандай мүнәсибетте болмағын билиўимиз зәрүр. Бул бағдарлама жумысшыға мақул ма? Дийханға ше? Далада қой, қозысын бағып жүрген шопанға ше? Муғәллимлер, шыпакерлер… қулласы Өзбекистанда жасап атырған ҳәм мийнет етип атырған инсанларға бул бағдарлама мақул түсе ме який жоқ па? Әне усы сораўға жуўап излеўимиз керек. Бул мүҳим мәселениң екинши тараны бар. Хош, биз өзимиз таңлаған ҳәм мақул деп тапқан идеяны тәрийплеўге, түсиндириўге, адамларды соған ертиўге таярмыз ба? Бул уллы идеяны адамлар жүрегине жеткизе аламыз ба, жоқ па?

Қулласы, қәлибке барып жететуғын ғурурды қәдди – қәўметти тик ететуғын бир санамызға жақтылық бағышлайтуғын уллы мақсет болса ғана биз бәрше Ўатанласларымызды ертиўимиз, уйғынластырыўымыз, кейин болса таўды ҳәм талқан етиўимиз мүмкин.

Соны кәмил исеним менен айтыўмыз зәрүр, алдымызда турған уллы ўазыйпаларды, миллет ҳәм халық тәғдийрин белгилеўши, ҳәр қандай тайпаның, ҳәр бир пуқараның жүрегине жетип баратуғын олий жаноб мақсетлерди усы бир ярым жыллық мүддет жаңаланыў дәўиринде түўел аңлап алдық.

Енди әне усы мақсетлерди әмелге асырыў ушын туўры анық жол керек. Адасыўға, гә ояққа гә буяққа ығысып жүриўге, өтмиш қәтелерин тәкирарлаўға ўақтымыз ҳәм ҳақымыз ҳәм жоқ. Бул жол заманымызға,

халқымыздың үрп-әдетлерине, дәстүрлерине, турмыс образына, миллий идрок ҳәм ифтихоримизга мас болыўы шәрт.[55]

«Өзбек модели»ниң ең муҳим тәреплериниң бири республикамызда түпкиликли экономикалық реформалар өткизиўде стратегиялық ўазыйпалардың белгилеп алынғанлығы олар төмендегилерден ибарат еди: адамлар турмысын жақсылайтуғын, мунтазам раўажланып баратуғын экономикалық системаны жүзеге келтириў; көп укладлы экономиканы жүзеге келтириў; кәрханалар ҳәм пуқараларға көп кең экономикалық еркинлик бериў; жәҳән экономикасына интеграцияласып барыў; экономиканы, финанслық аўҳалды турақластырыў; экономиканың структурасын қайта қурыў, алдыңғы технологияларды қолланыў; кең көлемде аграр реформалар өткизиў; халықты азық-аўкат пенен тәмийнлеў; мәмлекетимиз экспорт қуўатын жедел раўажландырыў; шет еллик инвестицияларға байланыслы ашық есиклер сиясатын жүргизиў.

Бул стратегиялық мақсетлер ҳаслында жүдә пухта ойланып, илимий тәрептен тийкарлап берилген практиканың нәтийжеси. Бунда, гүмансыз мәмлекетимиз экономикасының өткен әсирдиң 90-жыллары басындағы халаты, миллий өзгешеликлер, сондай-ақ дүньяның раўажланған мәмлекетлери практикасы уйғынлығына итибар берилген. Басқаша айтқанда, айтылып өтилген стратегиялық мақсетлер бас нәтийжеде «өзбек модели»ниң состав бөлеклери ҳәм есапланады.

«Өзбек модели» тек ғана экономикалық тараўларды өз ишине алмайды. Өзбекистан гәрезсизликке ерисиў менен экономикалық раўажланыў мәселелери менен бир ўақыттың өзинде миллий мәмлекетшиликти ҳәм мәдений – манаўий мийрасты тиклеў, раўажландырыў, жәмийеттиң социаллық – класслық дүзилмесин орнықтырыў ҳәм ғәрезсиз раўажланыў талап қылатуғын жаңа кадрлар корпусын қәлиплестириў мәселелерин ҳал қылыўы лазым еди.

---

[55] Қараңыз: Каримов И.Буюк мақсад йўлидан оғишмайлик-Т.: Узбекистон, 1993. 5-6 бетлер.

Алымларымыздың пикирлеўинше, Германия, Япония, Швеция, Түслик Корея, Франция, Қытай моделлери көбирек экономикалық моделлер еди. Бул моделлерде сиясий, социаллық ҳәм мәнаўий тәреплер бөлек ажыралып турған емес. Себеби бул мәмлекетлердиң биреўинде ҳәм миллий мәмлекетшиликти, мәдений мийрасты ҳәм ана тилин тиклеў мәселеси күн тәртибинде актуал болған емес (тек Түслик Кореяда мәмлекет қурылысы актуал болған).[56]

Қулласы, бул стратегиялық мақсетлер ҳәм соған ылайықлы ўазыйпалар тийкарында жәмийеттиң ҳәмме сфералары бойынша әмелге асырылған ислер, тағы бир қайталаймыз,инсанның ийгилигине бағдарланар екен, елимизде өзин-өзи әмелге асырыў, өзин-өзи тастыйықлаў ушын кең жол ашылғанын аңлатады.

Әлбетте өзи-өзи тастыйықлаў процессиниң мудамы жәмийетлик мәниске ийе болыўы ҳәм аңсат емес. Оның үстине, өзин-өзи тастыйықлаў жәмийетке қарсы бағдарланған процессинде ҳәм кеше бериўи мүмкин.Мәселенкиден, өзин-өзи тастыйқлаўды адамның жәмийеттеги өзиниң роли ҳаққында көз-қарасы менен оның жамийетлик баҳасы, оның статусы арасындағы қарсылықтың шешилиўи менен байланыстырайық. Пикиримизше, бул қарсылықтың шешилиўи, биринширен, жәмийеттиң мәплерине жуўап бермейтуғын искерликте болыўы ҳәм мүмкин, екиншиден, иске асырылғанда ҳәм принципиаллық жақтан жаңа жәмийетимиз моралы менен сыйыспайтуғын қураллар менен әмелге асырылыўы тәәжип емес.

«Мақсет қуралды ақлайды» принципи жәмийетимиз ағзалары ушын қабыл етиўге жарамайды. Ғәрезсиз елимиз қурылысының жоқары мақсетлери соған сәйкес оларды әмелге асырыў қуралларын ҳәм талап етеди. Соның ушын жәмийетке өзин-өзи тастыйқлаўға болдырмаўға искерликтиң характеринде де оны әмелге асыратуғын қуралға ҳәм немқурайлы, итибарсыз қатнас жасай алмайды. Жалганлық, парахорлық, жағымпазлық, әмелпаразлық, биреўлерге пәнт бериў ҳ.т.б өзин-өзи тастыйықлаўдың

[56] Эркаев А. Маънавият ва тараққиёт. –Тошкент, 2009. 244-б.

қураллары сыпатында бул процесске жәмийетке қарсы характер енгизеди. Жәмийетимиздеженқиллескен бағдарламалар менен өзлерин-өзлери тастыйықлаўға орентациялаған кимселер де жоқ емес. Демек өзин-өзи тастыйықлаўды жоқары әдеп-икрамлық сапалар ҳәм раўажланған усылларды талап ететуғын пидәкерлик мийнет етиў менен емес, ал ҳадал емес, айналма жоллар менен болдырыўға умтылады. Жәмийет елимизде адамның өзин-өзи тастыйықлаўының бир усылын соңғы пайытлар мәлим қурғын жасаўға ерисиў менен байланысы менен көзге тасланбақта. Бул тенденцияның тийкарында мийнет бар, сол ушын ҳәм ол унамсыз емес. Деген менен қурғын жасаўдың даўамы гейде мийнеттиң арқасында әмелге асырыўдың өзин-өзи тастыйықлаўының орнына қәўпеки ҳүжжетлестириў бизнесине ылайық салық төлемеў, тиккелей алдаўшылық ҳ.т.б. байлық топлаўға умтылыў тенденциялары ҳәм жоқ емес. Бир мысал. 2013 жылдың августының орталарында Қарақалпақстан телеканалы арқалы мәлим бир фермер менен теле жүргизиўшиниң қысқа сәўбети көрсетилди.Фермер 34 гектар жерге пахта еккен, бирақ пахтасы бир мәртебе ҳәм оталмаған, суўғарылмаған.Тележүргизиўши сорап атыр: - 34 гектар пахта жериңиз бар екен, мынаў аўҳалы: ҳәр жерде бир түп ғаўаша, барлық жерди сора басып кеткен. Енди не иләж қылмақшысыз?

Фермер жуўап береди: - Не қыламыз?... Тәрбия беремиз…

Фермердиң бул гәпине кимниң де ғәзеби келмесилиги мүмкин емес. 15 августта пахта ашылып атырған ўақыт пахтаның енди қандай тәрбиясы туўралы гәп болыўы мүмкин?

Сондай-ақ айтыўымыз керек, ғәрезсиз раўажланыўға тийкар жәмийетимиз меншиктиң ҳәмме түрлериниң пәраўан өмир сүриўи ҳәм раўажланыўына ылайық алға илгерлемекте. Әсиресе киши бизнес ҳәм исбилерменликти күшейтиў халқымыз қурғынлығының бирден-бир дәреги екенлиги даўсыз. Деген менен «байыў ушын байыў» установкасына ийе ҳам оны өзин-өзи тастыйықлаўдың қуралы сыпатында қолланыўшы кимселер ҳам жоқ емес. Булар ҳақыйқый мийнетлик емес үлестиң есабынан жәмийетлик

артықмаш абыройға ийе болыўға ҳам өзин-өзи тастыйықлаўға умтылыўшыларға қарағанда тәўирдей көрингени менен елимизде орнап атырған пуқаралық жәмийет ушын, бәрибир антинодлық характерге ийе. Бундай антинодларға протекционизм, топарлық, ҳәмелпаразлық ҳ.т.б. киреди.Бул аты айтылған ҳәм айтылмаған жағдайларда жеке адам өзин-өзин исшеӊ искерлиги аркасында емес, ал қосымша шараятлардан пайдаланған ҳалда өзин жеке адам, шахс сыпатында тастыйықлайды. Бундай өзин-өзин тастыйықлаў, әлбетте шын мәнисинде өзин-өзи әмелге асырыўдың нызамлы ақыбети нәтийжеси бола алмайды. Сол ушын да ондағы ҳақыйқатсызлық, жалғанлық қаншама бүркенишке ийе болса ҳәм көзге тасланып турады. Күнделикли өмирде биреўдиӊ искерлик, әдеп-икрамлық, улыўма адамгершилик қәсийетлери есапқа алынбастан, айтайық, директор басқарыўшы ҳ.т.б. лаўазымларына қойылар екен, дәрҳал бул жағдай жәмийетлик пикирдиӊ талқылаўына түседи. Халық айтса қалпы айтпайды деген. Бул исте кимниӊ қолы бар екенлигин ҳәм билип алады. Наразылық пайда болады. Себеби халық бундай баслықтын қосымша шараятлар арқасында өзин-өзи тастыйықлап жүргенин билер екен, енди өз жәмәәтинде оған жол қойғысы келмейди. Егер жол қойса, жәмәәниӊ бир адамдай болып жан бере пидәйы ислеген иси ҳәм оның нәтийжеси оннан бийгәналасады, жырақласады. Атақ-абырой, қалақ-қулақ басшыға өте береди. Жеке адамлардың озлерин-өзлери тастыйықлаўы ярым жолда қалады деген сөз.

Жәмийетимизге ҳадал, пидәйы мийнет жеке адамлық қәсийетлердиӊ жетилиўи ҳәм олардың раўажланыўы ғана жеке адамның өзин-өзи тастыйықлаўының беккем тийкары, оны тәртипке салыўшы фактор әдеп-икрамлықтағы мийнетлик пенен улыўма инсанийлықтың бирлиги болып табылады.

Ҳәр бир адамның улыўма иске үлеси оның уқыпларына сәйкес келиўи тийис. Бул уқыпларын ол жоқары дәрежеде көрсетиўи, раўажландырыўы ҳәм әмелге асырыў тийис. Керисинше жағдайда ол өзиниӊ уқыплары дәрежесинде емес ҳалатта мийнет етеди. Соның ушын жәмийеттиӊ

ағзасының өзин-өзи әмелге асырыўы – бул жәмийетлик ис, жәмийеттиң ҳәмме сфераларын түпкиликли қайта қурыўдағы әҳмийетли жоллардың бири.

Инсанның өзин-өзи тастыйқлаўы процесиндеги оның жеке адам сыпатында орнын ҳәм ролин ҳеш ҳәм бийкарламастан оны биротала автономиялы, қоршаған ортаның тәсийринен баспүкил еркин қубылыс сыпатында қараў натуўры. Неге дегенде адамды қоршаған социаллық орта оның өзин-өзи тастыйқлаўына мудамы тәсир етеди. Социаллық ортада айрықша кесимди-тәрбиялық ортаны бөлип алып көрсетиў мүмкин. Бирақ тәрбиялық орта оның айрықша сондай бөлеги, оның функциясы арнаўлы тәрбиялық тәсирди қамтыйды. Тәрбиялық орта – бул затлық ҳәм жеке адамның элементлердиң турақлы жыйындысы ҳәм олар менен субъект билимлендириў ҳәм адамның тәрбиясын әмелге асырыўшы ҳәм жеке адам сыпатында қәлиплесиўине социаллық тәсир етиўши институтлар рамкасында олар менен өз-ара тәсирде болады.

Ғәрезсиз елимизде тәрбия ортасы оқыў орынлары, мийнет коллективлери, мектептен тысқары мәкемелер, мәдeният мекемелерин жақсырақ бирлестирген тәрбия комплексленинен турады. Әлбетте бул жумыстың ядросы жәмийетлик  пайдалы мийнет ҳәм әсиресе жаңа әўладтың қәлиплесиўиниң тийкарғы буўыны мийнет жәмәәлери болып табылады. Мийнет жәмәәлерине тийкарынан информациялық, орта жаратыўшылық, шөлкемлестириўшилик-тәмийнлеўшилик жеке адамлар ҳәм миллетлер аралық мәдений қарым-қатнасық орайы, социаллық қадағалаў функцияларын атқара отырып, миллийлик пенен улыўмаинсаныйлықтың бирлигине таянған ҳақыйқый тәрбия мектеби болады.

Әлбетте бул мәселеде мәҳәлле мәдений - қәўимниң роли өз алдына. Ол ахыры пуқаралардың өзин-өзи басқарыў органы сыпатында әсиресе тәрбиялық функцияны қараўы менен жәмийеттиң басқа тармақларынан өзиншеликке ийелиги менен ажыралып турады. Мәҳәлле менен қәўимниң мәнисин тәрбия мәсканы сыпатында ролиниң басымлығы соншелли оны ҳәм ата ҳәм ана деп әйтеўир атамаған. Бул ҳикметли нақылды әне усы турмыслық

ҳақыйқаттың сәўлелениўи сыпатында қабыл қыламыз. Ол әсиресе адамның индивидуаллығын қәлиплестириў, өмирдиң мақсетин әмелге асырыўға умтылдырыў ҳ.т.б бойынша инсанлардың социаллық активлигин күшейтеди.

О.Н.Крутова индивидуллықтың мәнисин адамның ҳақыйқатлыққа инталылыққа ийе қатнасы менен байланыстырады.[57] Бундай көз-қарас пикиримизше, қуўатлаўға турарлық. Неге дегенде индивидуаллықтың мәниси индивидтиң басқалардан өзгешеликлери менен, қайталанбаўшылық пенен, жеке адамлық, шахслық келбети ҳәм басқаларды қайталамайды ғой. Егер индивидуаллықтың мәнисин оның реаль мәплери, оның дүньяға практикалық қатнасы, өмириниң мәниси ҳәм мақсетиниң бағдарланыўын түсинсек, онда адамның ҳақыйқатлыққа инталы қатнасының тийкарғы параметрлери ашық-айдын болады. Усы себепли де өмирдиң мәниси ҳәм мақсети адамның индивидуаллығының улыўмаластырылған көрсеткишин аңлатады.

Усылай екен, мәҳәлле, мәкан, мешит-қәўимниң тәрбия комплексинде орнын ҳәм ролин айтар екенбиз, оның турмысы менен байланыслы көп ғана қәдриятлар, үрп-әдет, дәстүрлеримиз қайта тикленип заман талаплары тийкарында байып бармақта. Соның менен бирге, мәҳәлле, мәкан, мешит-қәўимлердиң ҳуқық ҳәм ўәкилликлери кеңеймекте, олар бүгинлигинде өзин-өзи басқарыў орны, ҳақыйқый демократия мектеби сыпатынада кең көлемде ис алып бармақта. Оның үстине, мәҳәлле, мәканның жәмийеттеги орны ҳәм роли конституциялық тийкарда бекиген.

Адамның өзин-өзи тастыйқлаўда, әлбетте тәлим-тәрбия системасының орны ҳәм роли жүдә айрықша. Әсиресе ҳәр бир ата-ана, устаз ҳәм мураббийдиң ҳәр бир бала тымсалында алды менен жеке адамды көриўи тийислигин ҳәм буның тәлим-тәрбия саласының тийкарғы мақсети ҳәм ўазыйпасы болыўы лазым деп түсиниўимиз дәркар.

Тағы да қайталаймыз, тәлимди тәрбиядан, тәрбияны тәлимнен ажыратыўды тақыйқлаған шығыслық көз-қарас ҳәм шығыслық турмыс

[57] Қараңыз: Крутова О.Н. Проблема человека в социальной философии. М., 1990. С 95-96.

философиясына ылайық ис тутыў, әлбетте ең алды менен жас әўладтың өзин-өзи тастыйқлаўының таянышы болыўы сөзсиз.

Әлбетте, бул айтылғанлар менен адамның ҳәртәреплеме раўажланыўының оның өмириниң мақсетин ҳәм мәнисин аңлатыўы ҳәм бул бойынша өзин-өзи әмелге асырыў, өзин-өзи тастыйқлаў мәселелери тамамланбайды. Айтайық, мудамы үзликсиз инсанийат мәдениятын өзлестириў адамның универсаллық ҳәм гармониялық раўажланыўға ийе болыўы қыйын. Тек бул емес, басқа да мәселелердиң адамның өзин-өзи әмелге асырыўы ҳәм булардың өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин аңлатыўы туўралы пикирлеў жүргизиў зәрүрлиги бар. Олар ҳәм көп кешиктире бермей изертлеў объекти болыў талап етеди.

## Жуўмақлаў

**Жумыстың нәтийжелери бойынша жуўмақлар:**

1) Адамның өмириниң мақсети ҳәм мәниси мәселеси социаллық-гуманитар ой, әсиресе философияда оның пүткил тарийхында мудамы қаралып келген. Көз-қараслар бирдей емес: материалистлик позициялар бар. Оларды әййемги Шығыс ҳәм Батыс философиясы үлгилеринен баслап усы бүгинги XXI әсирге дейинги аралыққа қатнаслы анализлеў мүмкин. Әсиресе адамның өмир сүриўи ҳәм жасаўына байланыслы заманагөй көз-қараслар ишинде экзистенциализмниң орны айрықша. Ҳәмме нәрсени инсан тийкарынан туўынды деп қарайды. Бул гуманистлик қатнас инсанның өмир сүриў, жасаўының детерминация менен байланыссыз қалып қояды.

2) Адамның мәниси, тийкары – жәмийетлик мақлуқат, усы себепли де оның өмириниң мәниси жәмийет пенен жеке адамның мәплериниң кесиспесинде ғана табылыўы мүмкин.

3) Өмирдиң мәниси адамлардың турмыс образының мәниси ҳаққында мәселе, сөз жоқ, адамлардың баҳалық қәлеўлери, установкалары, материаллық ҳәм руўҳый талапларының қанаатланыўы туўралы мәселе.

4) Адам өмиринин мақсети ҳәм мәниси мәселесин түсиниўде «ийелик етиў», «адам болып қалыў» установкаларының орны ҳәм роли басым. З.Фреидтиң, Э.Фроммның көз-қарасларынша тек ийелик ете бериўге умтылатуғын адам – невротик адам. Ағзалары анальлыққа ийе, саў емес, тек ийелик ете берсе…

5) Адам өмириниң мақсети ҳәм мәниси адамнын социалласыў, индивидуалласыў мәселелери менен тығыз байланыслы.

6) Өмирдиң мақсетин, мәнисин түсиниўде о дүнья деп бул дүньяны, бул дүнья деп о дүньяны умытпаў ибарасының әҳмийети уллы.

7) Инсанның өмирдиң мақсети ҳәм мәнисин аңлаўында массалық мәденияттың унамсыз тасийри бар.

8) Инсанның өмири ҳәм өлими мәселесин түсиниў бойынша толғанıслар ҳәрқыйлы дәрежеде – жеке адам, мийнет коллективи ҳ.т.б болыўы мүмкин.

Бул мәселени түсинияде тийкарғы линияны жоғалтыў қыйыншылықларға алып келиўи мүмкин.

9) Адам өзиниң уқыпларының, дағдыларының дөретиўшилик искерликлериниң еркин жүзеге шығыўында өмиринин мақсетиниң мәнисин көрер екен, бул оның өзин-өзи әмелге асырыўының дәрежеси ҳәм оның ҳәртәреплеме раўажланыўы менен байланыслы.

10) Адамның өзин-өзи әмелге асырыўы тарийхый процесс. Бурынғы Аўқам тусында адамның бийганаласыў, жатласыўы оған өзин-өзи әмелге асырыўға имканият бермеди. Тек ғәрезсизлик, оның жәмийеттиң социаллық-экономикалық ҳәм мәдений шараятларын түпкиликли қайта қурыўға тәсири инсанның өз мәнисин өзи ерикли ашыўына имканият берди. Буны адам искерлигиниң ҳәмме турлери бойынша да көриў мүмкин.

11) Президентимиз тәрепинен ҳәртәреплеме раўажланған әўлад мәселеси ғәрезсизлигимиздиң даслепки жылларында ақ қойылды. Бул ең алды менен тәлим – тәрбия системасы кардиналлық қайта қурыўлар менен байланыслы.

12) Гәп сонда, егер өмирдиң мәниси адам искерлигин ең алды менен оның бағдарланғанлығы, жетекши тенденциясы ҳәм мақсети характерлейди екен, инсан искерликтиң ҳәмме түрине де актив қатнасып ғана өз өмириниң мақсетине ҳәм мәнисине жетисе алады.

13) Ҳакыйқатында да раўажланыўдың ҳәртәреплемелигин бир стандарт, норма ҳ.т.б ерисиў сыпатында түсиниў надурыс. Бундай стандарт болыўы мүмкин емес, себеби улыўмалық жеке адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы индивидуаллық формаларының шексиз көплигин талап қылады.

14) Инсанның өз интасы менен жедел әмелге асырылатуғын искерлиги шын мәнисинде адамның еркин, дөретиўшилик искерлиги болып табылады.

15) Инсанның ҳәртәреплеме раўажланыўын оның барлық белгилериниң комплексинде анықлаў мүмкин.

16) Адам тек ғана тәбият пенен жәмийет процесинде өзгерип қоймастан өзин ҳәм өзгертеди, өзин-өзи дөретеди, өзиниң раўажланыўын тәртипке салып отырады.

17) Адамның ишки «өз мақсетлерин» ойлап ис тутыўы ҳәм умтылыўында мәлим жоқары мақсетлерди әмелге асырыўы жеке адамның өзин-өзи әмелге асырыўы есапланады.

18) Адамның өзин-өзи әмелге асырыўы бойынша Гегель, Фейербах тәлийматларында рационаллық дәнеше мол, оларды нәзерде тутыў зәрүрли.

19) Ғәрезсизлик тусындағы түпкиликли өзгерислердиң инсанның өзин-өзи әмелге асырыўы бойынша тәсийри өткен дәўирлер, әсиресе бурынғы Аўқам тусы менен салыстырғанда жүда айкынласады.

20) Адамның өзин-өзи әмелге асырыўы оның өзин-өзи билиўи менен тығыз байланыслы. Бул процессте сол нәрсе анықланады, адамды анаў я мынаў жумысты ислеўге мәжбүрлеў мүмкин. Бирақ оның анық өзин-өзи әмелге асырыўына мәжбүрлеў қыйын, болмайды да. Ахыры, адамда өзин-өзи әмелге асырыў ушын омирлик реже, мақсет болыўы тийис.

21) А.Маслоудың «өзин-өзи актуалластырыўы» мәлим дәрежеде адамның өзин-өзи әмелге асырыўына туўры келеди. Бирақ бул процессте алым сыртқы факторларды нәзерде тутпайды.

22) Өзин-өзи әмелге асырыў адамның негиз, тийкар күшлерин предметлестириў, соның ушын да, ол өмирдиң мақсети әмелге асырыў процесси болады. Өзин-өзи тастыйқлаў нәтийжелик, жуўмақлық характерге ийе. Ол өзин-өзи әмелге асырыўдың нәтийжелик, жуўмағын аңлатады, ҳәттеки өзин-өзи әмелге асырыўдың ақыбети десек ҳәм оншелли натуўры болмаса керек.

23) Өзин-өзи тастыйқлаў, сөз жоқ, адам тәрепинен қойылған өмирлик мақсетлерди әмелге асырыўдың нәтийжеси.

Усылар менен бирге айтыўымыз керек, бул жуўмақлар қаншама әҳмийетли болыўына қарамастан гейбир моментлерге итибар берилсе шеп болмас еди.

1) Адамның ҳәртәреплеме раўажланыўы адам өмириниң мақсети ҳәм мәнисин саўлелендирер екен, ол бир күнлик я бир жыллық жумыс емес, узаққа созылатуғын процесс. Ол әсиресе адамлардың социаллық

қатнасларына ийелик етиўи менен байланыслы. Бул бойынша, әсиресе жаслар ушын мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ислерди басқарыўга қатнасы бойынша оқыўлар, дискуссиялық илажлар шөлкемлестирилиўи лазым.

2) Базар экономикасы қатнаслары - бул либераллясқан, демек еркинлескен қатнаслар. Бирақ ол жуўапкершиликти ойламаў, ким ойына не келсе, соны ислей беремен деген емес. «Ийелик етиўден» басқа «адам болып қалыў» барын ҳәмме адам аңлап жете бермейди. Бул ушын арнаўлы лектор шақыртып, лекция оқыўды шөлкемлестире бериў шәрт емес. Өмирдиң мақсетин хәм мәнисин проблемалық аспектте сәўлелендире алатуғын әдебий дөретпелер керек, әсиресе көркем фильмлер жаратыў зәрүрли. Ҳәзир елимизде кинофильмлер, телефильмлердиң шығарылыўы баршылық. Бирақ көпшилиги жүдә сыйқақланып, бирин-бири «қайталаўға» өткен.

3) Көп ғана руўҳыятымызға зәрүрли мағлыўматты өтмишимизден алатуғынымызды ҳешким де бийкарламаса керек. Бул бағдарда қарақалпақ ҳалкының тарийхын кунт пенен үйрениў зәрүрлиги пайда болады. Ол көп жағдайда мектеп, лицей, колледж, жоқарғы оқыў орнында Қарақалпақстан тарийхының оқытылыўына дыққаттың күшейиўин талап етеди. Әсиресе Қарақалпақстан тарийхына мөлшерленген лекциялық ҳәм практикалық саатларды көбейтиў мәселеси қойылыўы ҳәм унамлы шешилиўи тийис.

## Пайдалынылған әдебиятлар дизми

1. Конституция Республики Узбекистан Т., 2012.

2. Конституция Республики Каракалпакстан Н., 2006.

3. Каримов И. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. 5-жилд. Тошкент, 1997. 120-б.

4. Каримов И. Юксак маънавият – енгилмас куч. Т., «Маънавият». 2008. 117-б.

5. Каримов И. Углубление демографических реформ и формирование гражданского общества-основа будущего Узбекистана. Доклад на торжественном собрании, посвященном 21 годовщине Конституции Республики Узбекистан 7 декабря, 2013 год. Т., «Узбекистон» 2013. С.48.

6. Каримов И. Гармонично развитое население-основа прогресса Узбекистана Президента Ислама Каримова на девятой сессий Олий Мажлиса Республики Узбекистан 29 августа 1997 года // Гармонично развитое население основа прогресса Узбекистана. 1998. С.4-19.

7. Каримов И.А. Узбекистан: национальная независимость экономика, политика, идеология. Речи статьи, интервью. Т., «Узбекистон».

8. Каримов И.Буюк мақсад йўлидан оғишмайлик-Т.: Узбекистон, 1993. 5-6 бетлер.

9. Тынышлық ҳәм татыўлық – елимиз раўажланыўының ҳәм халқымыз пәраўанлығының тийкары // Еркин Қарақалпақстан. 2014-жыл, 13-май.

10. Абу Райхан Беруни. Минералогия // Вкн: Собрание сведений для познания драгоценностей. М., 1963. С.12.

11. Ананьев Б.Г.Изб.психологич. Турды. Т.1. М., 1980. С.67.

12. Айымбетов Қ. Халық даналығы. Н., «Қарақалпақстан» 1988. 147-161-бетлер; Пахратдинов А. Қыссаханлыққа кеўил бөлейик // Әмиўдәрья 1991. №9 104-б.

13. Алимбетов Ю. Адам философиялық проблема сыпатында. Н.2009. 19. Ниязымбетов М. Инсон – мақсад моделининг жамият тараққиётидаги ўрни // ҚМУ дың Хабаршысы. 2009. 81-84 б.

14. Баранов В.Е. Философия личностного бытия СПБ. Изд-во во СпБПгУ 2008.
15. Бутенко А.П. Природа культа и характер личности // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990 с 133-149;
16. Бэкон Ф. Соч.в 2-х томах Т.1. М., 1977. С.458.
17. Буева Л.П. Общественная детерминация и управление формированием личности // Проблема управления процессом воспитания (материалы симпозиума) М., 1991. С.28-29.
18. Вопросы философии 1987 32: Ю.В. Бромлей, Спирин Е.А. Е.Н.Казначаев, А.Н.Карпинская Р.С.Собкин, В.С. Филиппов мақалалары; «Вопросы философии» 1989 №2
19. Гайда А.В. Китаев В.В. Власть и человек // Философские науки 1990 №4;
20. Гольбах П. Избр.произв. в 2-томах. Т.1. М., 1963 с. 675.
21. Гегель Г. Соч. Т.,VIII. М. Л. 1985. С.18.
22. Гегель Г. Эстетика Т.1 М., 1968 с 54.
23. Гегель Г. Соч., М., - Л, 1934 с.222.
24. Джахая Л.Г.Мир человека и человек в мире в сфере нового философского мышления // Философские науки 1990.
25. Достоевский Ф.М.Полн. собр. Соч. в 30 томах. Т.5. М., 1973. С.117.
26. Инговатов В.Ю. Смысл человеческого существования опыт философии нравственности Барнаул. Изд-во Алтайского государственного технического университета 2000.
27. Иконников Н.И. Бытие человека как целостная система М., 2004. Автореферат.
28. Иконникова С.Н. Проблема всестороннего и гармонического развития личности // Духовная культура и личность. Сб. научных трудов. Т.48. М.1991. с.44.
29. Крутова О.Н. Проблема человека в социальной философии М., Наука. 1990.
30. Кант И. Соч. В 6- т. Т.5-М.: 1966-с.469.

31. Красин А.Н. Социально-философские проблемы становления личности. М., 1991. С.90.
32. Ильенков Э.В. Что же такое личность // С чего начинаетсья личность. М., 1983 с 319-344.
33. Ломов Б.Личность в системе общественных отношений – Психологический журнал. 1981.
34. Мясникова Л.А. Тайна и смысл индивидуального бытия. Екатеринбург Изд-во Уральского университет 1993; Полубабкина Самореализация личности. М., 1995.
35.Материалы международной научно-практической конференции студентов, молодых ученых аспирантов, преподователей «Мир науки и духовной культуры в современных условиях, посвященной году молодежи в республике Узбекистан» Н., 2008; Олий таълим тизимида илм-фан хамкорлигининг долзарб масалалари. Навои. 2013.
36. Лапин В.П.Социальные ценности и реформы в Кризисой Росии // Социологические исследования. 1999. №9. С.18-19.
37. Ниязымбетов М. Инсон – мақсад моделининг жамият тараққиётидаги ўрни // ҚМУ дың Хабаршысы. 2009. 81-84 б.
38. Грицанов А.А. Экзистенциализм // Новейший философский словарь. Минск, 1998 с 873-874.
39. Отабаев Ш. Инсон ва биосфера. Т.1995.
40. Пахратдинов А. Қыссаханлыққа кеўил бөлейик // Әмиўдәрья 1991. №9 104-б.
41. Печчеи А. Человеческие качества. М., 1990. С.37.
42. Т.Г.Румянцева Ницше // Новейший философский словарь. Минск., 1998. С.467-469.
43. Рубинштеин С.Л. Основы общей психологии. М., 1946. С.603.
44. Рахманов К. Қосықлар, пьесалар, миниатюралар. Н., 1982. 84 б.
45. Спиноза Б. Этика М.Л, 1932 с.197.
46. Спиноза Б Избранные произв. Т.1.М., 1957. С.513.

47. Сартр Ж. –П. Экзистенциализм- это гуманизм // Ф.Ницше, З.Фреид, Э.Фромм, А.Каню, Ж.-П.Сартр Сумерки богов. М., 1989. С.344.
48. Степанянц Н.Г. Человек в традиционном обществе // Вопросы философии 1991 №3.
49. Трубников Н.Н. Проспект книги о смысл жизни // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990. с.425-447;
50. Толстой. Соч. Т.20-М., 1961 с.69.
51. Фролов И.Т. Возвращение к человеку // Квинтэссенция. Философский альманах М., 1990 с.10-17.
52. Фалсафа ва фанлар методологияси Омонулла Файзуллаев илмий назария ўқишлари материаллари Т.2013; Миллий ғәрезизлик идеясы: перспективалар ҳәм машқалалар. Н., 2005; Миллий ғоя-бизнинг ғоя. Андижон.2006;
53. Философский энциклопедический словарь. М., 1983. 148-б.
54. Фейербах Л. Избранные философские произведения. Т.I. М., 1955.с.343.
55. Фейербах Л. Избр.филос.произв.Т.1 с.343-344.
56. Фейербах Л. Избр.филос.произв. ТII. С.377.
57. Фейербах. Л.Избр. филос. произв.Т.1. М., 1955. С.622-623.
58. Франкл В. Человек в поисках смысла М., 1990. С.25.
59. Фромм Э. Иметь или быть М., 1986 с 110.
60. Шибутани Т. Социальная психология. С.371.
61. Эркаев А. Маънавият ва тараққиёт. –Тошкент, 2009. 244-б.
62. Ясперс К. Духовная ситуация времен // Ясперс К. Смысл и назначение истории. М., 1991. С. 338.